ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

*Наукон-методикон журнал*

# Р У Х С Т А У Æ Г

## 2 (2011)

Дзæуджыхъæу 2011

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Редактор*** – Майрæмыхъуаты Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Дзытиаты Эммæ, Исахъты Людмилæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ, Хабæты Риммæ, Хозиты Эльвирæ, Хъамболты Тамерлан, Цопанты Ритæ***

*Журналы æддаг цъарыл – Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы æхуыргæнджытæ.*

© СО РИПКРО

## НОМЫРЫ ИС:

## НÆ АХУЫРГÆНÆДЖЫ МЫСГÆЙÆ

ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ. ........ 8

## ФÆЛТÆРДДЗИНАД: БАФÆЗМ ÆЙ

АХУЫРГÆНÆДЖЫ УДУÆЛДАЙ ФÆЛЛОЙ ........ 9

## КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

2011 АЗЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ
ХУЫЗДÆР АХУЫРГÆНÆГ........ 11

**Хлойты Лейлæ** ........ 11

**Габеты Зæлинæ** ........ 15

**Гæззаты Иринæ** ........ 19

ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ ÆРЫГОН
АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ФЕМБÆЛД ........ 22

РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС
«ХУЫЗДÆР МЕТОДИКОН ÆВÆРÆН»........ 23

**Цуцаты Розæ.**
ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКТÆМ ........ 25

**Дзебысаты Зарæ.**
ДЗÆУДЖЫХЪÆУЫ 44-æм СКЪОЛАЙЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ
ЛИТЕРАТУРÆЙЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ФÆЛТÆРДДЗИНАДÆЙ ........ 29

## АХУЫРГÆНДЖЫТЫ СФÆЛДЫСТАДÆЙ

СИДАХЪАТЫ КЛАРÆ........ 34

ЦГЪОЙТЫ АРИНÆ........ 35

## МЕТОДИКОН ÆХХУЫС

ХУССАР ИРЫСТОНЫ АХУЫРГÆНДЖЫТИМÆ ФЕМБÆЛД ........ 37

## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

**Джусойты Клавдия.**
«АБЕТÆ» – САБИТЫ КÆСÆНЦÆСТЫТÆ ........ 38

**Уалыты Татьянæ.**
«ÆЗ ДУНЕМÆ РАЙГУЫРДТÆН АДÆМЫ УАРЗЫНÆН» ........ 41

**Гæджиты Лянæ.**
СЫЛГОЙМАДЖЫ ФÆЛГОНЦ ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ ÆМÆ ХЪОДЗАТЫ ÆХСАРЫ ЛИРИКÆЙЫ ........ 42

**Бураева Белла.**
КОСТА И МУЗЫКА ........ 47

**Майрæмыхъуаты Фатимæ.**
КЪОСТА ÆМÆ ИРОН АХУЫРАДЫ ФАРСТАТÆ ........ 49

## ПЕДАГОГОН ИНСТИТУТЫ КАФЕДРÆ ЮНЕСКО – СКЪОЛАЙÆН

**Куыдзойты Анжелæ.**
МЕТОДИКОН АМЫНДТЫТÆ 11-æм КЪЛАСЫ ЧИНЫГМÆ ........ 54

## СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

**Уалыты Татьянæ.**
ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК *«ЙÆХÆДÆГ ЧИ НÆ СУДЗЫ, УЫЙ ИННÆЙЫ ДÆР НЕ ССУДЗЫН КÆНДЗÆН»* ........ 61

**Моргуаты Аллæ.**
ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 10-æм КЪЛАСЫ *«ÆГЪДАУ ÆМÆ ЛÆГДЗИНАДЫ ТЕМÆ БАРАХЪТЫ ГИНОЙЫ РАДЗЫРД «ЦÆР!»-Ы»* ........ 66

**Сидахъаты Кларæ.**
ÆВÆРЦЦÆГ ÆМÆ ÆППÆРЦЦÆГ ХЪАЙТАРТЫ СУРÆТТÆ ÆМÆ ФÆЛГОНЦТÆ 6-æм КЪЛАСЫ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ЧИНЫДЖЫ ........ 68

**Майрæмыхъуаты Фатимæ.**
ТАУРÆГЪОН СОЧИНЕНИ ФЫССЫНМÆ БАЦÆТТÆГÆНÆН УРОК ........ 72

**Габеты Симæ.**
ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 8-æм КЪЛАСЫ *«ФÆНДЫР КУЫД ФÆЗЫНД»* ........ 75

## ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

**Цуцаты Розæ.**
КÆСЫНЫ УРОК 3-аг КЪЛАСЫ *«БАТРАДЗ НАРТЫ ГУЫППЫРСАРТЫ КУЫД ФЕРВÆЗЫН КОДТА»* ........ 78

**Хуыгаты Жаннæ.**
*«ЦÆРДЗÆН ИРЫСТОНЫ ЗЫНАРГЪ ЛÆГ ...»* (ФÆСУРОКТЫ КÆСЫН) ........ 81

**Сидахъаты Анжелæ.**
1-æм КЪЛАСЫ ФÆСУРОКТЫ НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ
КУЫСТЫ ПРОГРАММÆ. .................................................. 83
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 3-аг КЪЛАСЫ
*«МИВДИСÆДЖЫТЫ ТЫХХÆЙ РАЦЫД ÆРМÆГ ФÆЛХАТ КÆНЫН»*.................... 86
КÆСЫНЫ УРОК 2-аг КЪЛАСЫ
*«ФУРД ÆМÆ ЧЫСЫЛ ДОН»*.................................................. 89

## НÆХИ ЦÆТТÆ КÆНÆМ АТТЕСТАЦИМÆ

**Куыдзойты Анжелæ.**
2010 АЗЫ АТТЕСТАЦИОН ÆРМÆДЖЫТÆ
ИРОН ÆВЗАГÆЙ.................................................. 92

## ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

**Дзуццаты Риммæ.**
ТЕСТЫТÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ
ЛИТЕРАТУРÆЙÆ (5-æм КЪЛАС).................................................. 95
**Куыдзойты Анжелæ.**
КОНТРОЛОН КУЫСТЫТÆ ИРОН
ÆВЗАГÆЙ (11-æм КЪЛАС) .................................................. 98
**Гæззаты Татьянæ.**
ОЛИМПИАДОН ФÆРСТЫТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ .................................................. 102
**Солтанты Джульетæ.**
ОЛИМПИАДОН ФÆРСТЫТÆ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ.................................................. 105



# НОГ АХУЫРАДОН СТАНДАРТТӔМ ГӔСГӔ КУЫСТ

*Ахуырады ивддзинӕдтӕй иу у ног ахуырадон хъӕппӕрис «Наша новая школа», кӕцыйы сӕйрагдӕрыл нымад у ахуырадон стандарттӕ (ФГОС) фӕлварыныл куыст. Ног ахуырадон стандартты фӕзынд баст у царды социалон уавӕрты ивддзинӕдтимӕ, наукӕйы рӕзтимӕ, ног дӕсныйӕдты фӕзындимӕ.*

*Ног ахуырадон стандартты сӕйрагдӕрыл нымад цӕуы ахуырты мидис хъӕздыгдӕр кӕнын, урокты алыхуызон мадзӕлттӕй пайда кӕнын; стандартты ӕвӕрд ис фӕсурокты куыст фӕпарахатдӕр кӕныны хъуыды, ахуырты кӕцыдӕр хай фӕсурокты рӕстӕгмӕ рахӕссыны нысан; стандарттӕм гӕсгӕ фылдӕр ӕргом здахын хъӕудзӕн хъомыладон фарстатӕм. Сывӕллоны удыхъӕды хорз миниуджытӕ райрӕзыны нысан стандартты нымад у сӕйрагдӕрыл. Ныхас цӕуы скъоладзауы сфӕлдыстадон гӕнӕнтӕ иртасыныл, скъоладзауы – фидӕны граждани-ны – царды архайынмӕ цӕттӕ кӕныныл.*

*Министрады уынаффӕмӕ гӕсгӕ стандартты уагӕвӕрдтӕ ахуырты бавзарыныл куыст цӕуы нӕ республикӕйы 19 скъолайы. Скъолатӕн ацы куысты феххуыс кӕнынӕн нӕ институты арӕзт ӕрцыд сӕрмагонд Координацион совет.*

*Ахуыртӕ Ног стандарттӕм гӕсгӕ рацаразыны размӕ стыр куыст цӕуы скъолаты разамонджытӕ, ахуыргӕнджытӕ ӕмӕ ныййарджытимӕ. Ацы куыстӕн институт бацӕттӕ кодта сӕрмагонд пълан, кӕцымӕ гӕсгӕ арӕзт цӕуынц семинартӕ. Ныридӕгӕн семинарон ахуыртӕ ацыдысты прогимназ «Интеллект»-ы, Беслӕны 8-ӕм скъолайы, Ӕрыдоны 1-ӕм скъолайы, прогимназ «Эрудит»-ы, Дзӕуджыхъӕуы лицейы. Ног ахуырадон стандарттӕм гӕсгӕ куыст цы скъолаты цӕуы, уыдон иууылдӕр бацӕттӕ кодтой сӕрмагонд фембӕлдтытӕ (гом дуӕртты бонтӕ).*

*Уӕлдай хъусдард цӕуы ног ахуырадон стандартты амынд фӕсурокты куыстмӕ, йӕ мидис ӕмӕ сахӕтты нымӕцмӕ. Куыд сбӕрӕг кодтам, афтӕмӕй нӕ республикӕйы ахадгӕдӕрыл нымайынц стандартты амынд фӕсурокты рӕстӕг раттын спортивон, аивадон-эстетикон ӕмӕ удгоймаджы хъомыладыл куыстӕн. Стандарттӕ цы скъолаты фӕлварынц, уыдонӕй бирӕтӕ фӕсурокты куысты сахӕттӕ рахицӕн кодтой скъоладзауты ныхасы (уырыссаг ӕмӕ ирон) рӕзтыл кусынӕн, бынӕттон ӕрмӕг амонынӕн.*

*Кӕд ног ахуырадон стандарттыл куыст нырма къуылымпытӕ ӕййафы (фылдӕр материалон-техникон уавӕрты тыххӕй), уӕддӕр ацы куыст у арфӕйаг, ӕмӕ бацархайдзыстӕм йӕ дарддӕры рӕзтыл.*



*Цӕгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргӕнӕг,*
*Ахуырады кусджыты зонындзинӕдтӕ*
*уӕлдӕргӕнӕн институты ректор*

***Исахъты Людмилӕ***

## ДЫУУАДÆС ДЗЫРДЫ

*Ирон дзырдтæ мын хуртæ сты… Уæддæр*
*Дыууадæс дзырды се 'ппæтæй хуызддæр.*
*Лæууы сæ сæргъы фарны дзырдтæн*
***ЦАРД.***
*Йæ фидауц уымæн – арвы стъæлфæн –*
***АРТ.***
*Нæртон дзырдтæн сæ фæлмæндæр у*
***МАД.***
*Цæуы йæ армæй адæмыл* ***БÆРКАД.***
*Нæ дзыллæйæн йæ рухсдæр бæллиц –*
***ФАРН.***
*Уæздан лæгæн йæ уæлдæр цин –*
***ÆФСАРМ.***
*Сыгъдæг удæн йæ мæты сæр –* ***ХÆЛАР.***
*Ыскæны мах Хуыцауы 'мсæр* ***ÆХСАР.***
*Лæджы нысан –* ***СÆРИБАР*** *æмæ* ***КАД.***
*Сæ сæрвæлтау хъæуы хæцынæн* ***КАРД.***
*Æппæт хæрзтæн* ***ИРЫСТОН*** *у бындур, –*
*Æнæ уый мæн нæ тавдзæни сæ хур.*

*Джыккайты Шамил*

# НÆ АХУЫРГÆНÆДЖЫ МЫСГÆЙÆ



*Я в этот мир пришел,*
*Чтоб видеть солнце ...*
К. Бальмонт

Æз равзæрдтæн зæххыл, цæмæй
Уынон æдзух фыдбонтæ царды,
Цæмæй тæрхоны раз рæстæй
Цæуон рæстæвзарæгæй арты.

Æз райгуырдтæн зæххыл, цæмæй
Сымахæн карз æцæгтæ дзурон,
Цæмæй уын кард æмæ зынгæй
Уæ удтæй хæйрæджытæ сурон.

Æз сæнтыстæн зæххыл, цæмæй
Лæууон рæстдзинадæн æвдисæн,
Цæмæй мын ног фæлтæр хыгъдæй
Хæссой мæ уарзондзинад дисæн;

Цæмæй ысбæрæг уа, зынтæн
Лæджы бон цас уыдзæн фæразын…
Мæ хъуыды! Ма басæтт хъыгтæн!
Мæ зæрдæ! Фидар æхсон разын!

1994 азы 27 февраль

Стыр хъыгагæн, Шамил, дæ хъысмæт дæ коммæ нал бакаст.

Æмæ кæд дæ фидар æхсон зæрдæ йæ куыстæй банцад, уæддæр махæн æгас дæ. Дæ хъæлæсæй нæм дзурынц дæ уацмысты геройтæ, дæ зæрдæйы цавд – дæ алы рæнхъы дæр.

Рухсаг у, нæ уарзон АХУЫРГÆНÆГ.

# ФÆЛТÆРДДЗИНАД: БАФÆЗМ ÆЙ

## АХУЫРГÆНÆДЖЫ УДУÆЛДАЙ ФÆЛЛОЙ



Ирон æвзаджы ахуыргæнæджы ном кадимæ чи фæхаста, ирон æвзаг æмæ литературæ амоныны фарстатыл зæрдиагæй чи фæкуыста, уыдонæй иу у ***Бæдтиаты Зойæ.*** Бирæ азты фæкуыста Зойæ Дзæуджыхъæуы 33-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Тынг æхсызгонæй йæ мысынц абон дæр йе 'мкусджытæ, дарддæр хæццæ кæнынц, ацы скъолайы бындуртæ цы хорз хъуыддæгтæн сæвæрдта, уыдон.

Бæдтиаты Зойæйы ном хъуыстгонд уыд ирон æвзаджы ахуыргæнджыты 'хсæн. Зæрдиагæй архайдта республикон семинарты, цæстуарзонæй лæвæрдта йæ зонындзинæдтæ ирон æвзаджы æрыгон ахуыргæнджытæн. Уырыссаг æвзаджы методикæмæ хъус даргæйæ, ууыл æнцой кæнгæйæ, Зойæ куыста алыхуызон дидактикон æрмæджытыл, ахуыргæнджытæн касти докладтæ методикæйæ, цæттæ кодта гом уроктæ æмæ фæсурокты куысты хуызтæ. Йæ хуыздæр методикон æнтыстытæ йын ахуыргæнджытæн æххуысæн мыхуыр кодтой республикон газетты æмæ журналты.

Хорз æххуыс уыд Зойæ Дзæуджыхъæуы методкабинеты кусджытæн, кæддæриддæр цæттæ уыд ахуыргæнджытимæ фембæлдтыты архайынмæ, ирон æвзаджы ахуыргæнджыты куыст бæрæггæнæн къамисты бæрнон лæггад бакæнынмæ. Йæ рæстæджы Зойæйы æрмæджытæ стыр æххуыс фесты горæты методикон кабинетæн ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн бæрæгуат рауадзынæн, йæ методикон æнтыстытæй бирæтæ хаст æрцыдысты бæрæгуатмæ æмæ ма абон дæр пайдайаг сты æрыгон ахуыргæнджытæн.

33-æм скъолайы ахуыргæнджыты æмæ Зойæйы кæддæры ахуырдзауты зæрдæтыл ма хорз лæууынц Бæдтиаты Зойæйы цæттæгонд фæсурокты куысты хуызтæ: чиныгкæсджыты конференцитæ, литературон-музыкалон изæртæ, бакаст чингуыты фæдыл арæзт диспуттæ, фысджытимæ фембæлдтытæ æмæ æндæртæ.

Зойæ уыди, Ирыстоны скъолаты ирон æвзаджы кабинет фыццаг саразыны фæнд кæмæ æрцыд, уыцы ахуыргæнджытæй иу. Йæ зæрдæйы хъарм, йæ къухвæллой бæрæг дардтой, зæрдиагæй цы ирон æвзаджы кабинет

сарæзта, уый алы къуымæй дæр. Дæс азы дæргъы Зойæйы арæзт ирон æвзаджы кабинет ахста фыццаг бынæттæ кабинетты республикон æркастыты. Йæ фæлтæрддзинад бафæзмынмæ йæм цыдысты республикæйы алы къуымтæй.

Ахуыргæнæджы æнтыстыл ма банымайын хъæуы, 1995 азы цы чысыл чиныг «Мæ фæлтæрддзинадæй», зæгъгæ, рауагъта, уый дæр. Чиныгмæ хаст æрцыдысты, ирон æвзаджы ахуыргæнæгæн абон дæр ма æххуыс чи у, ахæм 5 æрмæджы: «Ирон удварныл дзургæйæ» (Куыд пайда кæнæм нæ кабинеты цæстуынгæ æрмæгæй), «Хетæгкаты Къостайы биографи ахуыргæнгæйæ», «Плиты Грис, «Æртхутæгдон», «Асаты Реуаз, «Балладæ фæскомцæдисон билетыл», «Цæмæн æй уарзын æз мæ Фыдыбæстæ?» Уæды рæстæг ахуыргæнджыты куыстытæ ахæм хуызы стæм хатт уагъд цыдысты, æмæ уымæ гæсгæ Зойæ ацы хъуыддаджы дæр та уыд фыццæгты æмрæнхъ.

Йæ зæрдиаг фæллойы тыххæй Бæдтиаты Зойæ хорзæхгонд æрцыд бирæ кады гæххæттытæй, лæвæрд ын æрцыд «Цæгат Ирыстоны АССР Адæмон ахуырады Сгуыхт кусæджы» ном.

Абон Бæдтиаты Зойæ кæд скъолайы нал кусы, уæддæр нæ уырны, ирон ахуырады фарстатæм йæ хъус кæй дары, уый. Нæ зæрдæ йын зæгъы æнæниздзинад æмæ бирæ цæрæнбон. Йæ кæстæрты хурæй æфсæст уæд.

# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

## 2011 АЗЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ХУЫЗДÆР АХУЫРГÆНÆГ

Нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрад ирон æвзаджы ахуыргæнджыты 'хсæн цы Республикон æркаст расидт, уый фæстиуджытæм гæсгæ 2011 азы хуыздæр ахуыргæнæгыл нымад æрцыд Æрыдоны 1-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Хлойты Лейлæ.***

Дыккаг бынат жюрийы уæнгтæ саккаг кодтой Дзæуджыхъæуы прогимназ «Интеллект»-ы ахуыргæнæг ***Акъоты Анетæйæн.*** Æртыккаг бынат лæвæрд æрцыд Сырх Дыгуры астæуккаг скъолайы ахуыргæнæг ***Габеты Зæлинæйæн*** æмæ Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы æрыгон ахуыргæнæг ***Гæззаты Иринæйæн.***

Базонгæ ут æркасты уæлахиздзауты уроктимæ.

## ÆРКАСТЫ УÆЛАХИЗДЗАУТÆ



***Хлойты Лейлæ,***
Æрыдоны 1-æм скъолайы
ахуыргæнæг

*Урочы темæ:* ***«Дæ амондæн нывонд кæнын мæ сæр»***
(Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ
«Сау цæстытæ»-м гæсгæ)

***Эпиграф:*** «Уарзт у, адæймаджы
хæрзæгъдау, уæздан æмæ уæлмонц чи
кæны, ахæм алæмæт».
(Джыккайты Ш.)

**Урочы нысантæ:**

1. Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ «Сау цæстытæ» æвзаргæйæ, æрдзурын урочы темæйыл.

2. Бакусын дзургæ ныхасы рæзтыл.

3. Ахуырдзаутæм гуырын кæнын сыгъдæг уарзондзинадмæ бæллыны æнкъарæнтæ.

**Урочы цыд:**

*I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

*1. Ахуыргæнæджы ныхас.*

Абон мах нæ урок снывонд кæндзыстæм, цард мидисджындæр æмæ аивдæр чи кæны, адæймагыл базыртæ чи садзы, уыцы æнкъарæнæн. Уыцы диссаджы æнкъарæн нын дæтты уæлларвон тых, æнæ уый нæ цард у афтид æмæ æнæнысан. … О, уыцы диссаджы уды æнкъарæн адæймаг схуыдта «*УАРЗОНДЗИНАД*». Æнæ уарзондзинадæй нæ бон цæрын нæу, нæ царды ахсы ахсджиаг бынат (презентаци).

Цæвиттон, иу хъæумæ æрбафтыд æрыгон лæппу. Уый уыд уæздан мыггагæй. Лæппу фæцæйцыд бæрзонд хæдзары рæзты æмæ дыккаг уæладзыджы рудзынджы раз бафиппайдта æрыгон чызджы. Чызг хуыдта æмæ зарыд. Йæ рæсугъддзинад фæцагайдта лæппуйы зæрдæ. Чызг лæппуйы ауыдта, йæ зарын фæуагъта, фефсæрмы æмæ уæзданæй йæхи рудзынгæй айста.

Дыккаг бон дæр та лæппу æрбацыд уыцы хæдзары размæ, æнхъæлмæ каст чызджы фæзындмæ. Фæлæ чызг нал фæзынд. Уæдæй фæстæмæ лæппу алы райсом дæр цыд хæдзары размæ, бон-изæрмæ-иу каст рудзынгмæ, стæй-иу сæргуыбырæй рацыд.

Иуахæмы йын чызджы сыхаг афтæ зæгъы: «Дзæгъæлы ма æнхъæлмæ кæс. Хуыцау рахатыд Сафарыл, æмæ йæ чызг Зæринæ йæ къæхтыл нал лæууы».

Афтæ уæм кæсы, æмæ уыцы æрыгон лæппу чызджы хæдзары размæ никуыуал æрбацыд? Нæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ… Уый йæ мидбылты бахудт æмæ ныхъхъæр кодта рудзынджырдæм: «Зæринæ, æз алы бон дæр ардæм цæудзынæн, цалынмæ мæм ды рацæуай, уæдмæ!» – æмæ ацыд сæхимæ. Дыккаг бон дæр та æрбаздæхт ардæм… Афтæ цыд мæй, дыууæ мæйы, афæдз…

Æмæ иу хатт æрцыд диссаг: хæдзары дуæрттæ байгом сты, æмæ чызг лæппуйы размæ ракъахдзæф кодта… Ахæм диссаджы тыхдæттæг æнкъарæн у Уарзондзинад.

Нæ абоны урочы темæ у «Дæ амондæн нывонд кæнын мæ сæр». Урочы темæйыл æрдзурдзыстæм, Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ «Сау цæстытæ» æвзаргæйæ.

Эпиграфæн райстам Джыккайты Шамилы ныхæстæ: «Уарзт у, адæймаджы хæрзæгъдау, уæздан æмæ уæлмонц чи кæны, ахæм алæмæт».

*3. Ахуыргæнæг:* Дунейы зындгонд æмæ курдиатджын лæгтæ уарзондзинады фæдыл сæ хъуыдытæ арæх дзырдтой.

(Фæйнæгыл зындгонд адæмы ныхæстæ уарзондзинады тыххæй:

– Уарзын – уый у царды иунæг сæмæн. (Верлен)

– Уарзондзинады цæстæй кæс дунемæ, æмæ дæм уый дæр афтæ кæсдзæн. (Л. Толстой)

– Уарзондзинад у маргъ, кæцы зары уарзæтты зæрдæты. (Карр)

– Æрмæст уарзондзинады руаджы цæрæм. (И. Тургенев)

– Уарзондзинадæй тыхджындæр ницы ис æрдзы. (Лопе де Вега)

*4. Ахуыргæнæг:* Уарзондзинадæн ис бирæ алыхуызон фæлгъуыстæ. Бæлвырд у æрмæст уый, æмæ адæймаджы сисы йæ уæлныхты. Æмæ уæд курдиатджын адæймагмæ райгуырынц шедевртæ. Дæнцæгæн уæ бон искæй æрхæссын у? (Скъоладзауты дзуæппытæ: ирон зарæггæнджытæ æмæ а. д.)

Уарзондзинады æнкъарæнтæ канд музыкæйы фæрцы раргом кæнæн нæй, фæлæ аивады æндæр хуызты дæр (презентаци), нывкæнынады: Хетæгкаты Къоста – «Цæлыккаты Аннæйы портрет», Рафаэль – «Мадонна», Леонардо да Винчи – «Джоконда», литературæйы: А.С. Пушкин, М.Ю. Лермонтов,

У. Шекспир, Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Секъа, Кочысаты Мухарбег æмæ æнд.

*5. Ахуыргæнæг:* Уæ разы – æмдзæвгæтæ. Бакæсæм-ма сæ.

Хетæгкаты Къоста, «Усгуры хъынцъым».

Мæ сæфт хуры хай,
Дæргъæрфыг чызгай,
Куы нæ дæ федтаин, бæргæ!
Дæ фидауц хъазтмæ,
Дæ симгæ кафтмæ
Кæм лæууы иунæджы зæрдæ!

Дæ мидбылты худт,
Дæргъæрфыг рæсугъд, –
Фæскъæвда хур бон у лæгæн.
Дæ рухс цæстæнгас,
Дæ рæвдыд ныхас
Мæгуырæн бирæ сты мæтæн...

Куыд царæфтыд дæн –
Цæмæн æмбæлдтæн
Дæуыл, мæ иунæг сæры бон!
Цы ма кæндзынæн,
Куыд ма цæрдзынæн
Æнæ дæу, амæттаг дын уон!..

А. С. Пушкин, «Я вас любил…»
Я вас любил: любовь еще, быть может,
В душе моей угасла не совсем;
Но пусть она вас больше не тревожит;
Я не хочу печалить вас ничем.
Я вас любил безмолвно, безнадежно,
То робостью, то ревностью томим;
Я вас любил так искренно, так нежно,
Как дай вам бог любимой быть другим.

6. *Ахуыргæнæг:* Уыцы уды æнкъарæн фæцагайдта Кочысаты Мухарбеджы æрыгон зæрдæ дæр. Уарзондзинады ахсидæвтæ поэты зæрдæйы ссыгътой пиллон арт. Байхъусут-ма æмдзæвгæ «Сау цæстытæ»-м.

(Ахуыргæнæг кæсы æмдзæвгæ, æвдисы презентаци)

*Ахуыргæнæг:* Æмдзæвгæ уæхæдæг дæр бакæсут.

– Цавæр æнкъарæнтæ уæм фæзынд? (скъоладзауты дзуæппытæ)

– Сымахмæ гæсгæ, уарзондзинады символтæ цы сты?

(Дидинæг, фæндыр (Канаты Афæхъо) уалдзæг, хур, бæлон, зæрдæ, сырх зæрдæ)

– Раст у. Лирикон геройы зæрдæ цы æнкъары, уый цæмæй хуыздæр бамбарат, уый тыххæй ма æрбакæсут фæйнæгмæ.

(фæйнæгыл сырх зæрдæ фæзынд)

Куыд уæм кæсы, сырх зæрдæ цæуыл дзурæг у? (зæрдæ дзаг у тыхджын уарзондзинадæй)

– Тынг раст. Уæдæ ма æркæсæм Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæмæ. Кæцы рæнхъыты равдыста поэт уыцы тыхджын уарзт?

(фæйнæгыл фæзыны зæрдæ дыууæ дихæй)

– Цымæ, ацы ныв та цы нысан кæны?

(Адæймаджы зæрдæ кæй фехæлд, йæ уарзон æй кæй нал æмбары, уый)

(фæйнæгыл фæзыны, зæрдæ иу къухæй иннæмæ куыд дæттынц, уый)

– Ацы зæрдæ къухтæй кæй аирвæзт, уый та цæуыл дзурæг у?

(Чидæр йæ зæрдæ æндæрæн кæй радта, уый. Лирикон геройы (йæ уарзоны) кæй аивта æндæрыл)

(фæйнæгыл фæзынд урс зæрдæ)

– Ацы ныв та цæуыл дзурæг у?

(зæрдæйы уарзондзинад нал ис)

(Алы нывы фæстæ дæр скъоладзаутæ æмдзæвгæйы агурынц хъæугæ строфатæ æмæ сæ кæсынц)

*Ахуыргæнæг:* Цавæр аивадонывæфтыд мадзæлттæй пайда кæны автор æмдзæвгæйы мидис раргом кæнынæн?

(Абарстытæй, бавæргæ дзырдтæй, метафоритæй, синекдохæйæ (сау цæстытæ – адæймаджы фæлгонц æвдисæг)

*Ахуыргæнæг:* Ацы æмдзæвгæйы æмбæлæм метонимийы хицæн хуыз – *синекдохæйыл.* Уый у, æнæхъæн предметы ном йæ кæцыдæр хайы номæй ивын, кæнæ та иу хайы бæсты æнæхъæн предметы ном загъын. Ам поэт, кæй загъын æй хъæуы, мысы йæ уарзон чызджы, фæлæ йын чызджы фæлгонц баст у йæ сау цæстытимæ.

*Ахуыргæнæг:* Цæрæгойты, æрдзы фæзындты æмæ æнæуд предметты адæймаджы æууæлтæй хайджын кæнын та

(ныхас кæнын, хъуыды кæнын, æнкъарын) ныmад у *олицетворенийыл.*

– Ссарут Мухарбеджы æмдзæвгæйы олицетворенитæ.

– Лирикон герой чызджы йæ номæй нæ хоны, фæлæ йын йæ цæстытимæ ныхас кæны, цæмæн?

(Дзуæппытæ: цæстыты фенæн ис уды æнкъарæнтæ. Уырыссагау афтæ фæзæгъынц: «Глаза – зеркало души».

– Лирикон геройы ныхас кæцы афоны æвдыст цæуы? (ивгъуыд)

– Цымæ, цæмæн?

– Куыд уæм кæсы, Мухарбег ацы æмдзæвгæйы йæхи уарзондзинады кой кæны? Уæ дзуапп бафидар кæнут.

(Лирикон æмдзæвгæ арæх вæййы автобиографион, æмæ лирикон герой арæх вæййы поэт йæхæдæг. Уымæ гæсгæ дзы ныхас дæр фæцæуы фыццаг цæсгомы номæй, ома поэтæн йæхи номæй)

*Ахуыргæнæг:* Рох уæ ма уæд, Мухарбег ацы æмдзæвгæ куы ныффыста, уæд ыл 18 азы йеддæмæ кæй нæ цыд, уый. Сымахæй бирæ хистæр нæ уыд. Уарзондзинад та æрыгон адæймаджы зæрдæмæ æмхицдæр у.

– Цавæр ныхæстæ ссардта Мухарбег йæ зæрдæйы ахаст уарзон чызгмæ равдисынæн? (скъоладзауты дзуæппытæ)

*Ахуыргæнæг:* Байхъусут цалдæр мелодимæ æмæ зæгъут, сæ зæлынадмæ гæсгæ нæ æмдзæвгæмæ кæцы хæстæгдæр у. (Мелодитæм хъусынц æмæ дзы æвзарынц иу)

*Ахуыргæнæг:* Радзурут-ма уæ хиуæтты, зонгæты, ныййарджыты сыгъдæг уарзондзинады тыххæй (Скъоладзауты дзуæппытæ)

*9. Ахуыргæнæг:* Равзарæм уарзондзинадыл æрхъуыдыгонд æмбисæндтæ. Куыд баст сты цардимæ?

Æмбисæндтæ – фæйнæгыл:

«Уарзондзинад – зæрдæйы хорзæх».

«Уарзондзинад – дунеты фидыц».

«Уарзынæн афонтæ нæй».

«Кæй уарзай, уый – удлæууæн».

«Дунейы паддзах – уарзондзинад».

«Сыгъдæг уарзтæн – сыгъдæг зæрдæ».

*Ахуыргæнæг:* Ирон литературæйы уарзæтты ном адæмæн æнусмæ уарзон чи скодта, уыцы фыссæг чи уыд?

(Гæдиаты Секъа. Уый руаджы сси Ганисы хъæу уарзондзинады кувæндон. Уый руаджы цæуынц дзыллæ уарзæтты бæласмæ кæсынмæ)

*Ахуыргæнæг:* Сымах нырма æрыгон стут, æмæ цæмæй æцæг уарзондзинады ад банкъарат, бамбарат æй, уый тыххæй хъуамæ рацæуа… Рæстæг.

– Байхъусут зондамонæн таурæгъмæ. (презентаци)

Раджы кæддæр зæххыл уыд сакъадах, цардысты дзы уды хæзнатæ. Фæлæ иу хатт бафиппайдтой, сæ сакъадах доны бынмæ кæй фæцæуы, уый. Хæзнатæ иууылдæр наутыл абадтысты æмæ уыцы сакъадахæй дард аленк кодтой.

Сакъадахыл ма баззад æрмæст Уарзондзинад. Уый бирæ фенхъæлмæ касти, æмæ йæ бон æнхъæлмæ кæсын куы нал уыд, уæд уый дæр бафæндыд уыцы сакъадахæй аленк кæнын. Фæсидтис Хъæздыгдзинадмæ, цæмæй йæ йæ наумæ бауадза, фæлæ йын уый дзуапп радта: «Мæ науы ис бирæ хæзнатæ, æмæ дзы дæуæн бынат нæй».

Уарзондзинады рæзты фæцæйленк кодта Æнкъарддзинады нау. Уарзондзинад та уымæн дæр балæгъстæ кодта. Æнкъарддзинад æм æрбадзырдта: «Бахатыр кæн, æз ахæм æнкъард дæн, æмæ мæ фæнды мæ рæстæг иунæгæй æрвитын».

Уæд Уарзондзинад æххуысмæ фæсидтис Сæрыстырдзинадмæ, цæмæй йæ йæ науы сбадын кæна. Фæлæ йæ уый дæр, мæ гармони мын фехалдзынæ, зæгъгæ, йæ наумæ нæ бауагъта.

Уарзондзинады рæзты фæцæйленк кодта Хъæлдзæгдзинады нау. Бæргæ йæм бахъæр кодта, алас мæ, зæгъгæ, фæлæ уый афтæ хъæлдзæг уыд, æмæ йæ хъæлдзæгдзинадæй хъусгæ дæр нæ фæкодта Уарзондзинады сидт.

Уарзондзинадæн бынтондæр йæ ныфс асаст. Фæлæ æвиппайды айхъуыста кæйдæр хъæлæс. Акаст æмæ ауыдта иу зæронд лæджы. Уый йæ сæвæрдта йæ бæлæгъы, хус ранмæ йæ баласта, йæхæдæг та дарддæр аленк кодта. Æрæджиау ма

фæхъуыды кодта Уарзондзинад, йæ номæй дæр æй кæй нæ афарста, уый. Фæдзырдта Куырыхондзинадмæ, уыцы зæронд лæг чи уыд, зæгъгæ. Æмæ йын дзуапп радта Куырыхондзинад: «Уый уыд Рæстæг». «Рæстæг? Æмæ мæ цæмæн фервæзын кодта?» Куырыхондзинад ма иу хатт бакаст Уарзондзинадмæ стæй, зæронд лæджы фæстæ кæсгæйæ, бафтыдта йæ дзуапмæ: «Уымæн æмæ æрмæст Рæстæг зоны, Уарзондзинад нæ царды куыд ахсджиаг у, уый».

*III. Урочы кæронбæттæн.*

Мæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй уæ царды æнæмæнгæй банкъарат ацы уæларвон æнкъарæн – уарзондзинад, уый уын уæ миддуне фæхъæздыгдæр кæндзæн, уый уын ратдзæн тых, а зæххыл уын уыдзæн æнцондæр цæрын.

Нæ урочы кæрон та уын лæвар кæнын Уалыты Лаврентьы æмдзæвгæ «Мæ уды гага». Цы нæ вæййы, мыййаг уæ царды куы бахъæуа.

Дæ дыууæ къухы – дыууæ бæлоны,<br>Уæздан æмæ хæмпус.<br>Дæуæй хуыздæр ма кæмæ бæллон æз,<br>Мæ сонт зæрдæйы рухс.

Цы хъал вæййы, цы лæппу дæ фынтæй!<br>Йæ сæнтты дæм тæхы.<br>Нæма федтон æз дæ худгæ былтæй<br>Рæсугъддæртæ зæххыл.

Куыд рæсугъд ысты дæ дыууæ цæсты!<br>Кæй цæстмæ у сæ хъазт?<br>Мæ амонд ысты, мæн рæвдаудзысты:<br>Мæ цин ды дæ, мæ уарзт!

Дæ зарæг фæндыр цæмæндæр хъус у,<br>Кæуыл у, кæ йæ маст?<br>Мæнæн дæуимæ æхсæв дæр рухс у.<br>Ды дæ мæ цин, мæ уарзт!

***Габеты Зæлинæ,***<br>Сырх Дыгуры скъолайы<br>ахуыргæнæг



*Урочы темæ:* ***«Хистæры зондæй кæстæры амонд æфсир æфтауы»***<br>*(Чеджемты Æхсар)*<br>*(Хъайттаты Сергейы радзырд «Ирæд»-мæ гæсгæ)*

**Урочы нысантæ:**

1. Хъайттаты Сергейы радзырд «Ирæд» урочы темæмæ гæсгæ равзарын.
2. Скъоладзауты ахуыр кæнын бæлвырд темæмæ гæсгæ сæ хъуыдытæ дзурыныл, хатдзæгтæ кæныныл.
3. Æрдзурын, царды алы хъуыддаг, алы тæрхоныл дæр ахъуыды кæнын кæй хъæуы, зонын хъæуы, ныхмæ чи лæууы, уыцы адæймаджы уавæр дæр.

***Урочы фæлгонц*:** Хъайттаты Сергейы портрет экраныл, фыссæджы чингуыты равдыст.

***Урочы эпиграф:***

*Бирæ нын цæрат, нæ буц хистæртæ,*
*Уæ фарнæй фæрнджын – ирон хæдзæрттæ.*
*Сымахæй цæуынц уæ хорз кæстæртæм*
*Хъæбатырдзинад, рæсугъд æгъдæуттæ.*

(Чеджемты Æхсар)

**Урочы цыд:**

*I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

*1. Ахуыргæнæджы ныхас.*

– Адæймагыл царды æрцæуы, раст тæрхон рахæссын, раст фæндаг равзарын кæм фæхъæуы, ахæм алыхуызон цаутæ. Хъуыддаджы мидæг раст сарæхсын, раст тæрхон скæнын алкæй бон нæу, уæлдайдæр та сывæллоны.

Æмæ нæ уæд бахъæуы хистæры зонд, йæ фæлтæрддзинад. Афтæ у, сывæллæттæ?

Радзурут-ма, кæд уæ чи фæфæрсы йæ фыды, йæ мады, йæ хистæр æфсымæр кæнæ хойы.

*(Сывæллæттæ сæ хъуыдытæ дзурынц)*

– Кæд бахъæуы хистæрты фæрсын?

(Царды фæндаг æвзаргæйæ, ахуыры фæндаг æвзаргæйæ …)

– Вæййы афтæ дæр, æмæ цот сæ ныййарджытæм нæ байхъусынц, сæхи фæндыл ацæуынц. Æмæ уæд арæх фæсмойнаг фæвæййы сæ цард.

Уæдæ, сывæллæттæ, ацы уавæр зæрдылдаринаг у. Кæстæрты сæ царды фæндæгтыл хистæрты куырыхон зонд, сæ царды фæлтæрддзинад фæхъæуы, алкæд сæхи бон нæ вæййы сæ царды ахсджиаг фарстатæ хибарæй алыг кæнын.

*II. Ног æрмæгыл куыст.*

1. Бамбарын кæнын урочы темæ æмæ хæстæ. Спайда кæнын фæйнæгыл фыст эпиграфæй.

– Зондджын хистæр кæстæртæн дзуар у. Хистæры зонд рабæрæг вæййы æрмæст ныхæстæй нæ, фæлæ хъуыддаджы, нæ адæмы царды. Нæ аив литературæ цардимæ æнгом баст у. Нæ фысджытæ сæ диссаджы уацмыстæн æрмæг цардæй райсынц. Афтæ арæзт у Хъайттаты Сергейы радзырд «Ирæд» дæр. Бæстон дзы равдыста ирон лæджы зонд æмæ куырыхондзинад, йæ царды сæйрагдæр принциптæ.

Абон мах фендзыстæм, хистæрты æмæ кæстæрты астæу ахастытæ раст уагыл æвæрд кæй уыдысты.

Нæ куысты сæмбæлдзыстæм æнæзонгæ дзырдтыл.

*2. Лексикон куыст:*

Æгъдау – закон, порядок, дисциплина, нрав.

Æгъдауджын – воспитанный, вежливый, порядочный, дисциплинированный.

Ирæд – калым (архаизм).

*3. Радзырды мидис фæрстытæм гæсгæ равзарын.*

Беседæйы фæрстытæ:

– Цавæр æнкъарæнтæ уæм фæзынд, уацмыс бакæсгæйæ?

– Цавæр цæлхдуртæ æвæрд уыди Хуысинæ æмæ Хъуыдинæйы амонды раз?

– Хуысинæ магуса, рæузонд лæппу у?

– Цæуылнæ уыди йæ бон ирæд бафидын? (Уыди сидзæр лæппу. Уæды рæстæджы ирæд уыди тынг стыр, æмæ йæ бирæты бон бафидын нæ уыд)

– Цавæр ахастытæ уыди лæппу æмæ чызджы æхсæн? (Бакæсын текстæй скъуыддзаг)

– Уыцы ахастдзинæдтæм сымах цавæр цæстæй кæсут?

– Хъуыдинæйы æфсымæртæ куыд дарынц сæхи хъазты? Цæмæн?

– Тасолтан хъазты цæуылнæ ис?

– Раст бакодта Хуысинæ, фыдæлты æгъдауы сæрты кæй ахызт, уымæй?

– Хъуыдинæйы скъæфт чызджы фæндæй кæй не ’рцыд, уый цæмæй бæрæг у?

(Радзырдæй скъуыддзаг бакæсын «… Мæйдар æхсæвæй… Згъорынц дугъæттæ»-йы онг)

– Æнæбары хъуыддаг æрцыд: фæмард Хъуыдинæ. Цы уавæры сты Хъуыдинæйы бинонтæ?

(Чызджы æфсымæртæ агурынц Хуысинæйы, цæмæй сæ маст, се ’фхæрд райсой)

– Чызджы фыд Тасолтан йæхи куыд дары? (Бацыд хæдзармæ. Æрхæндæгæй тъæхтиныл æрбадт. Зæронд зæрдæ – хæлддзаг мæсыг. Бады, цæссыгтæ æнцъылд рустыл згъорынц. Йæ кæуынмондæгтæ æнæ дзургæйæ уадзы.

Æдде хъæуы хистæрты цур афтæтæ кæнæн нæй)

– Уыдон цæуыл дзурæг сты?

(Ирон æгъдауыл хæст лæг кæй у, ууыл. Нæлгоймагыл, суанг фыдыл дæр, кæуын нæ фидыдта)

– Тасолтан æцæг ирон хистæр у, уый кæм рабæрæг вæййы?

(Хуысинæ йæхи къахæй æрбацыд, кæй бафхæрдта, уыцы зæронд лæджы хæдзармæ. Тасолтан æй хъуамæ бафхæрдтаид йæхи æфхæрд æмæ масты ныхмæ, фæлæ уый…)

– Куыд равдыста автор радзырды æцæг ирон хистæры хъару, йæ куырыхондзинад? Йæ хъару цæй мидæг ис?

(У хиуылхæцгæ, кæстæры ныхасмæ лæмбынæг байхъуыста, раст тæрхон скодта Хуысинæйæн)

– Хуысинæйæн йæ рæдыд цæй мидæг уыдис? (Ирон æгъдауы сæрты ахызт)

– Цæмæн æрбацыд Хуысинæ Тасолтаны хæдзармæ? Раст бакодта, куыд уæм кæсы?

– Йæ хъару, йæ лæгдзинад та цæй мидæг уыдис?

(Нæ фæтарст мæлæтæй, йæхи нæ бамбæхста хистæры тæрхонæй, фæрæдыд æмæ йæ рæдыдыл басаст, йæхи къахæй æрбацыд, карз тæрхон ын чи рахастаид, уый размæ)

– Цæмæн ныххатыр кодта зæронд Тасолтан Хуысинæйæн йæ чызджы аскъæфт æмæ мæлæт, йæхи æфхæрд?

(Æмбæрста, фыдæлты талынг æгъдæуттæ йæ кæй æркодтой ацы цъысым æмæ фыдæвзарæнмæ)

– Тасолтаны хъару, зонд æмæ куырыхондзинад тынгдæр цавæр эпизоды рабæрæг сты?

(«Уыцы аз хъæубæстæ æвдисæн уыдысты, Иры дзыхъхъы чи нæма æрцыд, ахæм хъуыддагæн: Тасолтан йæ дыккаг чызг Мæдинæйы Хуысинæйæн радта»)

Тасолтанмæ разынд ахæм хъару, æмæ ахызт æгъдæутты сæрты, фæуæлахиз йæ рухс зонд æмæ адæймагуарзондзинад (гуманизм).

– Ацы радзырды цы цаутæ æвдыст æрцыди, хистæр æмæ кæстæры æхсæн цы ахастдзинæдтæ ис, уыдон иу æмбисондæй зæгъæм: «Кæстæр – рæдийаг, хистæр – бараг».

– Радзырды уæ зæрдæмæ цы фæцыд?

– Цы нæ фæцыди уæ зæрдæмæ та?

*4. Тексты рахицæн кæнын пайдайаг æмæ зианхæссæг æгъдæуттæ, æрдзурын сыл.*

| Хорз | Æвзæр |
|---|---|
| Хистæры нымайын | Ирæд |
| Сылгоймагæн аргъ кæнын | Тугисыны æгъдау |
| Хиуылхæцын зонын | Чызг скъæфын |

5. *Ахуыргæнæг:* Ацы радзырдмæ гæсгæ цавæр æмбисæндтæ æрхæссын æмбæлы?

«Æгъдау – лæггæнæг».

«Хистæр буц у, кæстæртæ».

«Хæдзары æгъдау хистæрæй цæуы».

«Хистæры фарн бирæ у».

«Хистæрæн йæ фындз асæрф æмæ йæ зондæй бафæрс».

*6. Ахуыргæнæг:*

– Мыртазты Барисмæ ис диссаджы æмдзæвгæ, ирон адæймаг зæххыл цавæр æгъдæуттæм гæсгæ хъуамæ цæра, уый тыххæй. Уый тынг хæстæг у, абон цы уацмыс æвзарæм, уымæ. Байхъусут-ма йæм:

(Интерактивон фæйнæгыл фыст)

Ирон æгъдау куы нал зона ирон,
Уæд уый уыдзæн æнæуидаг бæласау.
Ирон æвзагæн чи кæна кæрон,
Уый хъуамæ Ирæй хæхты зæл фæласа!
Нæ фæнды мæн, æндæр дæттимæ æз
Мæхи хæхты куыд ысхæццæ уон донау.
Иронау цæрын у зæххыл мæ хæс,
Мæлгæ дæр хъуамæ акæнон иронау!

*7. Конкурс «Чи хуыздæр зоны æмбисæндтæ».*

– Хистæр – зондамонæг, кæстæр – ... (æгъдаухæссæг)

– Хистæрæн йæ фындз асæрф æмæ йæ зондæй … (бафæрс)

– Хистæрмæ цы кæстæр нæ хъуса, уый йæхицæн … (фыдбылыз у).

– Хистæры фарн … (бирæ у).

– Кæстæр хистæры кæм нал зона, уым æгъдау … (нæй).

– Æнæ хистæр æмæ æнæ кæстæрæй хæдзарæн… (цæрæн нæй).

– Кæстæртæ сæ хистæртæй хуыздæр

куы нæ кæной, уæд мыггаг сæфтмæ … (цæуы).

8. Æмбисонд «Хистæрæн йæ фындз асæрф æмæ йæ зондæй бафæрс»-ы хъуыды раргом кæнгæйæ, радзурын, нарт Батрадзæн Хæмыцы куыд марын кодтой, уый тыххæй. Цыбырæй æрдзурын Тетцойты Таймуразы уацмыс «Зæрæндти хонх»-ы тыххæй.

9. Экраныл куырыхон хистæрты къамтæ равдисын.

10. *Ахуыргæнæг:* Нæ фыдæлтæ ирон æгъдæуттæ хорз кæй зыдтой, уый дызæрдыггаг нæу. Зындгонд рагон историк А. Марцеллин афтæ фыста уый тыххæй: «В бедной осетинской сакле этикет соблюдается строже, чем в европейских палаццах».

Николай Рерих та, дунейы адæмты культурæтимæ базонгæ уæвыны фæстæ, ирæтты тыххæй загъта: «Горды должны быть осетины, измеряя славные корни свои».

– Цымæ мах нæхæдæг та куыд хорз зонæм нæ фыдæлты æгъдæуттæ, ирон этикет?

11. Викторинæ: «Куыд зонæм нæ фыдæлты æгъдæуттæ».

Фæрстытæ:

– Нарты хистæртæ чи уыдысты? (Уæрхæг, Уырызмæг, Хæмыц)

– Хæргæ-хæрын бинонтæй фынджы уæлхъус чи бадтис? (Хистæр). Кæстæртæ та кæм бадтысты? (Къонайæ дард ран, фæсвæд)

– Бинонты къæбицы дæгъæлтæ кæмæ уыдысты? (Хистæр æфсин – нанамæ)

– Хистæры уынаффæйæн аивæн уыд?

– Мад æмæ фыд хистæрты раз сæ сывæллæтты хъæбысмæ истой?

– Кæстæрæн хистæры «цу-ма»-йæн йæ бон «нæ» зæгъын уыдис?

– Ныхасы хистæртæ æмæ кæстæртæ цавæр бынат ахстой?

– Кæстæр хистæрæн йæ ныхас иста?

– Ронбæгъд, уæгъд æгънæджытимæ хистæры размæ кæстæрæн æмбæлди цæуын?

– Хистæр кæстæры куыд фарста: «Дæ ном куыд у?» æви «Кæй лæппу дæ?» Цæмæн?

– Кæстæр æнæзонгæ хистæр нæлгоймаг æмæ сылгоймагмæ цавæр номæй фæдзуры? Цæмæн? («Нæ мады хай», «Нæ фыды хай»)

– Ныхасы лæууæг кæстæртæй дæ иуимæ аныхас кæнын хъæуы. Куыд æм хъуамæ фæдзурай? (Хистæрæй бар ракургæйæ).

– Раздæр ирон адæм кæрæдзийæн салам куыд лæвæрдтой? Кæрæдзи къухтæ истой, хъæбыстæ, батæ кодтой?

*12. Ахуыргæнæг:* Геометрийы ис ахæм уаг: тыгъдадæн йæ кæцыфæнды бынатæй дæр ис уырдыгмæ рауадзæн æрмæст иу раст хахх. Кæд уыцы раст хахх дæ цардвæндаджы хахх у, уæд дын дзы иуварс ахизæн нæй. Фæлæ уыцы фæндагæй куы рахизай, уæд æгæр адард уыдзынæ, æмæ фæстæмæ тынг зын раздæхæн у. Афтæ не ʼгъдæуттæ дæр.

Зындгонд педагог Сухомлинский куыд бафиппайдта, афтæмæй зæххыл уыцы иу рæстæг цæры адæмы æртæ фæлтæры. Сæ иу у, йæ хуры хай ныгуылæнырдæм кæмæн тулы, ахæм, иннæ фæлтæр – йæ хур йæ тæккæ тæмæны кæмæн ис, ахæм фæлтæр, æртыккаг фæлтæрæн та йæ хур нырма ныр скæсынмæ хъавы. Æмæ цæмæй цард раст уагыл арæзт цæуа, уый тыххæй ацы æртæ фæлтæры хъуамæ уой баст кæрæдзиуыл æнæхæлгæ æндахæй.

13. Сывæллæттæ радыгай бакæсынц Цомартаты Дунетханы æмдзæвгæ «Нæ урсзачъе зæрæдтæ». (Экраныл – хистæрты къамтæ)

*III. Урочы кæронбæттæн.*

*1. Ахуыргæнæг:* Хъайттаты Сергейы радзырдæй абон мах нæ зонды къæбицы цы сæвæрдзыстæм?

2. Хатдзæгтæ скæнын, эпиграфимæ сæ бабæттын.

3. Слайдты фоныл зæлы зарæг «Бирæ нын цæрат, нæ буц хистæртæ».

*IV. Хæдзармæ куыст.* Ныффыссын таурæгъон сочинени, хистæры зонд æмæ фæлтæрддзинад кæстæрæн æхххуыс кæм фæци, ахæм цауы фæдыл.

***Гæззаты Иринæ,***
Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы
ахуыргæнæг



*Урочы темæ:* ***«Нæ алыварс дуне – нæ хъахъхъæнинаг»***
*(Номдары нысаниуæг æмæ йæ грамматикон æууæлтæ)*
*Фæлхатыны урок*

**Урочы нысантæ:**

1. Номдарæй рацыд æрмæг бафидар кæнын.

2. Скъоладзаутæ номдарæй ныхасы мидæг пайда кæнынмæ куыд арæхсынц, уый сбæрæг кæнын.

Ахуыр кæнын фарстæн раст дзуапп дæттыныл, алыхуызон синтаксисон арæзтытæй пайда кæнгæйæ.

3. Скъоладзауты ахуыр кæнын æрдзмæ бæрнон цæстæй кæсын, æрдз хъахъхъæнын.

***Урочы хуыз:*** урок-акци.

***Урочы фæлгонц:*** интерактивон фæйнæгыл презентаци, видеоæрмæг, текст, карточкæтæ, цæрæгойты къамтæ, зæрдылдарæн гæххæттытæ.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæджы ныхас:* Абоны урок, чи зоны, иннæ уроктæй чысыл хицæн кæндзæн. Цæмæй, уый уæхæдæг фæстæдæр банкъардзыстут. Абон мах сфæлхат кæндзыстæм, номдарæй цы рацыдыстæм, уыцы æрмæг. Уыимæ ма, номдарыл дзургæйæ, мах ныхас кæндзыстæм, нæ алыварс цы рæсугъд дуне уынæм, ууыл, нæ цæрæгойтыл, бæлвырддæр та æрдзурдзыстæм иу рæсугъд сырдыл – стайыл.

Бакæсут-ма мæнæ ацы нывтæм. Цавæр миниуджытæ бафиппайдтат ацы цæрæгоймæ, нывтæм кæсгæйæ? Цавæр у ацы цæрæгой? Ахъуыды кæнут: никуы фембæлæм стайыл? *(Гербыл)*

Ирыстоны гербыл цы цæрæгой ис, уый нысан кæны ныфс, хъару, тых, сæйрагдæр та – сæрыстырдзинад.




***II. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Текстыл куыст.* Бакæсæм текст митын стайы тыххæй. Текст бакæсыны размæ уал равзарæм, йæ мидис хуыздæр бамбарынæн нын чи феххуыс уыдзæн, уыцы дзырдтæ.

*2. Дзырдуатон куыст:*
тугдзых – хищный
сау хъулæттимæ – с черными пятнами
æвдулын – валяться (в снегу).

– Лæмбынæг хъусут, цæмæй уæ бон бауа фæрстытæн дзуапп раттын.




3. *Фæрстытæн дзуæппытæ раттын.*

– Цавæр цæрæгой у митын стай?

– Кæм æмбæлы арæхдæр?

– Цæмæн æй бахастой «Сырх чиныг»-мæ?

– Цы у «Сырх чиныг»?

*Ахуыргæнæг:* Митын стайæ уæлдай ма бирæ цæрæгойтæ хаст æрцыдысты «Сырх чиныг»-мæ. Ахæм уавæрмæ кæй æрхаудтой, ома хъахъхъæнинаг кæй фесты, уым та аххосджын у адæймаг.

Æркæсут-ма текстмæ. Иуæй-иу дзырдтæ дзы фыст сты стыр дамгъæйæ. Цæмæн? *(стыр дамгъæйæ фыст цæуынц сæрмагонд номдартæ)*

4. *Грамматикон æрмæгыл куыст.*

Нæ тексты ис 3 дзырды цухгонд дамгъæтимæ. Хъусгæ сæ фæкодтам, фæлæ сæ фысгæ та куыд кæнæм?

– Цавæр ныхасы хæйттæ сты ацы дзырдтæ?

– Цæмæй йæ базыдтат?

– Цы у номдар?

– Куыд сбæрæг кодтат ацы дзырдты æмхъæлæсонты растфыссынад?

5. *Хæслæвæрд:* дзырдтæ рафыссын, сæвæрын сæ иууон нымæцы.

Хъæдтæм –

Сырдтыл –

Мæргътыл –

6. *Интерактивон фæйнæгыл куыст.*

– Текстæй райстам иууон нымæцы номдартæ (*царм, къæдзил, чиныг*). Сæвæрут сæ бирæон нымæцы. Раст сæ фыссæм бирæон нымæцы æви нæ, уый та нын сбæрæг кæндзæн нæ «диссаджы» фæйнæг.

*(Номдарты бирæон нымæц аразыны хицæндзинæдтæ бафидар кæнын, интерактивон фæйнæгимæ кусгæйæ)*

7. *Дидактикон хъазт «Кæронмæ гæсгæ хауæн базон».*

*Ахуыргæнæг:* Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм номдары хауæнты кæрæттæ. Æз уын æвдисдзынæн карточкæ кæронимæ, сымах та дзурдзыстут, цавæр хауæны кæрон у, уый.

– Тексты ссарæм ацы хауæнты æвæрд дзырдтæ, рафыссæм сæ.

– Номдары тасындзæг, интерактивон фæйнæгимæ кусгæйæ, ныффидар кæнын (тасындзæг кæнынц дзырд *цæрæгой*).

– Иу хатт ма нæхи бафæлварæм. Иу ахуырдзау дзырды кæрæттæ хауæнтæм гæсгæ аивта. Цымæ раст ныффыста хауæнты кæрæттæ? *(куыст бæрæг кæнынц)*

8. *Улæфты минут.*

*Ахуыргæнæг:* Не уæнгтæ аивазæм. Æххуыс та нын кæндзысты, абон кæй кой кæнæм, уыцы цæрæгойтæ.

*Физминуткæ:*

Хъæдхой бæлас хойы.

Дымгæ хъæды къуыс-къуыс кæны.

Тæрхъус гæппытæ кæны миты обæуттыл.

Дзывылдар бæласæй бæласмæ ратæхбатæх кæны.

*Ахуыргæнæг:* Куыд бамбæрстат, афтæмæй стæм хъæды. Уым та цæры бирæ алыхуызон сырдтæ. Цæмæй семæ фембæлæм, уый тыххæй хъæуы æмбисæндтæ бакæсын.







– Баулæфыдыстæм æмæ дарддæр кусæм.




*Ахуыргæнæг:* Ацы хъуыдыйад равзарын хъæуы хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ, дзырдæн *«хæхты»* та скæнын морфологион æвзæрст.

*9. Хатдзæгтæ.*

*Ахуыргæнæг:* Иу хатт ма нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм номдары нысаниуæг æмæ йæ грамматикон æууæлтæ.

– Абон мах дзырдтам, нæ алыварс дунейы цы цæрæгойтæ ис, уыдоныл. Хъыгагæн, цы цæрæгойты кой ракодтам, уыдоны нымæц къаддæрæй-къаддæр кæны. Куыд уæм кæсы, цы бакæнын хъæуы, цæмæй уыцы цæрæгойтæ цæрой?

– Уæдæ сæ «Сырх чиныг»-мæ дæр уымæн хæссынц, цæмæй хъахъхъæд цæуой.

– Куыд зонут, афтæмæй Дзæуджыхъæуы дæр ис сырддон, уым ис алыхуызон рæсугъд цæрæгойтæ. Æз фембæлдтæн сырддоны хицауимæ, бирæ цымыдисаг хабæрттæ мын ракодта, сымахæн та æрбарвыста курдиат-сидт. Бакæсут æмæ байхъусут.

*Цыбыр видеоæрмæг:* сырддоны хицау сиды сывæллæттæм, цæмæй сырддоны хи хорз дарын зоной.

***III. Урочы кæронбæттæн.***

– Ныр æй, æввæццæгæн, бамбæрстат, нæ урок хуымæтæг урок кæй нæ уыд, фæлæ урок-акци.

Æмæ уыцы акцимæ мах ныртæккæ сараздзыстæм къулы газет. Уый алы хатт дæр уыдзæн уæ цæстыты раз, цæмæй цæрæгойты раз уæ хæс макуы рох кæнат.



Мах сидæм æппæт адæммæ, цæмæй уарзой æмæ хъахъхъæной, сæ алыварс цы цæрæгойтæ ис, уыдон.

*(Скъоладзаутæн лæвæрд æрцыдысты зæрдылдарæн гæххæттытæ-сидт æрдз хъахъхъæныны тыххæй)*

# ЦÆГАТ КАВКАЗЫ МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ ÆРЫГОН АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ФЕМБÆЛД

Нæ республикæйы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хъæппæрисæй ацы аз хуымгæнæны мæйы Цæгат Кавказы регионты мадæлон æвзæгты æрыгон ахуыргæнджыты ’хсæн арæзт æрцыд фестиваль-конкурс «Мир моих увлечений». Конкурсы архайдтой Цæгат Ирыстоны (ирон æвзаг æмæ литературæ), Кæсæг-Балхъары (кæсгон æвзаг æмæ литературæ, балхъайраг æвзаг æмæ литературæ) æмæ Цæцæны (цæцæйнаг æвзаг æмæ литературæ) мадæлон æвзæгты æрыгон ахуыргæнджытæ.

Конкурсы архайджытæ сæ арæхстдзинад æвдыстой æртæ номинацийы:

– «Все движимо любовью…»;
– «Счастьем поделись с другим»;
– «Летящее вдохновение».

Номинаци ***«Все движимо любовью…»*** уыд, конкурсы архайджытæ сæхи тыххæй кæм дзырдтой, ахæм.

Номинацийы ***«Счастьем поделись с другим»*** æрыгон ахуыргæнджытæ равдыстой, сæ дæсныйадмæ куыд арæхсынц, уый.

Номинацийы ***«Летящее вдохновение»*** æргомгонд æрцыдысты æрыгæтты сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ зарынмæ, кафынмæ, æмдзæвгæтæ аив дзурынмæ æмæ æнд.

Конкурсы уæлахиздзау ссис Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы æрыгон ахуыргæнæг ***Къораты Жаннæ.***

Фыццаг къæпхæны диплом жюрийы уæнгтæ радтой Налцычы педагогон колледжы кæсгон æвзаг æмæ литературæйы æрыгон ахуыргæнæг ***Пошолова Сакимайæн.***

Дыккаг къæпхæны диплом саггаг кодтой Дзæуджыхъæуы 16-æм гимназы ирон æвзаг æмæ литературæйы æрыгон ахуыргæнæг ***Дзодзыккаты Зелимæн.***

Æртыккаг къæпхæны дипломæй та хорзæхгонд æрцыд Грознайы 48-æм скъолайы цæцæйнаг æвзаджы æрыгон ахуыргæнæг ***Хачукаева Хадижат.***

Конкурс тынг фæцыд адæмы зæрдæмæ. Йæ аразджыты уынаффæмæ гæсгæ ацы мадзал уыдзæн æрвылазон, фидæны дзы архайдзысты Хуссар Ирыстоны æмæ Кавказы иннæ регионты минæвæрттæ дæр.





## РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС «ХУЫЗДӔР МЕТОДИКОН ӔВӔРӔН»

Мидисджын ӕмӕ цымыдисаг уыд, Ахуырады кусджыты зонындзинӕдтӕ уӕлдӕргӕнӕн институт ирон ӕвзаджы ахуыргӕнджыты 'хсӕн цы методикон ӕвӕрӕнты республикон конкурс расидт, уый. Конкурс арӕзт ӕрцыд сӕрдыгон курсыты рӕстӕг.

Конкурсы нысан ӕмӕ хӕстӕ уыдысты ахӕмтӕ:

– фӕрӕвдздӕр кӕнын ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы ахуыргӕнджыты профессионалон цӕттӕдзинад;

– сбӕрӕг кӕнын, сфӕлдыстадон куыст чи кӕны, уыцы ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы ахуыргӕнджыты;

– равдисын, ахуырты рӕстӕг информацион технологитӕй куыд пайда кӕнӕн ис, уый;

– рапарахат кӕнын, ахадгӕдӕр куысты хуызтӕй чи пайда кӕны, уыцы ахуыргӕнджыты фӕлтӕрддзинад;

– ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы ахуыртӕ фӕхъӕздыгдӕр кӕнын ног ахуырадон ӕрмӕджытӕй.

Ирон ӕвзаджы ахуыргӕнджытӕ конкурсмӕ балӕвӕрдтой тынг алыхуызон ӕрмӕджытӕ. Се 'хсӕн уыдысты:

– авторон ахуырадон программӕтӕ (компьютерон ахуырадон программӕтӕ дӕр);

– хи цӕттӕгонд урокты системӕ (кӕнӕ хицӕн урокты);

– программон темӕтӕм гӕсгӕ цӕттӕгонд дидактикон ӕрмӕджытӕ (презентацитӕ дӕр);

– ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы программон темӕтӕм гӕсгӕ арӕзт тестытӕ (компьютерон тестытӕ дӕр);

– хицӕн темӕтӕ бацамонынӕн ӕхxуыс чи у, ахӕм цӕстуынгӕ ӕрмӕджытӕ (куыд

электрон хуызы, афтæ райуаргæ хуызы дæр);

– наукон-иртасæн куыстытæ (уацхъуыд, экспериментталон куысты хуызтæ æмæ æнд.);

– аннимацион ахуырадон æрмæджытæ (дзырдбыдтæ, ребустæ, хъæзтытæ æмæ æнд.);

– мультимедион презентацитæ;

– видеоæрмæджытæ;

– грамматикон хъæзтытæ;

– элективон курсыты æрмæджытæ (программæтæ, методикон амындтытæ, ахуырты конспекттæ, презентацитæ æмæ æнд.);

– фæсурокты куысты хуызтæ: викторинæтæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ,

кружокты куысты пълантæ æмæ ахуыртæ, олимпиадон хæслæвæрдтæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ;

– хъомыладон куыстыты сценаритæ сæ презентацитимæ.

Æппæт æрмæджытæ дæр дзуапп лæвæрдтой ахæм домæнтæн:

– уыдысты ног цымыдисаг ахуырадон фæрæз;

– нырыккон технологиты бындурыл арæзт;

– методикон æгъдауæй цымыдисаг;

– æргом кодтой ахуыргæнæгæн йæхи сфæлдыстадон гæнæнтæ.

Методикон æвæрæнты конкурсы домæнтæм гæсгæ ахуыргæнджытæ дзырдтой, конкурсмæ цы методикон æвæрæн балæвæрдтой, уымæй ахуырты рæстæг куыд пайдагæнæн ис, æмæ йæ ахуырадон ахадындзинад цас у, уый тыххæй.

Жюрийы уæнгтæ методикон æвæрæнæн аргъ кодтой канд йæ мидисмæ гæсгæ нæ, фæлæ ма йын автор йæ ахадындзинад куыд æмбарын кæны, уымæ гæсгæ дæр.

Методикон æвæрæнты конкурсы архайдтой Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг *Саухалты Валентинæ,* Дзæуджыхъæуы 5-æм Профессионалон училищейы ахуыргæнæг *Хъайтыхъты Риммæ,* Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ахуыргæнджыты къорд *Дзебысаты Зарæ, Соскиты Жаннæ, Битарты Светæ* æмæ *Гæбуты Неля;* Дзæуджыхъæуы 14-æм скъолайы ахуыргæнæг *Хъамболты Светланæ,* Дзæуджыхъæуы 48-æм скъолайы ахуыргæнæг *Цуцаты Розæ*, Фарныхъæуы скъолайы ахуыргæнæг *Царахаты Зæлинæ.*

Конкурсы уæлахиздзаутыл нымад æрцыдысты Дзæуджыхъæуы 48-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Цуцаты Розæ*** æмæ Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ахуыргæнджыты къорд ***Дзебысаты Зарæ, Соскиты Жаннæ, Битарты Светæ*** æмæ ***Гæбуты Неля.***

Конкурсы хуыздæр архайджытæ хорзæхгонд æрцыдысты Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты кады гæххæттытæй (дипломтæй) æмæ чысыл зæрдылдарæн лæвæрттæй.

Нæ журналы мыхуыр кæнæм конкурсы уæлахиздзау Цуцаты Розæйы сфæлдыстадæй чысыл хай æмæ Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ахуыргæнджыты сфæлдыстадон куыстыл афæлгæст.



***Цуцаты Розæ,***
Дзæуджыхъæуы 48-æм скъолайы ахуыргæнæг

## ДИДАКТИКОН ХЪÆЗТЫТÆ

ДЖ



ДЗ



ХЪ



Алы фынгыл дæр сæвæрут, цы ирон хæринæгтæ æмбæлы, уыдон.

давон…ын
…æдур
…айла
фыд…ын

…ыкка
къабуска…ын
нас…ын
кæр…ын

картоф…ын
…æрна
цæхæра…ын
…æрмхуыпп

ХЪ



КЪ



ТЪ



Чыргъæдты æрæмбырд кæнут халсартæ, дыргътæ.

бул…
…абуска
…æдур

фæт…уы
ал…ами

…омси
джи…ри
…æдындз





Иу бæласыл сауындзут, хъæлæсон мыртæй цы дыргъты нæмттæ райдайынц, уыдон, иннæуыл – æмхъæлæсон.

…æткъуы
…лтъами
…ерами

…æрдо
…ыртгæ
…хсынцъы

…æнæфсир
…пельсин
…омси




Иу хæдзармæ бахæссут, зылангон æмхъæлæсонтæй цы предметты нæмттæ райдайынц, уыдон, иннæмæ – æзылангон.

| | | | |
|---|---|---|---|
| сынтæг | гауыз | ныв | фынг |
| диван | тилифон | скъапп | бандон |
| телевизор | | | магнитофон |




Нывмæ гæсгæ равзарут миногонтæ. Саразут чысыл радзырд.

| | | |
|---|---|---|
| рæсугъд | бæрзонд | хæрзконд |
| хъарм | райдзаст | сабыр |
| уæздан | ныллæг | цъæх |
| уæрæх | сæрæн | сырх |
| урс | æхсарджын | æнæзивæг |
| сагсур | æгъдауджын | хъæбатыр |





Иу поезды сбадын кæнут номдарты, иннæйы – миногонты, æртыккаджы – мивдисджыты.

| | | | |
|---|---|---|---|
| рæсугъд | адæм | къори | зоны |
| къаба | каст | хъæлдзæг | райста |
| фæлмæн | уæрæх | тæрсы | хъæбæр |
| нард | нарæг | фæйнæг | ахоры |
| дзырдуат | маст | æфсарм | скъола |
| лыстæг | сырх | чиныг | ставд |







Иу уæлдæфон шары атæхдзысты нырыккон афоны мивдисджытæ, иннæйы – ивгъуыд афоны, æртыккаджы – суинаг.

| | | | |
|---|---|---|---|
| зардзæн | хъаздзæн | ахордзæн | æхсдзæн |
| бадт | каст | лыгъдис | быдта |
| зарыд | лæууы | кæсы | узы |
| фыссы | лидзы | кæсдзæн | æфснайы |

## *Дидактикон æрмæг темæ «Дзырды хæйттæ» равзарынæн*













Дзырды хæйттæ
ба
о
ны
из
æрба
ратулын
в
с
ра
æр
а


Ссар дзырдтæ
бонæй
рацæуæгыл
наронмæ
цæрагмæ
æмбал
кæсæг
æгад
хохаг
æрзилæгыл


Сæвæр фæсæфтуантæ
Уалдзыг.... бон афæдз дары.
Уалдзæг - магусайы удхæсс...
Уалдзæг - уæрык...
Уалдзæг - кус...
Уалдзæг - æрвнæр...
джын
ын
уг
æг

***Дзебысаты Зарæ,***
Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы
ахуыргæнæг

# ДЗÆУДЖЫХЪÆУЫ 44-ÆМ СКЪОЛАЙЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ФÆЛТÆРДДЗИНАДÆЙ

Адæмы царды æвзагæн ис стыр ахадындзинад. Уый у нæ удварны хæзна, æххуыс нын кæны нæ алыварс дуне хуыздæр базонынæн, иннæ æвзæгтæм хæстæгдæр уæвынæн.

Æхсызгон у, фæстаг рæстæджы нæ бæстæйы æппæт адæмыхæттытæ дæр æвзаджы рæзтмæ стыр æргом здахын кæй райдыдтой, уый. Ацы фарстыл кусгæйæ, уæлдай хæс æвæрд ис наукон кусджытæ æмæ скъолаты ахуыргæнджытыл.

Ныры дуджы наукæйы æнтыстдзинæдты æмрæнхъ стыр ивддзинæдтæ цæуы иумæйагахуырадон скъолайы куысты дæр. Ног ахуырадон технологиты фæзындимæ не скъолайы ахуыргæнджытæ дæр бæрнондæр цæстæй кæсын райдыдтой сæ куыстмæ. Арæхстджынæй пайда кæнынц куыд традицион методтæй, афтæ ног ахуырадон мадзæлттæй дæр: презентацитæй, слайдтæй, аудиойы фæрæзтæй. Уыдоны фæрцы ахуыртæ рауайынц хæрзхъæддæр, ног зонындзинæдтæ лæвæрд цæуынц наукон бындурыл æнцойгæнгæйæ.

Ныр бирæ азты дæргъы нæ ахуыргæнджытæн арæхстджын разамынд дæтты директоры хæдивæг Джиоты Заремæ, методиугонды разамонæг та у Соскъиты Жаннæ – уæлдæр къæпхæны ахуыргæнæг.

Не скъолайы сæйраг методикон темæ у «Ахуырадон-хъомыладон процессы гуманизаци æмæ интеграци». Уый нысан кæны, алы скъоладзауæн дæр фадат кæй ис йæ индивидуалон удыхъæд раргом кæнынæн куыд ахуыры, афтæ сфæлдыстады дæр. Предметон къуырийы рæстæг ахуыргæнджытæ бацархайынц алыхуызон темæтыл гом уроктæ раттын. Зæгъæм: «Адæймаджы уды хъаруйæн аргъ кæнын хъæуы», «Мæ ног æмбæлттæ», «Цард куыстæй фидауы», «Адæймаг космосон тыгъдады» æмæ афтæ дарддæр.

Рæстæджы домæнтæм гæсгæ традицион методты фарсмæ пайда кæнæм ног ахуырадон технологитæй. Нæ куыст аразæм афтæ, цæмæй скъоладзау алы ахуыргæнæджы дæр уына адæймаджы хуыздæр миниуджытæ, ома бæрнондзинад йæ куыстмæ, цæстуарзон ахаст алы сывæллонмæ дæр. Уымæ гæсгæ нæ методиугонды сæйраг хæстæ сты:

1. Ирон æвзаг æмæ литературæйы урокты пайда кæнын æвзаджы истори æмæ этимологийы æрмæгæй.

2. Фылдæр æргом здахын адæмон сфæлдыстады æппæт жанртæм æмæ бæстæзонæн æрмæгмæ.

3. Урокты пайда кæнын ног технологитæй.

4. Скъоладзауты кармæ гæсгæ цы æрмæг уа, уымæ хъус дарын.

5. Зындгонд адæм æмæ фысджыты хорз миниуджытæй пайда кæнын хъомыладон куысты.

6. Литературон уацмыстæ æвзарын, абоны царды сæйрагдæр фæрстытимæ бæтгæйæ.

7. Фылдæр æргом здахын фæсурокты куысты хуызтæм.

Не скъолайы ис цыппар ирон æвзаджы ахуыргæнæн кабинеты. Кабинеттæ ифтонггонд сты аивадон, ахуыргæнæн æмæ наукон литературæйæ. Алкæцыйы дæр дзы ис компьютер, проектор, иу кабинеты та – интерактивон фæйнæг. Уыйбæрц компьютерон комплекстæй кæй пайда кæнæм, уый у нæ директор Цуциты Т. Н разамынд æмæ хъаруйы фæрцы.

Ацы аз нæ ахуырадон кабинеттæй иу балæвæрдтам Дзæуджыхъæуы скъолаты ирон æвзаджы кабинетты æркастмæ. Саккаг нын кодтой фыццаг бынат.

Не скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ сты 16. Уыдонæй райдайæн скъолайы кусы 5 ахуыргæнæджы,

иннæтæ – хистæр скъолайы. Уыцы 16 ахуыргæнæгæй дæсмæ ис уæлдæр квалификацион категори, иумæ – фыццаг категори, цыппармæ – дыккаг категори.

Ног ахуырадон технологиты фæзындимæ мах фылдæр æргом здахæм, цæмæй скъоладзау уа урочы активон архайæг. Дæнцæгæн уын æрхæсдзынæн уроктæй хицæн хæйттæ.

Соскъиты Жаннæйæн йæ алы урок дæр вæййы мидисджын, фæлæ уæлдай цымыдисагдæр рауайынц æвзаджы уроктæ. Уыдонæй иу ахæм урок цыд 11-æм къласы. Йæ урочы темæ: «Ирон æвзаджы бынат нæ адæмы удварны рæзты».

Раззаг урочы ныхас цыд æвзаджы тыххæй иумæйагæй, куыд фæзындысты æвзæгтæ, цавæр у сæ нысаниуæг æхсæнадон царды. Ацы урочы та ныхас цыд æрмæст ирон æвзагыл.

Ахуыргæнæг урочы спайда кодта фарстон-дзуаппон методæй, скъоладзауты комментаритæй. (Интерактивон фæйнæгыл фыст Джыккайты Шамилы æмдзæвгæ «Дыууадæс дзырды»).

*Фарст:* Чи уæ цавæр дзырд равзарид йæхицæн ахсджиагдæрæн? Цæмæн? (Скъоладзаутæ радыгай цыбыр комментаритимæ æвзарынц æмдзæвгæ).

Ног технологиты фæрцы цымыдисагдæр рауад урочы адæмон сфæлдыстадæй ист æмбисæндты бындурыл куыст.

– Лæджы йе 'взаг сафгæ дæр кæны, … ***æвзаджы***

– …ныхас хъæдбыны дæр нæ фидауы. ***аразгæ дæр***

– Цы зоныс, уыдон иуыылдæр ма дзур, цы дзурыс… ***дæрзæг***

– Карды цæф дзæбæх кæны, … цæф – нæ. ***уыдон иууылдæр зон***

– Дзырдæн Додзийы дурау авд æвæрæны ис.

Интерактивон фæйнæгыл æмбисæндты фарсмæ хæццæйæ фыст сты цухгонд дзырдтæ. Скъоладзау ссары хъæугæ дзырд æмбисонды мидисмæ гæсгæ æмæ йæ къухы æнгуылдзы бамбæлдæй бавæры йæ бынаты. Ацы ран ахуыргæнæг æрмæст хъомыладон куыст нæ бакодта, фæлæ ма бацархайдта скъоладзауты хъуыдыкæнынад рæзын кæныныл.

Урочы ма не скъолайы ахуыргæнджытæй уæлдай уыди уазæг фæсарæнтæй – польшæйаг ахуыргонд-æвзагиртасæг Анжий Песович.

Куыд радзырдта, афтæмæй йæ зæрдиагæй фæнды ирон æвзаг лæмбынæгдæр раиртасын. Йæ цыды сæр Ирыстонмæ дæр уый тыххæй уыд. «Я, поляк по происхождению, завидую вам, потомкам такой древней и богатой культуры», – загъта Анжий Песович скъоладзаутæн урочы кæрон.





Ирон æвзаджы рæсугъддзинадæй уæлдай ма йæ дисы бафтыдтой нæ хъомылгæнинæгты уæздандзинад æмæ сæ арæхстджын дзуæппытæ, урочы фæлгонц ног информацион фæрæзтæй.

«Ирон национ скъолайæн йæ сæйрагдæр куыст хъуамæ суа рæзгæ фæлтæры нæ удварны хæзнатæй ифтонг кæнын…

…Райдайæм-ма уæдæ не скъоладзаутæн алы литературæйы урочы дæр удварны минуттæ, удварны уысмтæ лæвар кæнын…», – зæгъы ЦИПУ-йы педагогикæйы факультеты доцент Уалыты Татьянæ.

Æмæ æцæгæйдæр, æрмæст нарты каджджытæй дæр цас фæхъæздыгдæр кæнæн

ис сывæллоны миддуне. Уымæ гæсгæ мах дæр нæ хъомылгæнинæгты ахуыр кæнæм нарты Уырызмæджы, Сосланы, Батрадзы хуызæн хъæбатыр, сæрыстыр уæвыныл. Ахæм уроктæй иу у Битарты Светланæйы урок, ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы ахуырдзауты къордтæн. *Ныхасы темæ:* «Ацæмæзы уадындз».

*Грамматикон темæ:* Дзырдты тематикон къордтæ.

Пайдагонд æрцыд ахæм хуызджын слайдтæй:

– дала фæндыры фæзынд,
– Иры кадæггæнджытæ,
– фæндыры фæзынд,
– Цгъойты Хазбийы мидисджын хъуыдытæ,
– Тугъанты Махарбеджы ныв «Нарты Ацæмæз» таурæгъæй æрфыстимæ.

Адæмон музыкалон инструменттæ



Фæндыры фæзынд



Ахуыргæнæг компьютерон комплекстимæ арæхстджынæй кæй архайы, уымæ гæсгæ ноджы аивдæр рауад урочы грамматикон темæ амоныны хай.

*1. Сæр, цæсгом, былтæ – адæймаджы буары хæйттæ.*

*2. Бæх, хъуг, гал – хæдзарон фос.*

*3. Баба, нана, мад, фыд – бинонтæ.*

*4. Арв, кометæ, космос – астрономион нæмттæ.*

*5. Уырызмæг, Сослан, Ацæмæз – нарты каддзжыты хъайтартæ.*

*6. Урс, сырх, бур – хуыз бæрæггæнæн дзырдтæ.*

Æмбæхст дзырдтæ æмæ предметон нывтæ скъоладзауты дзуæппыты фæстæ рæсугъд разынынц æмæ сæ бынæттæ ссарынц. Афтæмæй скъоладзаутæй чи йæ рæдыд ссары, чи та йæ раст дзуаппыл бацин кæны.

«Алгъуызы кадæг» æмæ «Амыран» ахуыр кæнгæйæ, скъоладзаутæ сæхæдæг хибарæй бацæттæ кодтой сæхи конд нывтæй презентацитæ.







Ног технологон дуджы ахæм аив презентациты руаджы скъоладзаутæ кусынц активондæрæй, рæзы сæ хъуыдыкæнынад, цыбæл кæнынц ногдзинад æмæ ахуырмæ, бæрзонддæр уагыл æвæрд цæуы скъоладзау æмæ ахуыргæнæджы æмгуыстад.

Скъоладзауты хи цæстæнгас рæзын кæныныл, дзуринаг информаци логикон æгъдауæй раст равдисыныл, иумæйаг хатдзæгтæ кæныныл ахуыр кæны йæ хъомылгæнинæгты Гæбуты Неля. Уымæн та

йын æххуыс сты йæ интегративон урoктæ. Ахæм урoктæй иу лæвæрд æрцыдис, не скъолайы цы Æппæтуæрæсейон семинар цыдис, уым.

***Урочы темæ:*** *Æвзаджы равзæрд æмæ рæзт. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ʻхсæн.*

Ацы урочы ахуыргæнæг арæхстджынæй спайда кодта ног технологитæй: скъоладзауты комментаритæй, скъоладзауты хъусынгæнинæгтæй, предметты æхсæн бастдзинадæй, хуызджын слайдтæй.

Ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы ахуырдзауты фонетикон æмæ интонацион арæхстдзинæдты рæзтыл бакусынæн Цориты Лидæ сæйрагдæрыл нымайы аудиоæрмæджытæ. Цорион йæ алы урок дæр райдайы ахæм хæсæй: байхъусут, бакæсут, зæгъут.




Дидактикон æрмæг



Ирон аив дзырды зæлтæ урочы райдайæны стыр ахъаз фæвæйййынц скъоладзауты куыстмæ сразæнгард кæнынмæ.

Ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы ахуырдзаутимæ кусгæйæ, нæ ахуыргæнджытæ фылдæр æргом здахынц скъоладзауты индивидуалон арæхстдзинæдтæ раргом кæнынмæ, цæмæй æппæты лæмæгъдæр ахуырдзау дæр иннæтæй йæхи дæлдæр ма æнкъара, коллективæй хиценгонд ма уа. Ахæм ахуырдзаутæн лæвæрд фæцæуы æнцондæр хæстæ. Ацы къордты æвзагмæ цымыдисдзинад рæзын кæныны тыххæй нæ ахуыргæнджытæ архайынц урочы æрмæгæй раст пайда кæныныл:

а) хуымæтæг куысти хуызтæй вазыгджындæртæм рахизын;

æ) цыбыр, фæлæ мидисæй алывæрсыг текстæ æвзарын;

б) хъæугæ слайдтæ æмæ дидактикон æрмæгæй пайда кæнын;

в) рацыд æрмæг ногимæ бæттын.

Фæлхат кæныны урoкты æрмæг фæбæлвырддæр кæнынæн, кæнæ ног æрмæг ныффидар кæнынæн нæ ахуыргæнджытæ алыхуызон темæтæм саразынц тестытæ куыд ирон къордтæн, афтæ уырыссаг къордтæн дæр.

Ног технологиты ахадындзинад æмæ сæ раст пайда кæныны фарстаты фæдыл не скъолайы цыд Республикон семинар ахæм темæйыл: «Компьютерон технологитæ ирон æвзаг æмæ кæсыны урoкты». Хорз профессионалон дæсныдзинад равдыстой ацы гом урoкты Челдыты Виктория (1-æм кълас, «Мыр æмæ дамгъæ Бб») æмæ Гуыбаты Аллæ (4-æм кълас, «Мивдисæджы нысаниуæг»).

Райдайæн скъолайы ахуыргæнджытæй иуæй-иутæ сæхæдæг амонынц ирон æвзаг æмæ кæсыны урoктæ. Методикæйы домæнтæм гæсгæ раст æмæ алыхуызон дидактикон æрмæгæй хъæздыг вæййынц Джиоты Зæлинæйы, Бæцæзаты Мæдинæйы, Дзеранты Тæирæйы урoктæ. Мадæлон æвзаг нырыккон ахуырады домæнтæм гæсгæ амонынмæ тырны нæ кафедрæйы æрыгон ахуыргæнæг Хуыбежты Фатимæ дæр.

Урoктæм цæттæ кæнгæйæ нын стыр æххуыс фæвæйййынц, фæстаг рæстæг нæ АКЗУИ-ы ирон æвзаджы кафедрæйы кусджытæ цы методикон чингуытæ рауагътой, уыдоны æрмæджытæ.

Нæ ахуыргæнджытæ хуынд уыдысты Республикон семинарты рæстæг мастер-классмæ: Джиоты Заремæ (13-æм скъола), Дзебысаты Зарæ (14-æм скъола).

Ахуырадон-хъомыладон куысты ахсджиаг бынат ахсы скъоладзаутимæ фæсурокты куыст. Цымыдисаг рауайынц не скъолайы ирон æвзагыл арæзт конференцитæ, конкурстæ, викторинæтæ.

Нæ хъомылгæнинæгты ’хсæн ис бирæ курдиатджын фæсивæд, кæцытæ хорз арæхсынц кафынмæ, зарынмæ, сценикон нывты архайынмæ. Уыдонимæ фæсурокты зæрдиагæй фæкусынц Будайты Ранетæ, Цакъоты Людмилæ, Цориты Лидæ, Гусаты Мæдинæ, Хайманты Эммæ.

Не скъоладзаутæ хорз æнтыстытæ равдисынц æвзаг æмæ литературæйы олимпиадæты, наукон конференциты. Кады гæххæттытæй хорзæхгонд æрцæуынц куыд нæ хъомылгæнинæгтæ, афтæ ахуыргæнджытæ дæр.

Не скъолайы семинартæ арæх кæй цæуынц, уымæ гæсгæ нæ завуч Джиоты Заремæ АКЗУИ-ы ирон æвзаджы ахуыргæнджыты кафедрæйы сæргълæуууæг Уалыты Татьянæмæ бахаста фæндон, цæмæй нæ ирон æвзаджы ахуыргæнджыты æппæт ахуырадон-хъомыладон куысты æрмæгæй скъолайы арæзт æрцæуа брошюрæ. Ныртæккæ йыл кусæм, цæттæ уыдзæн ног ахуыры азмæ.

# АХУЫРГÆНДЖЫТЫ СФÆЛДЫСТАДÆЙ



**Сидахъаты Кларæ**

Сфæлдыстадон курдиатæй хайджын у Беслæны 4-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Сидахъаты Кларæ. Йе 'мдзæвгæтæ, чысыл радзырдтæ æмæ пъесæтæ, æхсæнадон цардыл фыст уацхъуыдтæ арæх мыхуыргонд цæуынц районы газет «Рахизфарсы цард»-ы. Кларæ у хъæздыг миддунейы хицау, домаг йæхицæй дæр æмæ йæ кæстæртæй дæр. Ис ын диссаджы нуарджын æвзаг. Ацы миниуджытæ фæбæрæг сты куыд йæ уроктыл, афтæ йе сфæлдыстадыл дæр.

Уæд фæсмойнаг.

Кæд нæ зоныс дидинæгæн ды йæ рæсугъд ад,
Кæд нæ агуырдтай чысылæй ленк кæнынæн цад,
Кæд нæ хуыдтай æрдзы хъæбыс ды дæ мад,
Уæд нæ кæныс Райгуырæнæн абоны бон кад.

Кæд дзæнгæрæгау нæ уыдис цъиуты зард дæуæн,
Кæд хæрзгæнæгау нæ зындис хуры рухс тæмæн,
Кæд нæ зарыдис дæ удæн суадætты тæдзæн,
Уæд нæ бафтыдис дæ удыл æрдзы рухс кæлæн.

Кæд кæлæнгондау нæ хъуыстай фæндыры зæлтæ,
Уды быцъынæг нæ тыдтай кафынмæ кæддæр.
Кæд ирон зарæджы зæлтæ не 'руагътай бæстæм,
Уæд дæуæй «дæ бæсты хъæбул» нæй зæгъæн, кæстæр.

Мæ сæнтты уæ фæмысын.

Æз райгуырдтæн рæсугъд æрдзы хъæбысы,
Кæм ызгъордта хæл-хæлгæнгæйæ дон.
Мæ сæнтты уæ æдзухæй дæр фæмысын,
Бæрзонд уæлвæзтæ, дидинæгджын ком.

Æнæзивæг-иу сæныччыты тардтон,
Сыфтæрджын хъæдмæ, сатæгмæ рæфты,
Бæгъæмвадæй-иу уазал доны уадтæн.

Уæды рæстæг мæ раздахын фæнды.

Хъæбысыдзагæй дидинджытæ хастон,
Нæ хъæдрæбынты къозодзуан зылдтæн,
Æхсæвæрæг æртæхдзыдæй æз уарзтон,
Бæркæдтимæ-иу хæдзармæ цыдтæн.

Сбадтæн-иу зæрдæхъæлдзæгæй кæрты,
Кодтон-иу мæ дидинтæй хæлттæ.
Мæ зарæг тахт зæллангæнгæ мæ сæрты.
Цы мæт мæ уыди – алцы дæр цæттæ.



## Цгъойты Аринæ

Хуры хуызæн адæймаг, йæ зæрдæйы хъарм рæзгæ фæлтæрæн æнæвгъау чи лæвар кæны, уыцы æрыгон сылгоймаг Цгъойты Аринæ кусы райдайæн кълæсты ахуыргæнæгæй Хуссар Ирыстоны Колыты Аксойы номыл паддзахадон Аивæдты лицейы.

Аринæ скъолайы фæстæ каст фæци Цæгат Ирыстоны Аивæдты училище (ирон фæндыры хайад). Уый фæстæ – Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон Педагогон институты райдайæн ахуырады педагогикæйы æмæ методикæйы факультет.

Аринæйæн ис цыппар сидзæр хъæбулы (3 чызджы æмæ иу лæппу). Йæ хистæр чызг ахуыр кæны ХИПУ-ы журналистикæйы факультеты 4-æм курсы.

Аринæ тынг бирæ уарзы поэзи, йæхæдæг дæр архайы фыссыныл. Аринæйы зæрдæйы уæлдай бынат ахсы уарзондзинад йæ чысыл Хуссар Ирмæ, тыхсы йын йæ хъысмæтыл, бæллы йæ рæсугъд фидæнмæ. Æмæ уыцы æнкъарæнтæ æргом кæны чысыл фæлварæнты-æмдзæвгæты.

**Мæ мадæлон æвзаг.**

Цы у æнæ дæу цард, ирон æвзаг, нæ зонын,
Фæнды мæ, цæмæй тынг размæдзыд уай!
Æз дæн ирон, мæхи ариаг хонын,
Нæртон æвзаг æнусты уадз цæра!

Ирыстон та цы у æнæ дæу, не ’взаг?
Сæдæ азы дæ сæрыл кæнæм тох.
Ирæттæ стæм, уыдзæн къæхты бын не знаг –
Нæ фæдонтæй уый никуы уыдзæн рох!

Иронау дзур, мæ хæлар, зон, ирон дæ!
Дæ миддуне – ирон фарнæй æфсæст.
Нæ фидæны куы нæ дзурæм иронау,
Нæртон мадæлон ’взаг уыдзæни сæфт.

**2008 азы майрæмы мæйы бонтæ мысгæйæ…**

Мæ хæстæфхæрд бæстæ! Дæ рисы хъæдгæмтты
Дæ фæллад уæзæгыл нæртон мон цæры.
Мæ Хуссар Ирыстон, дæ фидар нуæртты
Дзæнгæрæгау мин азты намыс цæры!

Уæд майрæмы мæйæн йæ æстæм бон махæн
Нæ зæххæй «сыгъдæг быдыр» арæзта знаг.
Ныр цалдæр аз рацыд. Æрымысæм, адæм,
Æнæ ном нæу не знаг, йæ ном у «мæнгард».

Уæ зæрдæты дарут хъæбатырты нæмттæ,
Сæ ном æмæ кадæн ныр фесæфæн нæй!
Нæ хæстарыд тырыса сисæм бæрзонддæр,
Нæ рухс фидæн аразæм иумæ фæрнæй.

Фыдæлты фарн, не ’гъдау, нæ намыс, нæ хъару,
Нæ хъæздыг истори, нæ диссаджы ’взаг –
Зæлвидыцау хъуысынц, уæ зæрдыл сæ дарут,
Уæд никуы фесæфдзæн ирон лæджы кад!

Нæртон зæхх сыгъдæг быдыр никуы уыдзæни!
Нæ Хуссар Ир даргъ-уæрæх уадз ’мæ цæрæд!
Хæдбар бæстæйы кад дунеты нæрдзæни,
Нæ Хуыцау нæ цины фæндæгтыл кæнæд!

**Бæрæгбон.**

Рафæлгæсут-ма бæрзондæй, нæ урс хæхтæ!
Райхъал ут, дзыллæттæ, ратындзут, адæм!
Уастырджи, ратæх нæ сæрты дæ урс бæхыл,
Зарæг ныззарæм Ирыстоны кадæн!

Стыр Хуыцау! Мæнæ ныр цалдæр аз рацыди,
Сисæм нæ тырыса ноджы бæрзонддæр!
Уый у хæдбардзинад! Стыр ныфс нæ бацыди –
Скифты, сæрмæтты, аланты фæдонты.

Хур нын йæ фæндаг йæ тынтæй ныррухс кодта,
Ацы бæрæгбоныл тынг цин кæндзыстæм.
Хорз цард нын амонды дуæрттæ бакодта,
Стыр Уæрæсеимæ размæ цæудзыстæм.

Ноггуырдтæ, сабитæ, фæсивæд, зæрæдтæ!
Атындзут ног цардмæ размæ, æдæрсгæ.
Нарты цот! Хъусут? Æрбалæууыд ног рæстæг,
Арфæгонд хъуамæ уа Райгуырæн бæстæ!

# МЕТОДИКОН ÆХХУЫС





## ХУССАР ИРЫСТОНЫ АХУЫРГÆНДЖЫТИМÆ ФЕМБÆЛД

Ацы сæрд Цæгат Ирыстоны Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты кусджытæ методикон æххуысимæ ацыдысты Республикæ Хуссар Ирыстонмæ. Лекцитæ æмæ практикон ахуырты фæрцы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы специалисттæ Уалыты Татьянæ æмæ Майрæмыхъуаты Фатимæ хуссарирыстойнаг ахуыргæнджыты базонгæ кодтой æвзаг æмæ литературæ амоныны раззагдæр методтимæ. Бафиппайын хъæуы, мадæлон æвзаджы ахуыргæнджытæ сæ куысты цы къуылымпытæ æййафынц, уыдон куыд цæгаты, афтæ хуссары дæр æмхуызон кæй сты.

Ахуыртæ арæзт цыдысты нырыккон методикон домæнтæм гæсгæ. Ахуыргæнджытæ зæрдиагæй байхъуыстой адæмон сфæлдыстад æмæм нырыккон ирон фысджыты уацмыстæ ахуыр кæныны ног мадзæлттæм, ирон æвзаджы орфографийыл кусыны методтæм, скъоладзауты изложени æмæ сочинени фыссынмæ бацæттæгæнæн куысты хуызтæм.

Бæлвырд у, йæ куыстмæ сфæлдыстадон цæстæй чи кæсы, ахæм ахуыргæнджытæ бирæ кæй ис куыд цæгаты, афтæ хуссары скъолаты дæр. Ирон æвзаг æмæ литературæ амоныны хъуыддагыл хорзæрдæм фæзыниккой сæ фембæлдтытæ, кæрæдзийы фæлтæрддзинад исгæйæ, рогдæр фæуаид сæ алкæй куыст дæр.

Æвзæр нæ уаид ахæм фембæлдтæ арæхдæр кæнын. Цæгатаг æмæ хуссайраг методисттæ арæхдæр куы ’мбæликкой, уæд, æнæмæнг, фæрæвдздæр уаид нæ мадæлон æвзаг амоныны фарстатыл куыст дæр, фæхъæздыгдæр уаиккой æвзаг æмæ литературæйы уроктæ.





# АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

***Джусойты Клавдия,***
ЦИПУ-йы райдайæн национ ахуырады методикæйы кафедрæйы сæргълæууæг

## «АБЕТÆ» – САБИТЫ КÆСÆНЦÆСТЫТÆ

*«Фæцардтæ, уæд ацу, Нæртон лæгау, кад æмæ радæй, –*
*Лæгау лæджы ном ма мæрдты дæр ссарай æххæст».*
*Хаджеты Таймураз*

Фæрныг поэт уыд Хаджейы фырт, æмæ йæ уæлтæмæн хъуыды талынг ингæны дæр Рухстауæг у. Уый та æцæг бæрзонд поэзийы гакк æмæ куырыхон мидхъуыды у адæймаджы æнусон царды.

Ирыстоны удварны æмæ ахуырады историйы бирæ ис ахæм минæвæрттæ, йæ раттæг адæмæн уыцы «фæцу æмæ ма ’рцу»-йы дунейæ дæр кад æмæ номгæнæг чи у. Уыцы Уаз адæмы номхыгъды халыл сызгъæрин цæгæй æнустæм ауыгъд æрцыд Калоты Григолы чызг Риммæйы кадджын ном дæр. Калонæн ирон æвзаджы методикæйы историйы йæхи табуйаг бынат ис. Бирæ азты фæкуыста Ирыстоны ахуырады алы къабæзты æмæ ныффыста ахæм методикон куыстытæ, кæцытæ ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн систы сæ куысты сæйраг рахæцæн.

Калоты Риммæйы «Абетæ» схонæн ис ирон дзырды, ирон намысы, ирон æгъдауы æмæ кады къæсы рæбинаг цæджындзтæй иу. Афтæ уымæн зæгъын, æмæ нæ наци сæрбæрзонд кæмæй у, йæ адæмæн кад æмæ цытгæнæг чи у, зонады æмæ сфæлдыстады денджызы зæххы къорийыл кæй зонынц ирон адæмæй, уыдонæй алчидæр йæ фæлмæн армы дардта Калоны «Абетæ» æмæ дзы ахуыр кодта нæ фыдæлты ивгъуыд æмæ абоны цардыуаджы æгъдæуттæ. Нæ курдиатджын æмæ куырыхон адæмæй Ирыстоны скъолайы къæсæрæй чи бахызт «сабийæ таубимæ», уыдон иуулдæр, ацы чиныджы сыфтæ фæлдахгæ, райдытой сæ кадджын фæндаг царды æгъатыр фурды уылæнтæм, уый сын басагъта æндон базыртæ, уый сæ схотыхджын кодта сæ нацийы удварны хæзнатæй æмæ сын сæ рахиз хъусы бацагъта: «Ныр фæллой кæнут Ирыстоны фарнæн, банкъардтат ирон дзырды ад, Ирыстоны æрдзы рæсугъддзинад афæдзы афонтæм гæсгæ, ирон лæджы удыхъæды æнæбын «уæлейæ исгæ, бынæй ахадгæ» миниуджытæ».

Стыр педагогикæйы корифейты куырыхон хъуыдымæ гæсгæ, саби райдиан скъолайы базоны, йæ зæрдæйы рæбыны бацæрынц, йæ сомбоны цард цы хæзнатæн снывонд кæндзæн, уыдон. Уый фæстæ уыцы хæзнатыл æфтауы, кæны сæ

уæрæхдæр, арфдæр æмæ нывæфтыддæр. Тынг раст мæм кæсы ацы хъуыды, уымæн æмæ сабийæн райдиан скъолайы амад æрцæуы йæ царды мæсыгæн ***бындур,*** йæ удварны æмæ сомбоны царды ***нывæзт***.

Райдиан скъола ахуыры æмæ царды бындур кæй у, уый дызæрдыггаг никæмæн у. Уымæн ирд дæнцæгтæ бирæ ис нæ разагъды интеллигенцийы ’хсæн. Уыдонæй иу у Калоты Риммæйы арфæйаг цард дæр. Калон йæ цард снывонд кодта райдиан скъолайæн, йæ методикон фæрæзтæн, ирон дзырд сабитæн алыфарсонæй бацамоныны æгъдæуттæн. Уымæн æрттивы налхъуыты дурау йæ «Абеты» чиныг ирон методикон литературæйы галуаны артдзæсты, уымæн сси ирон сабиты удлæууæн тъымы-тъыматæм. Ацы чиныг бирæ азты уыд æмæ уыдзæн ирон сабиты армы фыццаг ***зæрватыкк.*** Зæрватыкк та ирон мифологийы нымад у уалдзæг æмæ хурыскасты, хорз æмæ амонды, ныфс æмæ фæрæзты символыл. Уый амоны уалдзæджы æрцыд æмæ ног царды райдайæн. «Ирон адæмæн зæрватыкк у зæды æмсæр æмæ табуйы маргъ. Уый у Хуыцауы минæвар, уалдзæджы фидиуæг. Нартæн у уацхæссæг æмæ хъæргæнæг, йæ хæрзтæ йын цыбыр, фæлæ рæстдзæвин æмæ мидисджын ныхасæй нымайы генион Къоста дæр», – фыста ирон литературæйы классик Джыккайты Шамил.

Зæрватыкк у ног рæстæг, ног царды фидиуæг æмæ уымæн æвввахс лæууы чиныг «Абетæ»-йы хъысмæтмæ. «Абетæ» дæр сабийы зонындзинæдты æмæ удварны царды райдиан сты, цы ран æмбæхст сты нæ этикон, эстетикон æмæ дидактикон зондахасты сæйраг æмбарынæдтæ – ***ныфс, зонд, тых*** æмæ ***уд.*** Ацы æмбарынæдтæй рæзы сабийы сомбон, æнæхъæнæй дæр адæймаджы цард суанг йæ амæлæтмæ. ***Ныфс*** адæймагæн дæтты Хуыцау, баст у цыдæр уæларвон тыхимæ, æмæ куы байсысы, уæд ***тыхæн*** дæр йæ астæумагъз асæтты, тых куы нал вæййы, уæд адæймаг свæййы тæппуд, цард та – халагъуд.

«Абетæ» – сабийы зонындзинæдты сыгъдæг суадоны фыццаг æртах, зæрватыкк – уалдзæджы райдиан, æмæ сæ дыууæйыл дæр хъæуы аудын, хъæуы сæ хъахъхъæнын æмæ рæвдауын. Афтæ куы хъуыды кæна алы ныййарæг дæр, уæд йæ бынатбардуаджы рæбынæй кæддæриддæр хъуысдзысты сабийы зæлланг хъæлæс æмæ Ацæмæзы уадындзы алæмæты мелоди.

Зæрватыккимæ уымæн абарстон «Абеты» чиныг, æмæ йæ чи ныффыста – Калон, уый дæр уалдзæджы фыццаг мæйы райгуырд – мартъийы, 1936 азы. Æнтыстджынæй каст фæци педагогон училище æмæ ЦИПУ-йы историон факультет. Куыста бирæ бæрнон бынæтты, æмæ алы ран дæр нымад уыд цæсгомджын æмæ æгъдауджын адæймагыл, йæ куыстæн йæ зонд æмæ йæ уд чи не ’вгъау кодта, ахæм бæрнон кусæгыл. Йæ фыццаг къахдзæфтæ райдыдта райдиан скъолайы ахуыргæнæгæй, фæлæ уайтагъд хуынд æрцыд Ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институтмæ.

Йæ уæрæх зонындзинæдтæн æмæ методикон цæттæдзинадæн ирд дæнцæг – 1965 азы Калон хуынд кæй æрцыд РСФСР-ы ахуырады Министрадмæ хистæр инспектор-методистæй æмæ уым фæкуыста йæ царды фæстаг бонмæ. Æнæхъæн Уæрæсейы методикон зонады нымад уыд хорз профессионалыл. Цыдысты йæм алы регионтæй фæлтæрддзинад исынмæ ахуыргæнджытæ, æмæ сын уыд рæдау къухдариуæггæнæг, нæ сын хæлæг кодта, йæ методикон къæбицы цы хорздзинæдтæ уыд, уыдон.

Бирæ йын ис паддзахадон хæрзиуджытæ дæр, уыдонимæ медальтæ – «За трудовую доблесть» (1978), «Отличник народного образования (1987), «Ветеран труда» (1990) æмæ грамотæтæ – йæ æнувыд æмæ бæрнон куысты бæрæггæнæнтæ.

Фæрныг хъуыддагæн тых æмæ рæстæгыл ауæрдын нæ хъæуы, уымæн æмæ уый иудадзыг фыдæбонæй райгуыры.

Фыдæбон кодта Калон йæ раттæг Ирыстоны фарнæн, ирон аив дзырд бацамоныны мадзæлтты хъуыддаджы, куыд æнусон зиуун, афтæ.

Уыцы хæрзхъæд миниуæг та йын йæ кадджын мыггаджы хистæрты фæдзæхст уыд. Адæмон этикæ та адæймагæй

домы лæджыхъæд, æмæ уыцы кад æмæ намыс хъуамæ фидар кæна æрвылбоны уæхскуæзæй куысты, суанг йæ амæлæты бонмæ.

Калоты Риммæйы мыггаг фæрнджын æмæ уидагджын сты. Ирон адæмы хæдбындур историйы, нæ монон культурæйы, зонады, литературæйы, архитектурæйы ацы мыггагæн сæхи тулдзæй арæзт ***æнæфæцудгæ къæлæтджын*** ис. Нæй ирон царды ахæм къабаз, æмæ дзы Калоты мыггаджы минæвар йæ фæлмæн, адæмыуарзæгой зæрдæйы хъарм, йæ фæд кæм нæ ныууагъта.

Афтæ мæм кæсы, цыма Захъайы алæмæттаг æрдз йæ фæдонты уæнгты бауагъта æнæмæлгæ курдиаты тых, сфæлдыстадон комулæфт сын сæ уадул рæвдауы йæ зæлдаг пакъуыйæ. Калоты Хазбийы æвзонг уд дæр уыцы диссаджы сатæг æрдз æмæ рог дымгæйы зарæгæй фæхъæстæ, æмæ уымæй рантыстысты йæ кæлæн поэтикон рæнхъытæ:

*Арвыл сау нымæтау – мигъ,*
*Зæрдæ йæм нæ райы.*
*Раст æнгуылдзы стæвдæн их*
*Сыфтæртыл суайы.*

*Дардыл басабыр ис зæхх*
*Елиайы гæрæхтæй.*
*Хъуысы ’хсæрдзæнты сæх-сæх*
*Сау айнæг къæдзæхтæй…*

*Мæнæ къæвдайы æгъдау:*
*Дымгæ уасы, зилы.*
*Хъæд дæр сусæны бæхау*
*Йе стыр сæр ныттилы.*

Калон æнахуыр тыхджын уарзтæй уарзта Ирыстоны, йæ раттæг адæмы, кæд æмæ бирæ азты фæцард Мæскуыйы, уæддæр. Риммæ арæх дзырдта, зæгъгæ, исты куы фæфыссын, уæд фыццаг мæ цæстытыл ауайынц Ирыстоны æгъуыстаг æрдзы нывтæ, йæ арф кæмтты цы æрвдидинджытæ рæзы, уыдоны адджын тæф мын мæ тыхыл бафтауынц тых, цæргæсау мæ æрфæнды атæхын мæ райгуырæн зæхмæ, цæмæй йыл афæлгæсон бæрзонд тыгъдадæй. Мæнæ куыд фыссы йæ «Абетæ»-йы дæр: «Диссаджы рæсугъ у Ирыстоны æрдз. Бæрзонд хæхтæ æмæ арф кæмттæ. Тар хъæдтæ æмæ уæрæх быдыртæ. Цæугæдæттæ. Фынккалгæ æхсæрдзæнтæ. Кæрдæгджын уыгæрдæнтæ. Хæрзад суадæттæ æмæ сыгъдæг уæлдæф».

Фыды уæзæг уарзын ирон адæмæн фыдæлтæй баззад, уымæн ирд дæнцæг скиф Анахарсисы фæдзæхстытæ: «Кад кæн дæ артдзæстæн», «Знагæй дæхи хъахъхъæн», «Цæттæ у Фыдыбæстæйы сæраппонд мæлынмæ», æмæ уыцы æнкъарæн цæуы фыдæй фыртмæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ, æмзæлланг кæны нæ абоны царды домæнтимæ.

Бирæ сты Калоны лæггæдтæ ирон æвзаджы методикæйы æмæ ахуырады хуымгæнды, алы ран дæр дзы зыны йæ дзывыры арф фæд. Райдиан скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнджытæй, стæй æнæхъæн Уæрæсейы дæр, нæ разындзæн ахæм ахуыргæнæг, æмæ йын Калон бахæлæг кодта йæ арф зонындзинæдтæ методикæйы къабазы, нæ йын сæххæст кодта йæ курдиат.

Цард æмæ рæстæг куыд ивынц, афтæ ивынц æгъдæуттæ дæр, ивынц этикон æмæ эстетикон идеалтæ, фæлæ Калон уыд æххæст Сатанайы æрдзон миниуджытæй æмæ сын фидар хæцыд сæ рохтыл: йæ дзыхы ныхас – адджын, булæмæргъау, йæ дзуапп – мады рæвдыдау, рæсугъд, рухс.

Ирыстон йæ уаз адæмæн кад кæнын зоны, рохуат никуы уыдзысты, уыдонимæ Калон дæр. Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн алы урочы дæр Риммæйы сфæлдыстад уыдзæн æнцойы мæсыг, æмæ уымæй у йæ цард æнусон. «Лæг йæ кад æмæ йæ намыс хъуамæ фылдæр кæна æрвылбоны хъуыддæгтæй, суанг мæлæты бонмæ», – уый уыд Калоны царды сæйраг æрдуйы хид, фæцыд ыл уæндон æмæ арæхстджынæй, цалынмæ ацы рухс дунейæ нæ ахицæн, уæдмæ.

***Уалыты Татьянæ,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы
кафедрæйы сæргълæууæг

## «ÆЗ ДУНЕМÆ РАЙГУЫРДТÆН АДÆМЫ УАРЗЫНÆН»

Фæлдахын Хаджеты Таймуразы сфæлдыстадон бынтæ, æмæ та мæ йæ уацмыстæ ногæй сæ уацары бакодтой. Йе 'мдзæвгæтæй мæм куы фæззыгон боны уддзæф æрбакæлы, куы та рухс изæрты сабырдзинад; куы мæм уарзоны сусæг ныхас æрбайхъуысы, куы та цъæх æрдузы æхцон уынæр, куы та мæ сæ уæлныхты сисынц æнкъараг зæрдæйы сусæгдзинæдтæ, сагъæстæ, хъуыдытæ æмæ бæллицтæ.

Таймураз йе 'мдзæвгæты цард æвдыста алы хуызты, куыд æй уыдта æмæ æнкъардта, афтæмæй. Æппæт хъуыддæгтыл дæр дзырдта æргом æмæ зæрдиагæй. Йæ алы рæнхъ дæр цыд йæ зæрдæйы арфæй. Уымæ гæсгæ поэты фæлгонцы æууæлтæ бæрæг дарынц йæ поэзийы дæр. Йе 'мдзæвгæты рæнхъытæй мæм зыны сæрыстыр, æнæбасæттон, рæстаг, хивæнд, уарзæгой поэты фæлгонц. Æмæ мæ уый йæ фæдыл асайдта …

Æцæг поэтыл йæ адæмы раз стыр хæс æвæрд хъуамæ уа. Афтæ хъуыды кодта Хаджеты Таймураз дæр:

*Æз дунемæ райгуырдтæн адæмы*
*уарзынæн,*
*У дуне мæ артдзæст, нæ дзыллæ мæ*
*фысым у.*

Поэтæн йæ цин, йæ «зæрдæйы уарт» уыди Ирыстон. Йæ уд хъардта, цæмæй йæ рухс бæллицтæй, йæ амондæй райгонд уыдаиккой йæ райгуырæн къуым, йæ адæм:

*Кæм дын бæззон – дæу дæн, мæ Ир!*
*Нæ сæтты мæн фыдох уа, сау низ,*
*Цæф арсау цъитийыл цæрин,*
*Æрмæст мын уæд дæ ном уæлахиз!*

Хаджеты Таймураз йæ ныфс, йæ зæрдæйы «æнæбаивгæ сих»-ыл нымадта рæстдзинад. Намыс æмæ фæтк æгъдауæн бæзгæ сты. Царды хæрзтæй та йæхицæн равзæрста лæгдзинад:

*Цы лæг дæ? Кæд иухатт дæ сæнтты*
*æргъом*
*Нæ сыгъдис дывыдоны арты;*
*Сæтæлæджы хъузгау, дæ лæгъз амонд*
*ном*
*Фæлæзæрди иударон царды.*

Поэт нæ барста лæджы мæнг, æдзæстуарзондзинад, æппæлæн ныхас.

Æргом дзырдæн та уæлдай стыр аргъ кодта:

*Зæххыл æнæлаз дзуары лæг дæр нæу,*
*Фæлæ нæм иу хорз, амондау нæ бафты:*
*Куы вæййæм цух æргом дзырды*
*фæрнæй,*
*Уæд хæлуарæг сызгъæрин тынтæ*
*уафы.*

Таймуразы æмдзæвгæты арф хъуыдытæ, аивадон фæрæзтæ, йæ поэтикон сусæг дуне, йæ фæлгонцтæ адæймаджы дисы æфтауынц:

*Цъæх æрдузы тымбыл кафт кодта*
*хъæд,*
*Тæгæр бæлæстæ арвырдæм*
*лыгъдысты;*
*Уымæл кæрдæджы анигъуылди фæд,*
*Цырагъау ыл дыууæ къахы сыгъдысты.*

Поэты зын æмæ хъизæмайраг фæндагыл цæугæйæ, никуы фæцудыдта, «аивады зындон ын уыди дзæнæт»:

*Æз нæ кæнын мæ хъысмæтæй хъаст,*
*Кæд зындоны къæсæрæй фыддæр у мæ*
*цæрæн,*
*Уæддæр.*
*Æз нæ ивын пайдайыл мæ уарзт,*
*Æз, хуыцæуттæ уой, паддзæхтæн*
*Никæд нæ кувын*
*Мæ сæрæй – æз поэт дæн!..*

Хаджеты Таймуразæн йе ’мдзæвгæ «Нарты Батрадзы фæдзæхст»-ы ис ахæм рæнхъытæ:

*Æрмæст Хуыцауæй иунæг хорзæх*
*курын:*
*Уæ хуыздæртыл-иу ма кæнут тæргай!..*

Афтæ мæм кæсы, цыма Таймуразæн йæхимæ дæр нырма тæргай стæм. Йе сфæлдыстадон бынтæм ын цæстуарзонæй нæма æркастыстæм. Йæ аив дзырд ын рæзгæ фæлтæры размæ нæма рахастам. Афтæмæй та нæ ныхасы сæр алы хатт дæр вæййы, ахуыргæнæн чингуытæм, прогрæммæтæм кæй бахæссæм, ахæм автортæ нæм нæй, зæгъгæ.

Поэт царды цæмæ бæллыд, цæмæй йæ хызта, уыдон аив равдыста йе ’мдзæвгæ «Фынфенæгау»-ы:

*Уæд цыма æркаст мæнмæ Хуыцау:*
*Сабийау, зæхх хъазыди, мæ разы,*
*Æмæ цардмæ нал ардтон æз фау, –*
*Нал уыди хæрам, тæригъæд, азым.*

Фæлæ ахæм цард нырма фынфенæгау кæй уыд, уымæн æвдисæн Таймуразæн йæхи сфæлдыстадон хъысмæт дæр.

*Хорзæй баззайут, Адæм!*
*Æз уæ рæвдыд нæ базыдтон никуы, –*
*Фæлæ зонут:*
*Уæ цинмæ бæллыдтæн,*
*Сымах та мын зинтау,*
*Мæ размæ цæлхдуртæ æвæрдтат!*

Ацы рæнхъытæ махæн зондзонæн хъуамæ уой.

***Гæджиты Лянæ,***
Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы
ахуыргæнæг

## СЫЛГОЙМАДЖЫ ФÆЛГОНЦ ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ ÆМÆ ХЪОДЗАТЫ ÆХСАРЫ ЛИРИКÆЙЫ

Ирон адæмы культурæйы уæлдай ахадындзинад ис литературæйæн. Рæстæг куыд цæуы, афтæ цæуынц ивддзинæдтæ дæр, фæзыны ног цæстæнгас царды ахсджиагдæр фарстатæм. Рæстæджы ивддзинæдтæ, проблемæтæ, ныхмæвæрддзинæдтæ ирдæй равдисынц фысджытæ; алыхуызон фæлгонцтæ равзæрынц, фыссæг цы æхсæнады фæцæры æмæ фæархайы, уыцы социалон уавæрты.

Нырыккон ирон литературæмæ стыр æвæрæн хæссынц поэттæ Джыккайты Шамил æмæ Хъодзаты Æхсар. Шамил æмæ Æхсары сфæлдыстады хицæн фарстатыл фыст ис дзæвгар уацтæ. Фæлæ, мах куыд сбæлвырд кодтам, афтæмæй се сфæлдыстады сылгоймагæн цавæр бынат ис, ууыл нырма критикон куыстытæ нæма ис. Уымæ гæсгæ нæ иртасæн куысты темæ у *актуалон.*

Лирикон уацмыс райгуыры, поэтæн æнцой чи нал фæдæтты, уыцы хъуыдытæй. Ахæм хъуыдытæ арæхдæр баст вæййынц уарзондзинадимæ, æрдзы фæзындтытимæ,

политикон фарстатимæ æмæ а.д. Формалон æгъдауæй æмдзæвгæ прозæйæ хицæн кæны уымæй, æмæ æмдзæвгæйы ис: 1) ритмикон рацарæзт; 2) рæнхъыты графикон равæрд. Фæлæ, лæмбынæгдæр æркæсгæйæ, уыцы хицæндзинад сæйраг нæу, уымæн æмæ ритм ис прозæйы дæр, рифмæ алы хатт нæ вæййы æмдзæвгæйы; æмдзæвгæйы рæнхъыты равæрд, гæнæн ис, æмæ уа, прозæйы куыд вæййы, афтæ.

Æмдзæвгæ хицæн кæны йæ аивадон мадзæлттæй. Лирикон уацмысы, иннæ литературон жанртимæ абаргæйæ, фылдæр вæййы æнкъарæнтæ, автор дзы бавæры йæ зæрдæйы сагъæстæ. Ахæм фадат поэтæн фæдæттынц æмдзæвгæ аразæн мадзæлттæ – интонаци, ритмикæ, аивгæнæн мадзæлттæ: эпитеттæ, метафорæтæ, инверси æмæ а.д.

Æнæмæнг, поэты арæхстдзинадæй аразгæ у лирикон уацмысы фæрцы адæймаджы хъуыдытыл бафтауын, йæ зæрдæйы йын цин кæнæ маст, ныфс кæнæ уарзондзинады æнкъарæнтæ базмæлын кæнын. «Лирикæ у авторы уд æмæ зонды поэтикон нывист, иннæмæй у рæстæджы æууæлты аивадон æвдисæн. Иугæр афтæ у, уæд хъуамæ зонæм поэты удыхъæд æмæ йæ рæстæг», – афтæ фыссы Джыккайты Ш. [4].

Цы зонæм мах Джыккайты Шамилы æмæ Хъодзаты Æхсары тыххæй? Фыццаджыдæр уый, æмæ поэтты цард æмæ сфæлдыстады фидар бындур у адæмимæ æнгом бастдзинад. Лæджы намыс, ном, кад, лæгдзинад æвæрынц бæрзонд æмæ сын æнæрынцойæ кæнынц лæггад. Джыккайты Шамил æмæ Хъодзаты Æхсар иуварсæй нæ кæсынц, нырыккон царды цы ахсджиаг цаутæ цæуы, уыдонмæ, мах сын хъусæм сæ фарны хъæлæс.

Поэтты литературон курдиатæн, сæ хъæздыг æмæ рæсугъд æвзагæн стыр аргъ кæнынц ирон чиныгкæсджытæ. Бирæвæрсыг у Джыккайты Шамил æмæ Хъодзаты Æхсары сфæлдыстад, ис дзы арф хъуыдытæ, нывæфтыд, зæрдæагайгæ фæлгонцтæ. Граждайнаг лирикæйы мыртæ арæх сиу вæййынц философон лирикæйы мыртимæ, рахизынц номарæн æмдзæвгæтæм, иуæй-иу ран та сæвзæрынц юмор æмæ дæрзæг сатирæ. Æппæт уыцы миниуджытæ дзурæг сты поэтты стыр курдиатыл.

Ирон литературæйы сылгоймаджы аивадон фæлгонц равдисынæн фидар бындур æрæвæрдта Хетæгкаты Къоста. Къоста йæ уацмысты равдыста ирон хæххон сылгоймаджы сурæт, равдыста йæ хæдæфсармæй, зындзинæдтæн фæразонæй; æфхæрд ирон сылгоймагмæ кæдфæнды дæр уыдис номхæссæны тых, уый уыдис цардбæллон, хæдæфсарм, ныфсхаст, куыстуарзон.

Къостайы уацмыстæ кæсгæйæ, адæймаджы цæстыты раз февзæрынц æнкъард хæххон сылгоймæгтæ, сæ æнæзæрдæрухс цард. Къоста йæ этнографион очерк «Особа»-йы куыд фыссы, афтæмæй сылгоймаджы уавæр кæвдæсардæй кæнæ цагъайраджы уавæрæй хуыздæр нæ уыдис. Сылгоймагæн ма суанг йæ райгуырд дæр уыдис стыр æнамонддзинадыл нымад, фыд-иу йæ дзыхæй нал дзырдта, ничи йын арфæ кодта йæ чызджы райгуырды тыххæй.

Къоста тынг хъыг кæны, чызгæн йæ сабибонтæ дæр цыбыр, æнкъард кæй уыдысты, ууыл, æмæ фыссы: «Уымæн йæ амондджын сабийы бонтæ тынг цыбыр уыдысты, дзæбæх хъазæнтæй дæр цухгонд уыди. Æрмæстдæр ын уыдис йæхи ирхæфсынæн къæцæлын чындз. Чызджытæ ма ноджы хъазыдысты фондз тымбыл дурæй – тыччытæй…»[11:31]

Къоста, куыд загътам, афтæмæй равдыста йæ дуджы сылгоймæгты. Уæдæй нырмæ рацыдис бирæ азтæ, рæстæг куыд цæуы, афтæ аивта сылгоймаг дæр. Æндæр у сылгоймаг абон. Цавæр, уый та фендзыстæм, Шамилы æмæ Æхсары поэзи бакæсгæйæ.

Аив æмæ хъæздыг æвзагæй фыст у поэт Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæ «Къаннæг чызг хъазы йæ хъазæнæй». Къостайы «Особа»-йы гыццыл чызгимæ абаргæйæ, Хъодзаты Æхсар æвдисы амондджын сывæллоны, ис æм бирæ хъазæнтæ: чындзытæ (куклатæ), алыхуызон сырдтæ, цæрæгойтæ æмæ мæргътæ. «Йæ бонæй уа, йæ бонæй, Цы барджын у, цы бонджын», – фыссы йе ’мдзæвгæйы поэт. [12:41]

Хъыгагæн, абоны царды дæр алы сывæллонæн нæй, Æхсар цы чызджы кой кæны, уый цард. Бирæ лыггæнинаг фарстатæ ис, цæмæй алы сывæллон дæр йæхи банкъара æцæг амондджын адæймагыл.

Алцы дæр райдайы мадæй. Мад – цардæттæг. Мад – цардыл аудæг. Мад – цардхъахъхъæнæг. Мад у, адæймаг йæ цины дæр, йæ зыны дæр кæимæ фæдзуры, уый. Цалфæнды азы дæр цæуæд адæймагыл, уæддæр ын мад у æппæты стырдæр ныфс. Уымæн дзуры поэт Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæ «Цы фыдфынтæ дын рауыдтон, дзыцца»-йы лирикон хъайтар дæр йæ мадмæ, агуры дзы æххуыс йæ фыны дæр:

«Мæ ком ныххус, æри-ма, Дзыцца, дон,
Уыныс, мæ хид мæ къæхты бынæй
акалд…»

Мад, уæларвон зæдау, æрцыд æххуысмæ йæ хъæбулмæ:

«Фæудаист дæ. Цъайæ систай дон,
Æрлæвæрдтай мæм ризгæ къухæй дзаг
къус.
Ды ацыдтæ. Дæ удыбæстæ – конд», –
фыссы дарддæр поэт. [12:93]

Фæлæ цард æнæкæрон у, æмæ, Хъостыхъоты Зинæйы загъдау, «зæххон дунейы мад дæр нæу æнусон». Æркъард хъуыдытæ æвзæрын кæны чиныгкæсæгмæ Æхсары æмдзæвгæ «Мæ мады лæдзæг». Поэт равдыста йæ сагъæстæ йæ мады фæстæ, мысы йæ ныййарæджы къухты хъарм æмæ зæгъы:

Дæ лæдзæг фæсдуар баззади лæугæйæ,
У саугуырм æмæ нæу йæ бон цæуын.
Дæ къухты хъарм æрымысы сæумæйæ,
Фæлæ йын нæй … нæ зоны уый кæуын.
[2:36]

Мадæн хъæбулæй адджындæр æмæ зынаргъдæр ничи у, мад кæдфæнды дæр цæттæ вæййы йæ хъæбулы зындзинæдтæй бахъахъхъæнынмæ. Цыфæнды зын уавæрты дæр бахауæд ныййарæг – æппæт хъарутæ дæр, суанг йæ цард дæр, ратдзæн хъæбулы сæраппонд! Фæлæ ирон ныййарæгмæ ис стыр уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ, уый ахуыр кæны, уый бауадзы сывæллоны дадзинты дæр уыцы уарзондзинад. Куы бахъæуы, уæд та йæ хъæбулы фæфæндараст кæны райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ.

Бирæ уыдысты, цæссыг калгæйæ сæ хъæбултæм, се ’фсымæртæм, сæ мойтæм Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй чи æнхъæлмæ каст, æмæ сæ чи нал федта, уыцы æнамонд сылгоймæгтæ. Хæсты йæ хъæбулты чи фесæфта, уыцы мадæлты иумæйаг фæлгонц поэт Хъодзаты Æхсар равдыста йе ’мдзæвгæ «Кочысаты Зинæйы хъарæг»-ы. Кочысаты Зинæ уыдис курдиатджын æрыгон поэт Мухарбеджы мад. Мухарбег фесæфт хæсты быдыры.

Поэт Джыккайты Шамил та йе ’мдзæвгæ «Мады катай»-йы равдыста абоны салдаты мады. Мад дзуры йæ фыртимæ:

Ды, мæ удлæууæн, салдатæй
Ахсæв арæнтыл лæууыс.
Ох, мæ уд мын судзы катай,
Дарын цæсты бын мæ дыс [5:115]

Шамил цы мады кой кæны, уымæн йæ катай, йæ фырт салдат кæй у, ууыл нæу. Уымæн йæ сагъæс у, адæмы фæллойæ чи цæры, афтæмæй Канарты чи цæл кæны, йæ хъæбул уыдоны удæнцой кæй хъахъхъæны, уый. Ацы æмдзæвгæйы поэт æвдисы йæ цæстæнгас нырыккон царды хъæндзинæдтæм.

Шамил у рæстдзинадыл тохгæнæг, райгуырæн бæстæйыл æнувыд, царды хорз æмæ æвзæрыл чи дзуры, ахæм поэт. Йæ зæрдæ риссы Ирыстоны фидæныл, фæлæ, куыд зæгъы, афтæмæй йæ ныфс нæй нæлгоймæгтæй. «Ирон ныхасы нал фендзынæ лæг, Фæци, мæгуыр, ирон музæ чызгбындар», – фыссы уый. Поэт зæрдæтæ ’вæры Иры чызджытæй æмæ зæгъы:

Ирон чызг амазонкæ уыд кæддæр,
Кæм нæ ис тыр, уым буц æхсин хъайтар у.
Нæ буц чызджытæ, бахъуыд нæ уæ сæр,
Уæ бæрны сты нæ цард æмæ нæ хъару.

Уæ фарнæй не сты Хуры цот фыдвæд,
Зæрдæйы ’взаг нæ рох кæны сымахæй.
Куы скæны Ирыл тар замантæ, уæд
Уæ фидауц судзы мах размæ цырагъæй.

Уæ фæрцы ис нæ адæмæн фæндыр,
Мах не скæнæгæн нал кæндзыстæм бустæ.
Сымах бар у поэты сис дæр ныр,
Æмæ уыл Музæ аудæд æнусты. [5:214]

Мах ацы ран разы не стæм поэтимæ. Æнæмæнг, сылгоймаг нырыккон æхсæнадон царды у активон архайæг, фæлæ «куы скæны Ирыл тар замантæ», уæд мах лæгагур æндæр бæстæтæм нæ фæцæуæм, ис, райгуырæн зæхх бахъахъхъæнын йæ цардæй зынаргъдæр кæмæн у, ахæм фæсивæд.

Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй сылгоймаг йæ зонд æмæ йæ хъару æвдисы нырыккон царды æппæт къабæзты дæр, суанг ма космосмæ дæр стахтис!

Хъодзаты Æхсар йе ’мдзæвгæ «Кафæг чызг»-ы равдыста зындгонд балеринæ Адырхаты Светланæйы фæлгонц:

Талынг, фынæй цардæй арвмæ ыстахтæ,
Удхæрæн фидыц! Ныр стъалыйы ’ртах дæ.
Арф цады аззади де ’рттывд, дæ тæмæн.
Арвмæ йæ сайы дæ худын, дæ кæлæн…
Залы – дыууæ уды: чызг æмæ уадындз;
Стъалыйæ стъалымæ цины тын уафынц… [12:76]

Не ’мзæххон зындгонд журналист Салхъазанты Фатимæйы фæлгонц æвдыст æрцыд Æхсары иннæ æмдзæвгæйы. Поэт фыссы:

Фатимæ, ис зæрин зæлтæ дæ комы,
Сатанайы нæртон куывдау дын исы
Дæ табутæ нæ Фæлдисæг. Дæ ном мын
Ыстъалыйæ тæмæнкалгæ æвдисы.
[12:76]

Шамил æмæ Æхсары сфæлдыстады сæйрагдæр фарстатæй иу баст у сылгоймаджы уды хæрзхъæддзинад бахъахъхъæнынимæ. Поэттæ дарддæр хæццæ кæнынц Къостайы традицитæ. Джыккайты Шамил йе ’мдзæвгæ «Сылгоймаг»-ы фыссы:

Дæ уарзт – æвдадз, дæ рæсугъддзинад – цин,
Цы скодта æрдз, ды уыдонæн – сæ уаздæр.
Дæуæн куывтой уæларвон зæдтæй раздæр,
Дæуæн нымдæй табу кæнын – мæ дин.
[5:322]

Сылгоймаг æвзæрын кæны уарзондзинады æнкъарæнтæ, цух дзы не сты нæ поэттæ дæр.

Шамилы лирикæ кæсгæйæ банкъарæн ис, поэт йæ уарзондзинад сусæг кæй нæ кæны, уый. Мæнæ куыд фыссы:

«Ис мæнæн нæртон лæгау æхсин,
Уарзын уый уæлмонц æмæ æргомæй».

Æмæ дарддæр:
«Ме ’хсин у зæрин хурæй рæсугъддæр…»
[5:335]

Уарзондзинады æнкъарæнтæй райгуырдысты поэт Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæтæ: «Дæ тавиц», «Куы ацыдтæ, уæд», «Æнхъæлмæ кæсгæйæ» æмæ æнд. Уарзон чызджы цæстыты цагъары бахаудис поэт æмæ фыссы:

Дæ цæстыты цыдæр тавиц сыгъдис,
Цыма дзы калдта хуркъæвда тæмæн.
Дæ цæстытæ… Сæ иу бахудт мæнæн
Нымæтын ехсы сонт цæфау уыдис.
[12:98]

Æнæмæнг, вазыгджын у, поэттæ цæуыл фыссынц, уый, фæлæ къаддæр ахадындзинад нæй, куыд фыссынц, уымæн. Уарзондзинадыл фыст æмдзæвгæтæ сылгоймаджы æддаг бакаст равдисыныл нæ ахицæн сты: поэтты стыр курдиат зыны се `взаджы хъæздыгдзинады.

Арæхстджынæй пайда кæны Джыккайты Шамил уарзоны сурæт равдисынæн

алыхуызон мадзæлттæй. Поэты лирикæйы бирæ ис *абарстытæ:* «дæ фæкаст арвы цæфау мары»; «хæссы дæ зилгæ уадау зынг»;

– *инверси:*

«Сих нæ дæн – нæ хъæуы гамхуд мæн», (цæсгомон номивæг *æз* гуырынон хауæны лæууы хъуыдыйады кæроны),

«Рацæуы мыл комдзæуæг мæ зæрдæ» (сæйраты къорд лæууы зæгъинаджы къорды фæстæ);

– *фарстон æмæ хъæрон хъуыдыйæдтæ:*

Кæм арон æз цырагъ?
Мæнмæ цы зæд æртахт дæ хуызы?
Цы ахъаз дæ? Цæмæн?
О, нал мын ис мæлæн æмæ цæрæн!
Дзурын æз: цæй бирæ уарзын дæу!

Хъодзаты Æхсар дæр йе 'мдзæвгæты музыкалон арæзт æмæ ритм фæалыхуызондæр кæнынæн парахатæй пайда кæны алыхуызон мадзæлттæй. Зæгъæм, ирон дзырд тынгдæр сахады *эпитетты* фæрцы:

«Талынг, фынæй цард», «удхæрæн фидыц»; «цины тын»; «зæрин зæлтæ», «нæртон куывд»;

*экспрессивон дзырдты* руаджы:

«Æлвæст хъисау цъæхснаг дыз-дыз кæнын»;

«лæппын тихалæг, буц æмæ æдых, ысфаста къæй»;

«мæ туг дзыназы, адæргæй фыцы…»

Куыд федтам, афтæмæй сылгоймаджы фæлгонц Джыккайты Шамил æмæ Хъодзаты Æхсары лирикæйы ахсы вазыгджын бынат, се 'мдзæвгæтæн ис фидар реалистон бындур, адæймагмæ æвзæрын кæнынц арф хъуыдытæ. Цы сылгоймæгты фæлгонцтæ равдыстой, уыдон гуырынц адæмы цардæй, сты ирд æмæ баззайынц чиныгкæсæджы зæрдæйы.

**Литературæ:**


1. Антология осетинской поэзии. – Орджоникидзе.: Ир, 1984.-С654.
2. Æрттигъ: Æмдз:/Хъодзаты Æ., Малиты В., Ходы К. – Дзæуджыхъæу «Ир», 1983 – Ф 322.
3. Геймбух Е. Ю, Слово поэта и слово о поэте: [К анализу поэтического текста]// Рус. Яз. В шк., 2001, № 3- С.50-55
4. Джыккайты Ш. Ног дуджы зарæггæнæг/Рæстдзинад, 1986, 26дек.
5. Джыккайты Ш. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2000.-Ф448
6. Джыккайты Ш. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2007-Ф367
7. Джыккайты Ш. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – Ф327
8. Кодзати А. Я слышу голос мира // Рецензия на книгу Ш. Джиккаева «Боль раненой лани»// Дружба народов. 1970, №11 – С.272-273.
9. Маймин Е. А,, Слинина Э. В. Теория и практика литературного анализа; Пособие для студентов пединститутов. М.: Просвещение, 2984 – С.160.
10. Принципы анализа литературного произведения/Под ред. П. А,Николаева, А. Я. Эсалнек. М., 1984-С. 64
11. Хетагуров К. Л. «Особа» – Владикавказ, 1999, С. 64
12. Хъодзаты Æ. Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2003- Ф.472
13. Хъодзаты Æ. Бындзæфхад. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2007 – Ф. 287

***Бураева Белла,***
соискатель кафедры осетинского литературного творчества СОГУ

# КОСТА И МУЗЫКА

Музыкально-поэтическая культура осетин является особой ветвью народного искусства, отличающейся большим разнообразием сюжетов и настроений, связанных с отражением различных сторон общественной жизни, чувств, мыслей и желаний народа.

«Народное песенное творчество осетин представляет большой интерес для исследователей, однако собирать осетинское народное поэтическое творчество стали сравнительно недавно. Особая заслуга в этом принадлежит великому осетинскому поэту К.Л. Хетагурову, собиравшему художественные памятники словесности и использовавшему в своем творчестве отдельные сюжеты, образы и выразительные средства»,[1] – писала Ксения Цхурбаева.

«У истоков осетинской литературы возвышается могучая фигура ее родоначальника и первого классика Коста Левановича Хетагурова, чья литературная и общественная деятельность составила целую эпоху в истории культуры Осетии» (Сергей Марзоев).

Всю свою жизнь Коста посвятил своему народу, своей родной Осетии. Его образ поэта, его творчество «стали неистощимым источником, питающим и по сей день все виды осетинского искусства». Могучим фактором, питавшим творчество Коста, был богатый осетинский фольклор, отличным знатоком, ценителем и собирателем которого он был.

Павел Ядых (дирижер, заслуженный деятель искусств РСФСР) говорит: «Творения Коста были и остаются ценнейшим источником вдохновенья для композиторов, а стихи поэта становились народными песнями»[2].

Как мы уже знаем из источников, Коста очень любил народные песни и любил их исполнять. Известный собиратель осетинского музыкального творчества, фольклорист, композитор П.Б. Мамулов (1881–1929), который жил с ним по соседству, вспоминал: «Еще, будучи мальчиком, я не раз слышал яркие, мелодичные песни осетинского народа от Коста».

Он был очень разносторонне одаренным человеком. Вот как говорит искусствовед Г. Апресян о Коста: «…автор пьесы («Дуня») сам неоднократно выступал то в роли актера, то в роли режиссера и даже работал художником-декоратором в профессиональном театре». Он также любил классическую музыку, был большим поклонником «чарующей музыки» Глинки и Чайковского.

В 1893 году Коста узнает о смерти великого, любимого композитора Петра Ильича Чайковского и сам же организовывает вечер-концерт памяти Чайковского, где произносит вступительное слово, рассказав о жизни и деятельности великого творца музыки. Там же он прочел посвященное композитору стихотворение «Памяти Чайковского», где выразил свою скорбь и любовь:

*Разбита стройная, чарующая лира,*
*Повержен жертвенник, разрушен пышный храм, –*
*Навеки улетел «соловушка» от мира*
*В страну далекую, к далеким небесам»…*

и оканчивает свое стихотворение словами на высокой ноте:

[1] К.Г. Цхурбаева. Некоторые особенности осетинской народной музыки. – Орджоникидзе, 1959. – С.5.

[2] П. Ядых. В начале было слово // 24 этюда о музыке Осетии. – С. 160.

*«Пусть арфа сломана, – аккорд еще рыдает…*
*Не говорите мне: он умер, –*
*Он живет!»*

О стихах Коста можно сказать то, что говорил П.И. Чайковский о поэзии А.С. Пушкина: «Пушкин силой гениального таланта очень часто врывается из тесных сфер стихотворчества в бесконечную область музыки и, независимо от сущности того, что он излагает в форме стиха, в самом стихе, в его звуковой последовательности, есть что-то проникающее в самую глубь души».

И на самом деле, поэзия Коста удивительна музыкальна. Не один раз осетинские композиторы обращались к его творчеству в своих сочинениях, и не один раз они радовали слух, не только осетинского, но и других народов. «Постоянным был интерес Х. Плиева к творчеству классика осетинской литературы Коста Левановича Хетагурова. На стихи поэта композитором было написано несколько романсов. По поэме «Фатима» создана одноименная опера. Поэтический сборник «Ирон фæндыр» и события жизни К. Хетагурова послужили основой либретто оперы «Коста»…»[3].

В 1979 году на сцене осетинского музыкального театра состоялась премьера балета Д. Хаханова «Хетаг», написанного по мотивам поэм Коста Хетагурова «Хетаг» и «Плачущая скала». Сюжет включает две основные линии – борьба алан-осетин с татаро-монголами (XIII-XIV вв.) и торжество верной любви. «Мир светлых, возвышенных чувств воплощены в этой музыке, привлекающей лирическим обаянием, богатством и яркостью колорита» (Л. Левитская)[4].

Вскоре, в 80-е годы, появляется еще одно сочинение в этом же жанре – балет Л. Кануковой «Перед судом» (по одноименной поэме Коста). «Это – поэма-монолог. Рассказ о своей судьбе представшего перед судом крестьянского парня Эски звучит грозным обвинением жестокости феодального мира. И хотя балет выдержан в традициях лирико-драматического жанра, в музыке его много психологизма»[5].

Следом, в 1989 году – опера «Фатима» на музыку Х. Плиева.

Несомненно, к творчеству поэта композиторы обращаются и при сочинении вокальных произведений – песен, романсов. Они очень разнообразны. В них воспеваются «гордое величие и суровая красота гор», светлые, возвышенные эмоции, любовь к своему народу, к своей Родине, боль неразделенной любви. Во многих песнях нашла отражение тема смысла и назначения поэзии, судьбы поэта, это такие, как: «Я не пророк», «Другу», «Смерть близка, я это знаю» (муз. Л. Кануковой). Лирические: «Дума жениха», «Прости», «Тревога» (муз. Х. Плиева), «Походная» (муз. Т. Кокойти), «На смерть горянки» (муз. Т. Хосроева), «А-ло-лай» – на этот текст музыка написана несколькими композиторами (Б. Галаев, Т. Кокойти, Х. Плиев, Л. Ефимцова); «Не верь», «Я смерти не боюсь» (муз. Б. Галаева), «Ноктюрн» для хора (муз. Ф. Алборова), романс «Джук-тур» (муз. И. Габараева) и т.д.

Создать музыку на произведения такого великого человека, как Коста – сложная и ответственная работа. Чтобы выразить и суметь передать языком музыки его печаль, заботу, беспокойство, радость, восхищение, любовь «…нужно найти соответствующие музыкальные краски, раскрывающие глубину идей и эмоций его многогранной и блестящей поэзии. Нужно сохранить их колорит, тонкость и нежность лирического звучания»,[6] – пишет Б. Кандиев.

Но еще сложнее создать о нем самом музыкальное произведение. «Уæдæ уымæй ноджы зындæр æмæ бæрнондæр та у музыкалон уацмысы Къостайæн йæхи дissaджы рæсугъд æмæ хъуыдыджын фæлгонц саразын»[7]. Но, несмотря ни на что, в 1960 году на декаде осетинского искусства и литературы в Москве москвичи услышали оперу Х. Плиева «Коста». «Высоко был

[3] Т. Батагова. Композиторы Осетии. – Владикавказ, 2000. – С.150.

[4] Л. Левитская. Коста в музыке // Социалистическая Осетия. – 1984. – 18 окт.

[5] Там же.

[6] Б. Кандиев. Коста в музыке // Социалистическая Осетия. – 1948. – 29 дек.

[7] Плиты Христофор. Бæрнон хæс // Рæстдзинад, 1974. – 15 окт.

оценен этот первый образец осетинского искусства. Музыка повествовала и о тяжелой судьбе народной, и о великом сыне осетинского народа, поэте-борце Коста Хетагурове, ибо их судьбы неразделимы»[8].

Пятая симфония Д. Хаханова была также посвящена Коста. «Симфония не обращена впрямую ни к жизни, ни к творчеству Коста. Однако всем своим эмоциональным и образным строем она неразрывно связана с истоками его творчества. Симфония повествует о тяжелой жизни горцев до революции, о пробуждении их сознания, об их мужественной революционной борьбе»[9] (в 3-х частях 1979). Крупные вокально-инструментальные сочинения – оратория «Певец Осетии» Д. Хаханова, кантата «Певец земли родной» Т. Хосроева на стихи современника Коста Г. Цаголова, хоровая «Баллада о Коста», муз. Г. Гуржибекова на стихи И. Гуржибековой и т.д.

Среди множества вокальных сочинений на тексты Коста есть и детские песни: «Шалун» Р. Царионти, «Школьник» и «Киска» Л. Кануковой, «Кому что» Т. Хосроева.

Много и народных песен на стихи великого творца. Таковы всем известные «Додой», «Мать сирот», «Афсати», «Без доли», «Походная», «Кубады» и многие другие.

Также произведения Коста были поставлены на сцене (комедия «Дуня», 1901 г.) и на экране («Фатима», 1958 г., Б. Галаев, 1959 г., Х. Плиев), «Возвращение Коста» (удостоен премии на Всесоюзном фестивале телевизионных музыкальных фильмов в Москве).

*Кто песнь обо мне на фандыре сыграет?* – спрашивает Коста в одном из своих стихотворений.

Уже прошло много лет со дня смерти Коста Левановича Хетагурова, но в памяти родного народа, в нашем искусстве, в наших песнях, в наших сердцах он жил, живет и будет жить всегда.

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ
литературæйы кафедрæйы ахуыргæнæг

## КЪОСТА ÆМÆ ИРОН АХУЫРАДЫ ФАРСТАТÆ

XIX æнусы дыккаг æмбис æмæ XX æнусы фыццаг цыппæрæм хай Ирыстонæн систы Национ ренессансы дуг: фæзынди ирон скъола. Уыцы хабар уыди ахъаззаджы сæрæвæрæн канд национ-культурон царды нæ, фæлæ социалон-политикон царды дæр. Мадæлон æвзаг нымайын байдыдтой культурæйы удыл, дуг та кæрæдзиуыл бæттæг тыхыл. Скъолайы ахуырад, иумæйаг литературон æвзаг æмæ скъолаты ахуыры хъуыддаг мадæлон æвзагыл сæвæрын сси ирон интеллигенцийы сæйраг нысан.

Адæмон ахуырады ахсджиаг фарстатæ лыггонд цыдысты Хетæгкаты Къостайы, Гасситы Афæхъойы, Баййаты Гаппойы, Цæголты Георгийы, Уруймæгты Харитоны, Дзассохты Гигойы, Гарданты Михалы, Тыбылты Алыксандры куыстыты.

Ирон ахуырад райрæзыны хъуыды æхсæнады размæ чи хаста, уыцы интеллигенцийы 'хсæн зынгæ бынат ахсы Къостайы архайд.

Йæ адæмуарзон зæрдæ кæддæриддæр дзырдта ирон сывæллæтты хъысмæтимæ,

[8] Л. Левитская. Коста в музыке // Социалистическая Осетия. – 1984. – 18 окт.
[9] Л. Левитская. Коста посвящается // Социалистическая Осетия. – 1979. – 10 окт.

йе ’хсæнадон куыст æнгом баст уыд рухстауынимæ, скъолаты уавæр фæхуыздæр кæнынимæ.

Стыр курдиаты хицау уæвгæйæ, Къоста хорз æнкъардта рæстæджы ивддзинæдтæ. Йæ дунембарынад æмæ йе сфæлдыстадыл фæзынд прогрессивон зонды тæфаг.

Зындгонд у, фыссæджы æхсæнадон-политикон æмæ педагогон цæстæнгас уырыссаг литературæйы бындурыл кæй рæзыдысты, уый. Фыссæг стыр аргъ кодта XIX æнусы уырыссаг литературæйы классиктæн; уæлдай хæстæг ын уыдысты революцион демократтæ Чернышевский, Добролюбов æмæ Некрасовы хъуыдытæ. Уый тыххæй Абайты Васо зæгъы: «Æнæдызæрдыгæй йе стыр курдиатæй дарддæр ма Къостайæн тынг ахъаз фæци, уырыссаг литературæимæ, уырыссаг классикæимæ хорз зонгæ кæй уыд, уый дæр». Дыккаг ахæм бындурыл та, поэты сфæлдыстад, йæ педагогон цæстæнгас цæй руаджы сырæзыд, уый, Васо нымайы ирон адæмы хъæздыг фольклор, адæмон зондахаст.

Кæцыфæнды адæймаджы зæрдæйы дæр арф фæд ныууадзы æцæг ахуыргæнæг. Зæгъæн ис, æмæ Къоста йæ ахуыры фæндæгтыл чысыл нæ сæмбæлд, ахуыргæнæджы бæрзонд ном кадимæ чи хаста, ахæм зондамонджытыл. Къостайы курдиæттæй бирæтæ раргом сты Дзæуджыхъæуы прогимназ æмæ Стъараполы гимназы ахуыргæнджыты æххуысæй. Уымæ гæсгæ, Къоста хорз æмбæрста, цавæр ахуыргæнджытæ хъæуы ирон скъолайы, цæуыл хъуамæ ахуыр кæной ирон сывæллоны, суанг, цавæр предметтæ хъæуы программæмæ бахæссын, уыдæттæ. Йæ царды фæлтæрддзинад, кæй зæгъын æй хъæуы, фæбæрæг йæ дарддæры архайдыл дæр.

1862 азы Дзæуджыхъæуы Ирон аргъуаны сауджын æмæ дины скъолайы инспектор Колыты Аксо йæхи хардзæй йæ хæдзары байгом кодта ирон чызджыты райдиан скъола. 1866 азы скъола йæхи номæй схуыдта, ам Дзæуджыхъæуы уæвгæйæ, кънйаз Федоры чызг Ольгæ. Æмæ историйы баззад Дзæуджыхъæуы Ольгæ Федоровнæйы номыл ирон сылгоймæгты скъола, зæгъгæ, афтæмæй. Æнæхъæн Ирыстон дæр дзы сæрыстыр уыди. Скъола фæкуыста 1918 азы онг. Колыйы фырты фæстæ ахæм хъæппæрис равдыста салыгæрдæйнаг сауджын Гатуты Алыксандр.

Нæуæдзæм азты ацы скъола Дзæуджыхъæуы хицауады амындæй хъуамæ æрцыдаид æхгæд. «Тынг зын зæгъæн у, ацы цау ирон адæмæн цы стыр зиан æрхаста, уый, – фыссы Къоста газет «Северный Кавказ»-ы. – Уавæрæн ницы ’мбаргæйæ, ныййарджытæ ногбонты улæфты фæстæ скъоламæ ласынц сæ цоты… Уынгты уæрдæттæй ацæуæн нал ис… Æргъæвст сывæллæттæ хойынц сæ уарзон скъолайы дуар… Дуар сыл æрбахгæдтой… Æддæмæ сæ тæрынц… Дард фæндаджы фæстæ сæ сæхи батавын дæр нæ уадзынц… Ныййарджытæ не ’мбарынц хъуыддаг… Сывæллæттæ кæуынц, нæ сæ фæнды фæстæмæ здæхын, суанг изæрдалынгтæм ихы къæйыл уынджы лæууынц… Цæй тыххæй? Цæмæн? Цæй аххосæй?»

Къоста йæ уацы хъæддыхæй сдзырдта скъола æхгæныны ныхмæ. Æфхæрд æрцыд, фæлæ йæ тох нæ фæдзæгъæл.

Сылгоймæгты скъолайы хъысмæтыл сагъæс кæнгæйæ, поэт бафиппайдта: «Цалынмæ скъола горæты астæу уыд, уæдмæ йæ ахуыргæнинæгты фылдæр хай уыдысты ирæттæ. Куыддæр ын йæ бынат аивтой, афтæ ирон чызджыты нымæц бæлвырд фæкъаддæр, афтæ 1888 азы 89 ахуыргæнинагæй æрмæст 36 уыдысты ирæттæ».

Хетæджы фырт йæ уац «Развитие школ в Осетии», зæгъгæ, уым зæрдиагæй цин кæны, Ирыстоны сылгоймæгтæн скъолатæ кæй фæзынд, ууыл. Колыты Аксойау, Къоста дæр ирон сывæллоны фидæн бæтты размæдзыд сылгоймагимæ. Ахуырдзинад райсыны фæстæ чызджытæ цыдысты хъæутæм, куыстой ахуыргæнджытæй, хъомыл кодтой рæзгæ фæлтæры.

Къоста фидарæй архайдта ирон сылгоймаджы ахуыры фæндаг бахъахъхъæныныл, хорз æмбæрста ахуыргонд сылгоймаджы ахадындзинад фидæны фæлтæрты хъомылады.

Поэт домы, цæмæй сылгоймæгты

скъоламæ ахуыргæнджытæй фылдæр исой ирæтты, скъола хорз бæрæггæнæнтимæ каст чи фæвæййы, уыцы ирон чызджытæн сæхицæй.

Скъолайæн хъæуы хуыздæр уавæртæ саразын, фестырдæр кæнын йæ бæстыхай, лæмбынæг æркæсын ахуырты программæтæм, бацархайын сæ хæрзхъæддзинад фæрæвдздæр кæныныл.

Къоста лæмбынæг кæсы адæмон ахуырады фарстатæм, бæлвырдæй æвзары скъолайы ахуырты уавæр, сæ хъæндзинæдтæ.

Фыссæгмæ гæсгæ, скъолайы сæргъы хъуамæ лæууа педагогон дæсныйадимæ зонгæ чи у, ахæм адæймаг.

Хетæджы фырт домдта, ахуырадон программæтæ алыхуызон уæлæнгай предметтæй суæгъд кæнын, фылдæр æргом здахын гигиенæйæ хуымæтæг ахуыртæ кæнынмæ, истори æмæ географи хуыздæр амонынмæ.

Аргъуанты цур арæзт скъолатыл дзургæйæ, Къоста хъыг кæны ахуыргæнджыты царды уавæртыл, домы сæ мызд фæфылдæр кæныны фарста алыг кæнын. Стыр мæты йæ ’фтауы, паддзахы хицауад хохæгтæн цы æнæбары скъолатæ гом кæнын бауагъта, уыдоны бæстыхæйтты æдзæллагдзинад. «Фæрсырдыгæй бакæсгæйæ, хъæуккаг скъолатæ сты скъæтты хуызæн, сæ бацæуæнтæ – къуындæг, агъуыстытæ – ныллæг. Фылдæр хатт ахуыртæ фæцæуынц зæххын бын, дурæй амад сараты чысыл рудзгуытимæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм уавæртæ къуылымпы кæнынц ахуыртæ», – фыссы Къоста.

Къоста тынг лæмбынæг каст ирон сабиты царды уагмæ. Сывæллонæй бирæ зынтæ кæй федта, уымæ гæсгæ сын арф æнкъардта сæ миддуне, сæ бæллицтæ. Хохаг сывæллæтты хъысмæтыл сагъæс кæнгæйæ йæ «Особа»-йы бæлвырдæй æвдисы чысыл фыййæутты хъизæмæрттæ.

Нары скъолайы ахуыр кæнгæйæ, Къоста йæхиуыл бавзæрста йæ рæстæджы ахуырты хъæндзинæдтæ. Фæстæдæр бафиппайдта: «Фылдæр æргом здахын хъæуы хæххон тызмæг уавæрты рæзæг мæгуыр сабитæм. Скъола алы хъæуы нæй. Хъæутæ та кæрæдзийæ дард сты, æмæ даргъ зымæг бæгъныæг, бæгъæввад сывæллæтæй бирæтæ баззайынц хæдзары бадгæйæ».

Адæмон ахуырады фарстатæ ’взаргæйæ, Къоста разынд зондджын, æрхъуыдыджын, арфуынаг педагог. Уый растыл нæ нымайы, уырыссагау чи нæ зоны, уыцы 7-10- аздзыд ирон сабиты славянаг æвзагыл кæсын æмæ фыссын ахуыр кæнын.

Поэт бæрзонд æвæрдта адæмон хъомылады фарстатæ, домдта скъолатæм ирон ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæнджытæ исын. Фидарæй дзырдта, хохæгтæн сæ бон цы æгъдæуттæ бахъахъхъæнын баци, уыдонæй Европæйы цæрджытæ сæ сæр бæрзонд кæй хæссиккой, ууыл. Намысы сыгъдæгдзинад, хæс фидыны æнæмæнгдзинад, дзырдæн хицау уæвын æмæ æндæр ахæмтæ хæххон лæгæн æрдзон кæй сты, уымæ гæсгæ нымайыны аккаг сты, æцæг рухстауыны хъуыдытимæ сæм чи æрбацæуы, уыдонæн се’ппæтæн дæр.

Къоста йæхæдæг дæр хъомыл кодта, æгъдау æмæ æфсарм тыхджын кæмæ уыдысты, ахæм фыды къухы. Стыр аргъ кодта йæ фыд Леуанæн. Цæлыккаты Юлямæ фысгæйæ, бафиппайдта: «Мæ гыццылæй фæстæмæ мæ фыдæй никуы фехъуыстон гуымиры ныхас, никуы мæм систа йæ къух».

Къостайы архайдæй бæрæг у, поэт кæй тарсти, ирон саби йæ мадæлон æвзаг, ирон æгъдауæй иппæрд куы ’рцæуа, уæд уый æвзæрырдæм кæй фæзындзæн йæ удыхъæдыл.

Дзæуджыхъæуы интеллигенцийы курдиатмæ гæсгæ Къоста архайдта, сфæлдыстадон тæфаг кæмæ хæццæ кодта, уыцы ирон сывæллæттæн аивæдты скъола байгом кæныныл. Горæты хуыцаубоны скъолаты амыдта литературæ æмæ нывкæнынад, лыг кодта сывæллæты физикон хъомылады фарстатæ, хъуыды кодта спортивон хъæзтытæ кæнынæн уавæртæ аразыныл. Канд ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй дæр архайдта ирон фæсивæды ’хсæн рухстауæн куыст кæныныл.

Цы æрмæджытæ æрхастам, уыдон ирдæй æвдисынц, Къоста тынг хорз кæй зыдта Ирыстоны ахуырады уавæртæ, зæрдиагæй кæй архайдта ахуыргæнджыты æмæ скъоладзауты царды уавæртæ фæхуыздæрыл, удуæлдай тох кæй кодта скъолаты хъуыддаг фæрæвдздæр кæныныл.

Йæ рухстауæн куысты тыххæй Къостайæн стыр аргъ уыди куыд ирон интеллигенцийы ’хсæн, афтæ ахуырдзау фæсивæды ’рдыгæй дæр. Коцойты Арсен йæ мысинæгтæй иуы куыд фыссы, афтæмæй, Æрыдоны семинары ахуыр кæнгæйæ, фæсивæд фистæгæй фæцыдысты Дзæуджыхъæумæ Къостайы фенынмæ. Къостайыл сæмбæлдысты бульвары. Сæ зæрдæтæм арф ныххызтысты йæ ныхæстæ: «Æгæр бирæ рæстæг хардзгонд цæуы кувыныл, аргъуанты лæууыныл, дины æгъдæуттæ ахуыр кæныныл. Фæлæ ницы кæны, уæддæр ахуыр кæнут, фæзындзысты нæм æндæр скъолатæ дæр».

Национ ахуырад æмæ хъомылады фарстатæ ирдæй æвдыст цæуынц йæ сывæллæттæн фыст уацмысты. Æмдзæвгæтæй бирæтæ ирон сабийы абон дæр ма цыбæл кæнынц ахуырмæ, разæнгард æй кæнынц ахуыры фæндагмæ:

*«Цæттæ дæ хызын дар,*
*Тагъд де скъоламæ уай!*
*Æнæзивæг куы уай, –*
*Хуыздæр бынат дæ хай…*

*Зондамонæгмæ хъус,*
*Цы зæгъа, уый-иу кæн,*
*Зæрдæхъæлдзæгæй кус*
*Æмæ бæззай лæгæн!..» –*

фæдзæхсы поэт ирон сабийæн.

Къоста ныййарæгау сидти кæстæртæм: «Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!» Æрмæст цалдæр ацы дзырды дæр æнæкæрон арф хъуыды ис. Рухсмæ хонæг фæндагæй амонджджындæр нæй. Рухс у зонд, ахуырад, уæлахизтæм хонæг тых. Уыцы фæндаг чи равзара, уый йæ нысанмæ кæй фæхæццæ уыдзæн, ууыл Къоста дызæрдыг нæ кæны æмæ йыл йæ кæстæрты æнæзивæгæй уымæн цæуын кæны. Æнæзивæгæй æмæ æнгомæй.

1897 азы Къоста Стъараполмæ цы фыстæг арвыста, уым дæр гимназисттæн амыдта: «Мæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй зонæдтæ æмæ аивæдты мидæг уе ’нтыстытæй, уæхи дарынæй канд гимназы нæ, фæлæ уæ хæдзæртты дæр æдзух ныййарджыты зæрдæ рухс кæнат, уый».

Къоста хорз æмбæрста, национ ахуырады фарста канд педагогон хъуыддаг кæй нæу, фæлæ социалон-политикон, паддзахадон хъуыддаг. Ахуырад æмæ хъомылады фарстатæм цас хъусдард цæуы, уымæй аразгæ кæй у адæмы фидæн, Ирыстоны хъысмæт.

Поэт хуымæтæджы нæ каст афтæ лæмбынæг скъолайы фарстатæм, дзæгъæлы нæ архайдта йæ рапарахат кæныныл, ирон сабийæн ахуырмæ фæндаг айгæрдыныл. Уый æмбæрста, кæцыфæнды культурæйæн дæр йæ бындурæвæрæг адæймаг кæй у. Скъолайы сæйраг хæсыл нымадта, сфæлдыстадон хъару æмæ ныфс кæмæ ис, йæ уидæгтæн аргъ кæнын чи зоны, йæ алыварс дунемæ раст цæстæй кæсын чи арæхсы, ахæм адæймаг хъомыл кæнын.

Абон æхсæнадон царды цæуы стыр ивддзинæдтæ. Уыдонæй иу у, адæмæн сæ химбарынад, сæ мадæлон æвзаг, сæ равзæрды историмæ, культурæ æмæ æгъдæуттæм фылдæр æргом здæхт кæй цæуы, уый. Историйы цалх фæстæмæ æрзылдис. Ногæй та æрхæццæ Къостайы дуг. Къостайы дугау ныр дæр нæ разы лæууы фарст: «Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?»

Цард домы, Ирыстоны скъолаты национ ахуырады фарстатæм бæлвырддæр æркæсын, фылдæр æргом сæм здахын.

Къостайы рæстæгæй абонмæ бынтон лæгъз нæ уыди Ирыстоны ахуырады фæндаг. Царды ивддзинæдтæ кæм хорзæрдæм зындысты йæ размæ цыдыл, кæм та йæ къуылымпы кодтой. Сæйрагдæр рæдыдыл банымайæн ис, нæ мадæлон æвзаг æмæ ирон адæмы ’гъдæуттæм ахуырты рæстæг фаг æргом здæхт кæй нæ цыд, уый. Ацы аххосæй нæ абоны фæсивæды

’хсæн фæфылдæр «уæрæседзауты» нымæц, фæзындис нæм, йæ адæмы истори, йæ адæмы хъæздыг сфæлдыстадмæ, йæ алæмæты æвзагмæ куыдфæндыйы цæстæй чи кæсы, ахæмтæ.

Къостайы бæллицтæй, хъыгагæн, бирæтæ абон дæр нæма сæххæст сты. Фæлæ Къостамæ ис ахъаззаг фæрæз – хъуамæ нæ алчи дæр арф хæсса йæ зæрдæмæ «искæй зынад», дунейы хæрзтæй нæм хуыздæр кæса «уарзондзинад».

Къоста нын йæ цыбыр, фæлæ удуæлдай цардæй равдыста, Фыдыбæстæйæн куыд лæггад кæнын хъæуы, уый.

Уымæ гæсгæ мах абон Къостайы алыварс тынгдæр æрбангом уæм, йæ идейæтæ æмæ йын йæ идеалтæ царды рауадзæм.

# ПЕДАГОГОН ИНСТИТУТЫ КАФЕДРӔ ЮНЕСКО – СКЪОЛАЙӔН

***Куыдзойты Анжелæ,***
фил. наук. кандидат,
Цæгат Ирыстоны паддзахадон
педагогон институты ирон æвзаджы
теорийы кафедрæйы сæргълæууæг

## МЕТОДИКОН АМЫНДТЫТӔ 11-ӔМ КЪЛАСЫ ЧИНЫГМӔ

**Афæдзы дыккаг цыппæрæмхай**

*Коммуникативон арæхстдзинæдтæ:* хи хъуыдытæ зæгъынмæ арæхсын; фæрстытæ æмæ дзуæппытæ дæттынмæ арæхсын; темæмæ гæсгæ цыбыр хъусынгæнинаг аразын.

*Грамматикон æрмæг:* вазыгджын хъуыдыйады иумæйаг æмбарынад, бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад, домгæвазыгджын хъуыдыйад, æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад, бирæхайон вазыгджын хъуыдыйад.

**Темæ «Дунейы адæмты музыкалон культурæ»**
**«Вазыгджын хъуыдыйад»**
*(2 сахаты)*

**10-æм ахуыр**

*58-æм фæлтæрæн*. Раст дзуæппытæ: а – 2, æ – 2, б – 4, в – 1, г – 1, гъ – 2.

Фæлтæрæнтæм рахизыны размæ зæрдыл æрлæууын кæнын, цы у вазыгджын хъуыдыйад, цæмæй хицæн кæны хуымæтæг хъуыдыйадæй, цавæр хуызтыл дих кæнынц вазыгджын хъуыдыйæдтæ, цавæр миниуджытæ сæм ис æ.æнд.

*60-æм фæлтæрæн:* 1) хуымæтæг хъуыдыйад; 2) вазыгджын хъуыдыйад; 3) хуымæтæг вазыгджынгонд хъуыдыйад; 4) бабæтгæ кæнæ домгæвазыгджын хъуыдыйад; 5) æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад; 6) бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад.

*62-*æм *фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

**11-æм ахуыр**
**«Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад»**

*63-æм фæлтæрæны* раст дзуæппытæ фæбæрæг кæнын, фæлтæрæны æрмæгыл æнцайгæйæ, радзурын бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты тыххæй (монологон ныхасыл куыст).

*65-æм – 66-æм фæлтæрæнтæ.* Алы дзырдмæ дæр бафтауæн ис цалдæр фæсæфтуаны.

*68-æм фæлтæрæн* – хæдзармæ куыст.

**Темæ «Дунейы адæмты æвзæгтæ»**
**«Домгæвазыгджын хъуыдыйад»**
(2 сахаты)

**12-æм ахуыр**

Ацы ахуыры райдайæны æнæмæнг хъæуы разныхас. Кæнæ ахуыргæнæг

йæхæдæг хъуамæ радзура иумæйагæй æвзаджы тыххæй, адæймаджы историйы æмæ культурæйы йын цы ахадындзинад ис, уый тыххæй, дунейы æвзæгты тыххæй цыбыртæй, кæнæ та рагацау хъуамæ ацы хæс радта иу-дыууæ скъоладзауæн. Сæрмагондæй æрлæууын хъæуы ирон æвзаджы арæзтыл, йæ диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытыл, сæ хицæндзинæдтыл. Уыимæ акцент хъуамæ уа ууыл, ирон æвзаг нæ нацийы иумæйаг хæзна кæй у, ныхасыздæхтытæ та йæ хъæздыгдзинадыл дзурæг кæй сты.

*69-æм фæлтæрæн.* Æмдзæвгæтыл бакусыны размæ бафæрсын, цы зонынц ацы авторты тыххæй, сæ цавæр уацмыстимæ зонгæ сты.

*70-æм фæлтæрæны* хъуыдыйæдтæ æрмæст сæ бастдзинады фæрæзтæй нæ хицæн кæнынц, фæлæ ма хæйтты æхсæн ахастытæй дæр.

*71-æм фæлтæрæн.* Текстæн сæргонд æвзарын хъæуы йæ бакæсыны фæстæ, уыимæ сбæрæг кæнын хъæуы тексты стиль æмæ жанр, цæмæй сæргонд æмæ мидис «кæрæдзиуыл фидауой», уый тыххæй. Зæгъæм, фыццаг сæргонды стиль дзуапп нæ дæтты тексты мидисæн, æртыккаг сæргонды мидис текстæй æргомгонд нæ цæуы. Афтæмæй æвзарын хъæуы дыккаг æмæ цыппæрæм сæргæндтæй иу.

*72-æм, 73-æм фæлтæрæнтæ* – хæдзармæ куыст. Аннотаци ныффыссыны хæс раттыны размæ къласы равдисын хъæуы дыууæ-æртæ чиныджы аннотацитимæ.

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ ЧИНЫГ 11 КЪЛАСÆН

### 10-æм ахуыр

***Дунейы адæмты музыкалон культурæ Вазыгджын хъуыдыйад***

***58.*** *Цы зонæм дунейы адæмты музыкалон культурæйы тыххæй? Равзарут раст дзуæппытæ.*

а) Адæмон музыкæйы бындурыл арæзт стиль хуыйны
кантри
фолк
фламенко
блюз
æ) Стиль фламенкойы элементтæ сты
зарæг æмæ кафт
зарæг, кафт æмæ гитарæйы цагъд
гитарæйы цагъд æмæ кафт
скрипкæйы цагъд æмæ зарæг
б) Блюз равзæрдис
куыд ковбойты музыкæйы хуыз
адæмон музыкæйæ
ансамбль «Boney M»-ы сфæлдыстады
афроамерикæгты адæмон музыкæйæ
в) Рок музыкæйы…
ис цалдæр хицæн хуызы
бындуры æвæрд ис дины музыкæ
бындуры ис классикон музыкæ
сæйраг архайæг у диджей
г) Рэпы зарæджы бæсты ис…
речитатив
кафт
инструменталон музыкæ
барабанты цагъд
гъ) Стиль диско фæзындис
Испанийы
Америкæйы Иугонд Штатты
Уæрæсейы
Англисы

***59.*** *Бакæсут Нарты каджжытæй скъуыддзаг æмæ зæгъут, чи у тексты сæйраг архайæг? Куыдæй æмæ цæмæн фæмард сты йæ бинонтæ? Цы зонут ацы хъайтары тыххæй? Цавæр æппæрццæг æмæ æвæрццæг миниуджытæ йæм ис? Æрхæссут дæнцæгтæ.*

«Хæдзары фæмидæг ис, ракæс-бакæс кæны æмæ йæ бинонтæй никæй ары. «Аходæнæй сихормæйы бинонтæ!

Цымæ кæдæм фæцыдысты?» – дзуры йæхинымæры. Фыдисыл йæхи ныццавта, фыдтæ асгарон, зæгъгæ, аг сыстыдта, æмæ дзы скалдысты йæ бинонты уæнгтæ: кæмæн йæ сæр, кæмæн йæ къах, кæмæн йæ цонг.

Исдугмæ сæццæйæ аззад; уый фæстæ йæ бинонты стæгдар агæй систа æмæ йæ хистæр фырты цонджы стджытæй фæндыр сарæзта, иннæ лæппуты зæрдæйы тæгтæй фæндырæн скодта дыууадæс тæны, æрбадти йæ хъæбулты стæгдары цур æмæ цæгъдын байдыдта:

«Мæ лæппутæ, мæнæн уын мæ бон хæрнæг кæнын нæ бауыдзæн, фæлæ мын уæ иу хуынди Къонагæ. Къонагæ, марды фæлдисинагæй къонайыл цы бавæрой, уымæй ды рухсы бад!»

Стæй та ныццæгъды æмæ зæгъы:

«Ме ‘ннæ лæппу – Уæрагæ, марды фæлдисинагæй уæрагыл цы ‘рæвæрой, уымæй ды рухсы бад!»

Стæй та ныццæгъды:

«Ме ‘ртыккаг лæппу – Фуагæ, марды фæлдисинагæй фу цæуыл бакæной, уымæй ды рухсы бад!»

Йæ фæсдуар уæрм уыди – стæгдар уым ныккалдта. Йæхæдæг йæ фæндыр райста æмæ рацыд Нартмæ. Ныхасы йæ ныццагъта æмæ йемæ ныззарыд:

– Нарт, ай уын мæ лæвар, æмæ мæ уемæ цæрын бауадзут!

Уырызмæг æм радзуры:

– Кæд нын уый хуызæн хæзна дæ цæст уарзы, уæд не ‘гасæн – æфсымæр иумæйагæй; нæ алы ныхасы дын бар уæд хъусынæн, нæ хæдзæрттæм дын фæндаг уæд æфсымæрау.

Нарт уыцы фæндыр райстой æмæ кæрæдзийæн загътой: «Иууыл цагъды куы фæуæм, уæддæр ацы фæндырæн ма уæд фесæфæн. Уый чи цæгъда æмæ мах ном чи мыса, уый уыдзæн нæхион!»

*Цавæр фæндыры кой ис ацы тексты? Цавæр фæндыртæ ма зонут?*

***60.*** *Ссарут тексты æмæ рафыссут, ацы домæнтæн дзуапп чи дæтты, ахæм хъуыдыйæдтæ.*

1) Сæ структурæмæ гæсгæ вæййынц цыбыр кæнæ даргъ, æххæст кæнæ æнæххæст, иувæрсыг кæнæ дывæрсыг.

2) Сæ хæйтты 'хсæн цавæр бастдзинады хуыз ис, уымæ гæсгæ дих кæнынц æртæ къордыл.

3) Вазыгджынгонд вæййынц сидæнтæй, бавæргæ дзырдтæй, иртæстгонд æмæ æмхуызон уæнгтæй.

4) Сæ хæйттæ баст вæййынц бабæтгæ кæнæ домгæ бæттæгтæй.

5) Сæ хæйттæ баст вæййынц æрмæст интонацийæ, æнæ бæттæгтæй – уый у сæ сæйраг структурон миниуæг.

6) Сæ хæйттæ вæййынц æмсæр, æмбар.

### *Вазыгджын хъуыдыйад æвзарыны схемæ*

I. Вазыгджын хъуыдыйадæн иумæйаг характеристикæ раттын.

1) Сбæрæг кæнын хъуыдыйады хуыз загъды нысанмæ гæсгæ.

2) Сбæрæг кæнын хъуыдыйады хуыз интонацимæ гæсгæ.

3) Рахицæн кæнын хъуыдыйады хæйттæ (домгæвазыгджын хъуыдыйады бацамонын уæлæмхæст хайы хуыз).

4) Бацамонын синтаксисон бастдзинады фæрæзтæ (бацамонын бæттæгты нысаниуджытæ).

II. Равзарын вазыгджын хъуыдыйады хæйттæ хуымæтæг хъуыдыйæдты хуызæн.

III. Хъуыдыйады графикон схемæ саразын.

***61.*** *Рафыссут вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Равзарут сæ схемæмæ гæсгæ.*

Фолк у адæмон музыкæйы бындурыл арæзт стиль. Йæ иу хуыз – фламенко, равзæрдис Испанийы, бæлвырддæр та Андалусийы. Ацы музыкæйы баиу сты араббаг, цигайнаг, дзуттаг æмæ чырыстон культурæты ритмтæ æмæ мелодитæ. Стилы ном æххæстæй хуыйны «канте фламенко» («канте» испайнагау нысан кæны «зарын»), фæлæ фламенко арæзт у зарæг, кафт æмæ гитарæйы цагъдæй. Уыдоны фæрцы

æвдыст цæуынц тыхджын æнкъарæнтæ: уарзондзинад, арф хъыг, цин æмæ æнд. Рагон аивад фламенко у испайнаг культурæйы сæйрагдæр хæйттæй иу, фæлæ ныртæккæ рапарахат ис æппæт дунейы дæр.

Кантрийы бындуры æвæрд ис дины музыкæ, сæйрагдæр – гимнтæ æмæ ритуалон зарджытæ. Ацы стилы баиу кодта Англис, Шотланди æмæ Ирландийы адæмон музыкæ, фæлæ парахат кæнын райдыдта 19-æм æнусы АИШ-ы. Кантри цæгъдынц банджойыл – африкæйаг цагъайрæгты инструментыл, стæй гитарæйыл; фæстæдæр сæм бафтыдис мандолинæ. Кантрийы хицæн хуызыл нымад у «вестерн» – ковбойты (америкаг фыййæутты) музыкæ.

Блюз у афроамерикæгты адæмон музыкæйы хицæн хуыз, æвзæргæ дæр ракодта 19-æм æнусы дыккаг æмбисы куыд æнæбар адæмы музыкæ. Уыцы рæстæджы блюз цагътой гитарæ æмæ банджойыл, фæлæ 1930-æм азты фæзындисты, блюз электрогитарæ æмæ фортепианойыл чи цагъта, ахæм ансамбльтæ. Ног темæтæ æмæ мотивтæ бахастой блюзмæ Элвис Пресли, Билл Хэйли æмæ æндæр музыканттæ. Афтæмæй равзæрдысты рок-н-ролл æмæ хард-рок, фæлæ традицион блюз абон дæр рох нæу.

***62.*** *Ныффыссут фæйнæ дыууæ хъуыдыйады лæвæрд бæттæгтимæ, иу хъуыдыйады бæттæг æмхуызон уæнгтæ куыд иу кæна, дыккаджы та – вазыгджын хъуыдыйады хæйттæ.*

Æмæ, та, фæлæ, æви, дæр (дæр – дæр), кæнæ.

## 11-æм ахуыр
## Музыкалон культурæ
## Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад

***63.*** *Равзарут раст дзуæппытæ, æрхæссут дæнцæгтæ æмæ сæ ныффыссут.*

а) Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады хæйттæ…
баст сты цавæрфæнды бæттæгтæй дæр;
баст сты бабæтгæ бæттæгтæй;
бæттæгтæй баст не сты.

æ) Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады…
хæйтттæй иу иннæйы дæлбар вæййы;
хæйттæ сты æмсæр;
хæйтты æхсæн мидисон бастдзинад нæ вæййы.

б) Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады хуымæтæг бæттæг…
æвæрд вæййы фыццаг хайы;
æвæрд вæййы дыккаг хайы;
вæййы хæйтты æхсæн, æмæ йæ разæй æвæрын хъæуы къæдзыг.

в) Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн вæййы…
иугæнæг ахастытæ;
иугæнæг, дихон кæнæ ныхмæвæрды ахастытæ;
дихон кæнæ ныхмæвæрды ахастытæ.

г) Иугæнæг бæттæгтæ сты…
æмæ, куы, цæмæй;
æмæ, та, фæлæ;
æмæ, дæр, нæ – нæ, нæдæр – нæдæр, ма – ма..

гъ) Ныхмæвæрды бæттæгтæ сты…
фæлæ, та, уæддæр, науæд, æндæр, нæ – фæлæ;
та, цæмæй, уымæн æмæ;
дæр, ма – ма, æви.

д) Дихон бæттæгтæ сты…
фæнды – фæнды, уæддæр, нæ – фæлæ;
фæлæ, нæдæр – нæдæр, æви;
æви, куы – куы, фæнды – фæнды.

***64.*** *Равзарут дзырдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ.*

Фæсивæдон, æддаг, сæйраг, алыхуызон; хиæмбарынад, райрæзт, зæлынад, ныхмæвæрддзинады.

Дзырдаразæг суффиксты нысан у ног дзырдтæ аразын: *дон – донджын, дойны, дойнаг.*

Формæаразæг суффикстæ ивынц дзырды грамматикон нысаниуæг: *суг – суг-т-æ, зон- ын – зон-дзын-æн.*

***65.*** *Дзырдтæй фæсæфтуанты фæрцы саразут ног дзырдтæ.*

Дон, хъæд, сæр, хорз, дзурын, ирон, фæдис, фыд, бæх.

***66***. *Дзырдтæн фæсæфтуанты фæрцы аивут сæ формæтæ.*

Ныллæг, рагон, дард, хорз, сывæллон, фæд, кусын, фæрсын.

***67.*** *Ссарут дзырдтæн антонимтæ. Ныхмæвæрд дзырды къæйттæй кæцытæ сты комкоммæ кæнæ контекстон (ситуативон) антонимтæ?*

| | | |
|---|---|---|
| сæйраг | **ацæргæ** | ницæйаг |
| **æрыгон** | хуымæтæг | æмцæдис |
| хицæн | иумæйаг | æнцон |
| вазыгджын | фæрссаг | къаннæг |
| æддаг | фæстаг | чъизи |
| бæрзонд | мидæггаг | **зæронд** |
| фыццаг | ныллæг | дзыхъхъылæуд |

| | |
|---|---|
| æнæхъæугæ | **фыдæлтыккон** |
| æппæтадæмон | нæбæззон |
| хион | æппæтдунеон |
| **дæрдджын** | хæстæг |
| дæлæмæдзыд | æнæрæгъыдзыд |
| гуымиры | |

***68.*** *Пъланмæ гæсгæ ныффыссут цыбыр уац иу музыкалон стиль кæнæ музыканты тыххæй.*

1) Музыкалон стилы равзæрд.

Йæ хицæндзинад иннæ стильтимæ абаргæйæ.

Йæ зындгонддæр архайджытæ.

Йæ зындгонддæр уацмыстæ.

Цæмæй цæуы дæ зæрдæмæ?

2) Музыканты цыбыр биографи.

Цавæр стилы архайы.

Йе сфæлдыстады хицæндзинæдтæ.

Йæ сæйраг уацмыстæ.

Цæмæй цæуы дæ зæрдæмæ?

## 12-æм ахуыр
## Дунейы адæмты æвзæгтæ
## Домгæвазыгджын хъуыдыйад

***69.*** *Байхъусут æмæ бакæсут æмдзæвгæтæ. Бахахх кæнут, дыууæ диалекты хицæн хуызы цы мыртæ дзурæм, уыдон æвдисæг дамгъæты бын.*

### Ирон дзырд
Абайты Васойæн

Цы удвидар басгуыхт нæ дзырды фарн,
уастæн! –
Мæ уарз мын, мæ маст мын æнусты
фæхаста.
Фыстой йæ сæрмæттæ, уæд скифтæ сæ
фаттæй,
Сæ бæхты цæфхæдтæн сæ цъæхснаг
цæхæртæй.
Йæ дардыл хæтæнтæ – Дон, Днепры
гуылфæнтæ,
Йæ фарны кæлæнтæ – Донбеттырты
сæнттæ.
…Æвæрдтой йыл цъутта æрцæуæг
хæддзутæ,
Цыфыддæр фыдгултæ: агуыр уа,
фыдгуынтæ.
Рæхуыстой йæ арцæй, фæлвæрдтой йæ
артæй,
Æхстой йæ мæнгардæй гадзрахаты фатæй.
Æппæрстой йæ хъоргъы – куыд баззайа
рохы.
Йæ цот æй фыдохы ныууагътой-иу рохы.
Нæ басаст ирон дзырд – куырыхонæй
номдзыд,
Тыхы бон хæстон уыд: нæ фегад нæртон
цыт.
Æхсысти фæтыгау, куы буц уыд фæрныгау.
Къостайы цæстытæй æрттывта æрвыгау.*
Уый ме ‘лгъыст, мæ ард у, мæ денджыз, мæ
арв у.
Хъæуы мæ йæ арфæ йæ фæтæн, йæ арфы.
Куысты уа, фæдисы – мæ монц мын, мæ
рис мын
Æвзæгты цæдисы бæрзонд фарнмæ сисы.
*(Хъодзаты Æхсар)*

*æрвыг – бриллиант

### Къуæтти

«Æнæ ’взаг æй, æнæ ’взаг», –
Искæнунцæ ’й сæ кустаг.
«Къуæтти, къуæтти, къуæзæнæг,
Карди комбæл дæ зæнæг».

Ка сæ дæмуй æ дзурдæй, –
Ранæмунцæ ’й æмбурдæй.
Маци дзорæ æ сæрбæл.
Нæ ин гъæуй тæрегъæд.
Къуæтти кæд æй – нæ хонхбæл
Æвзæгутæ æруедзæд.

*(Багъæрати Созур.)*

***70**. Рафыссут хъуыдыйæдтæ æмæ зæгъут, кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц, уый. Сбæрæг кæнут бастдзинады фæрæзтæ æмæ сæ нысаниуджытæ. Скæнут хъуыдыйæдтæн графикон схемæтæ.*

Æппæт дунейы ис дыууæ мин æвзагæй фылдæр, диалекттæ æмæ ныхасыздæхтыты нымæц та хæццæ кæны дæсгай минтæм.

Æппæт дунейы ис дыууæ мин æвзагæй фылдæр; диалекттæ æмæ ныхасыздæхтыты нымæц хæццæ кæны дæсгай минтæм.

Кæд æппæт дунейы дыууæ мин æвзагæй фылдæр ис, уæд диалекттæ æмæ ныхасыздæхтыты нымæц та хæццæ кæны дæсгай минтæм.

***71.** Бакæсут текст æмæ йын равзарут сæргонд.*

1) Хуыцæутты лæвар
2) Ацы алыхуызон æмхуызон æвзæгтæ
3) Æвзаг – хæзнаты хуыздæр
4) Дунейы адæмты æвзæгтæ

Æппæт дунейы ис дыууæ мин æвзагæй фылдæр, диалекттæ æмæ ныхасыздæхтыты нымæц та хæццæ кæны дæсгай минтæм.

Æвзаг цæры æмæ рæзы, цалынмæ йыл адæм дзурынц, уæдмæ. Æвзаджы райрæзт цæуы афтæ: сындæггай равзæрынц иу миниуджытæ, иннæтæ та фесæфынц. Æвзаджы ногæй цы дзырдтæ кæнæ грамматикон миниуджытæ фæзынынц, уыдон фæстагмæ арæхæй-арæхдæр æмбæлын райдайынц æмæ афтæмæй ныффидар вæййынц.

*Фæлæ адæм æвзагыл куынæуал фæдзурынц, уæд фесæфы, амæлы. Уымæн ис æртæ аххосаджы. Фыццаджыдæр, фесæфынц, цы адæм ыл дзырдтой, уыдон. Зæгъæм, дыууынæм æнусы фæстаг тасманиæгтæ куы амардысты, уæд фесæфтысты тасманиаг æвзæгтæ дæр. Дыккаджы та, адæм сæхи æвзаг ферох кæнынц æмæ æндæр æвзагыл дзурын райдайынц. Афтæ ферох сты шумерты, готтæгты æмæ æндæр адæмты æвзæгтæ. Æппынфæстаг, æвзаг амæлы, æрмæст литературон куы уа, æхсæнадон царды иннæ къабæзты та йæ бæсты æндæр æвзагæй куы пайда кæной, уæд. Ахæм цау æрцыдис, зæгъæм, рагон славянаг æмæ латинаг æвзæгтыл. Сæ рагон хуызы нал æмбæлынц, фæлæ фыццагæй равзæрдис нырыккон болгайраг, дыккагæй та – цалдæр романаг æвзаджы.*

Æмхуызон не сты æгас æвзæгты уавæртæ дæр. Сæ иутæй пайда кæнынц æрмæст дæсгай адæймæгтæ (Америкæ æмæ Австралийы бирæ æвзæгтæ), иннæтыл та дзурынц цалдæр бæстæйы. Æвзæгтæ хицæн кæнынц, æхсæнады царды цы бынат ахсынц, уымæй дæр. Зæгъæм, эскимосаг æвзагыл æнцон у цуаны тыххæй дзурын, фæлæ дзы зынтæй спайда кæнæн ис, философон фæрстытыл дзургæйæ. Тибетаг æвзагыл кæнæ санскритыл дзурæн ис æппæты зындæр философон фæрстытыл, фæлæ физикæ кæнæ химимæ нæ «арæхсынц». Кæй зæгъын æй хъæуы, ныртæккæ тибетаг æвзагыл химион литературæ куы бахъæуид, уæд æвзаджы дæс-дыууын азмæ фæзыниккой хъæугæ дзырдтæ æмæ грамматикон конструкцитæ.

Алы адæмы æвзаджы дæр æмбæлынц бынæттон дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ, ныхасы хицæндзинæдтæ. Зæгъæм, Хуссар Германы – Баварийы – немыцæгтæ куыд дзурынц, уый хицæн кæны Цæгат Германы – Гамбурджы – ныхасæй. Иу æвзаджы ахæм хицæндзинæдтæ хуыйнынц диалекттæ. Дыууæ диалекты ис ирон æвзаджы дæр: ирон æмæ дыгурон; Азербайджаны иу хъæу Хиналугы та цæрынц мин адæймаджы, дзурынц сæхи – хиналугаг – æвзагыл. Фæлæ хъæуы æртæ сыхæй алкæмæн дæр ис хицæн ныхасыздæхтытæ.

Иу адæмæй чи равзæрдис, кæнæ бирæ рæстæджы дæргъы фæрсæй-фæрстæм цы адæмтæ фæцардис, уыдоны æвзæгтæ

фылдæр хатт «хæстæг» вæййынц. Уырыссаг æмæ украинаг, казахаг æмæ узбекаг, кæнæ францаг æмæ италиаг куы фембæлой æмæ кæрæдзиимæ сæхи æвзæгтыл куы дзурой, уæд æнæмæнг банкъардзысты се 'взæгты «хæстæгдзинад».

Фæлæ кæрæдзийæ дард чи цæры æмæ се 'хсæн бастдзинæдтæ тынг рагæй кæмæн нал ис, ахæм адæмты æвзæгтæ дæр хатгай хæстæг разынынц. Æмхуызон миниуджытæ ис, зæгъæм, венгриæгты æмæ Хуссар Сыбыры цæрæг манси æмæ хантты æвзæгты. Кæддæр, тынг раджы, сæ фыдæлтæ иумæ цардысты. Уыцы ргзамантæй ма баззадис æвзæгты «хæстæгдзинад».

Сæ равзæрдмæ гæсгæ хæстæг æвзæгтæ хауынц иу «бинонтæм». Ахъуыдыма кæнæм, цы ис иумæйагæй ирон æмæ уырыссаг, немыцаг æмæ италиаг æвзæгтæм? Фыццаг бакастæй ницы. Фæлæ уыдон иууылдæр сты индоевропæйаг æвзæгтæ. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, 7-9 мин азы размæ нырыккон Астæуккаг Европæйы цардис индоевропæйаг адæмыхатт иумæйаг æвзагимæ. Рæстæг цыдис, æмæ уыцы æвзагæй равзæрдис бирæ алыхуызон æвзæгтæ. Индоевропæйаг æвзæгтæ ныртæккæ дих кæнынц 12 къордыл: анатолиаг, балтиаг, гермайнаг, италиаг, романаг, кельтаг, славянаг, тохараг, индоирайнаг. (Анатолиаг æмæ тохайраг æвзæгтыл ныртæккæ ничиуал дзуры.) Хицæн къордтæ аразынц бердзенаг, сомихаг æмæ албайнаг æвзæгтæ, ома сын æндæр «хæстæг хиуæттæ» нæй.

Индоевропæйаг æвзæгты ссарæн ис бирæ æмхуызон дзырдтæ. Зæгъæм, иу уидаг ис ахæм дзырдтæн: уырыссаг «брат», немыцаг «брудер», таджикаг «бародар» æмæ ирон «æрвад»; латинаг «стелла», немыцаг «штерн» æмæ ирон «стъалы»; уырыссаг «берёза», ирон «бæрз»; латинаг «денс», рагон индиаг «данта», таджикаг «дандон» æмæ ирон «дæндаг»; уырыссаг «мышь», ирон «мыст», латинаг «мус»,æмæ таджикаг «муш».

Ныртæккæ зæххы къорийыл цæрæг адæмæн сæ фылдæр хай дзурынц индоевропæйаг æвзæгтыл.

*Скæнут дзырдтæн: 1) фонетикон æвзæрт:* цалынмæ, къабæзты;

*2) морфемон æвзæрст:* баззадис, банкъардзысты;

*3) морфологион æвзæрст:* равзæрдис, нырыккон.

*Ногæй бакæсут, бынтон ног информаци цы абзацтæй базыдтат, уыдон.*

*Куыд æмбарут фразæ «æвзаг рæзы»? Куыд цæуы æвзæгты рæзт? Цæмæн æмæ куыдæй фесæфынц æвзæгтæ?*

*Куыд хицæн кæнынц æвзæгтæ сæ пайдакæнынадмæ гæсгæ?*

*Цы сты æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ?*

*Цавæр «æвзæгты бинонтæ» зонут?*

*Цал æмæ цавæр къордтыл дих кæнынц индоевропæйаг æвзæгтæ?*

*Цавæр индоевропæйаг æвзæгтыл дзурынц ныртæккæ Уæрæсейы адæмтæ?*

*Бафæлварут алыхуызон индоевропæйаг æвзæгты иууидагон дзырдтæ ссарын. Ныффыссут сæ.*

***72.** Банысангонд абзацы бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд. Рафыссут вазыгджын хъуыдыйæдтæ æмæ сæ равзарут схемæмæ гæсгæ.*

***73.** Ныффыссут текстæн аннотаци.*

**Аннотаци** – чиныджы, уацы æ.æнд. куысты мидисы, идейон арæзты, нысаны тыххæй цыбыр æмбарынгæнæн æрфыст. Аннотаци фыст вæййы чиныджы титулон цъары мидæггаг фарсыл.

# СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

***Уалыты Татьянæ,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг

Урочы темæ: ***«Йæхæдæг чи нæ судзы, уый иннæйы дæр не ссудзын кæндзæн»***
(хъуыдытыл æфтауæг урок Брытъиаты Елбыздыхъойы сфæлдыстадмæ гæсгæ)

***Методикон фиппаинаг:*** Литературæйы ахуыргæнæджы сæйрагдæр хæстæй иу у, ахуырдзаутæн канд зонындзинæдтæ дæттын нæ, фæлæ ма сæ хъуыды кæнынил ахуыр кæнын дæр. Уацмысы фæрцы бамбары ахуырдзау адæймаджы миддуне æмæ вазыгджын цард, уый йын бацамоны фæндæгтæ царды йæ бынат ссарынæн дæр. Мæнæ куыд фыссы зындгонд ахуыргæнæг-методист Е. Н. Ильин йæ чиныг «Минувших дней итоги»-йы: «Литература стала для меня почвой, куда высаживаю новые ростки; родником, утоляющим жажду; мудростью, способной защитить от многих неверных шагов».

Литературон уацмысы цы судзаг проблемæтыл дзырд фæцæуы, уыдонæн дзуапп агурыны фæндагыл хъуамæ лæуд уой ахуырдзаутæ æппынæдзухдæр. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, сывæллон урокты куы нæ сахуыр уа хъуыды кæнынил, уæд фæстæдæр царды æрмæстдæр искæй фæзмдзæн, йæхи ныхас, йæхи хъуыды зæгъын йæ бон æххæстæй никуы бауыдзæн.

Фыссæгæн йæ уацмыс цæры, цалынмæ царды ахсджиаг проблемæтыл дзура, уæдмæ. Брытъиаты Елбыздыхъойы сфæлдыстад та нæ царды риссаг фарстатæй цух кæй нæу, уый хорз зонæм. Уæдæ нын абоны ахуырдзауы хъуыды кæнынил ахуыр кæнынæн стыр ахъаз фæуыдзæн нæ зынгæ фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадæй урок дæр.

**I. Йæхæдæг сыгъди…**

1. Компьютерыл Брытъиаты Елбыздыхъойы тыххæй раныхæстæ.

«Елбыздыхъо уыдта йæ уарзон адæмы хъизæмар цард, рынчын уыд йæ адæмы низæй, агуырдта уыцы тыхст цардæй фервæзыны фадат, раппар-баппар кодта йæхи…» (Калоты Хазби)

«Æз уый хуызæн культурон, уæздан, хиуылхæцгæ адæймагыл мæ цард-цæрæнбонты фыццаг хатт фембæлдтæн». (Тотраты Бесæ)

«Уый уыди зондджын, намысджын, ахуыргонд лæг, æмбалыл иузæрдион æмæ æнувыд, æгъдауджын». (Къесаты Георги)

«Ахæм гуырдтæ цы адæмæн вæййы, уыдон – фидæнджын, уыдоны истори йæ фæсдуар нæ амбæхсдзæн». (Джусойты Нафи)

2. Елбыздыхъойы портрет æвдыст цæуы компьютерыл.

3. Джыккайты Шамилы æмдзæвгæ «Елбыздыхъо».

*Хæрзгæнæг хорз йæ афоныл нæ ары:*
*Уыди йæ фæндаг сыгъд æмæ уырыд…*

*Мах тар æхсæвы зонды цырагъ хъуыд,*
*Ды нын ыссыгътай Ногбоны арт тары.*
*Нæ бон нæ уыд уæлмонц ныхас æмбарын,*
*Пехуымпарæн цæмæй ыскæнæм цыт?*
*Дæ уды рухс æгæр куырыхон уыд,*
*Æмæ дын уый нæ лæмæгъ зонд нæ бары.*
*Уыдтæ нæ дзырды сау æрмадзы куырд*
*Æмæ куыстай. Амраны туг-цæссыгæй*
*Æхсыстысты дæ хъуыды 'мæ дæ дзырд…*

*Ахуыргæнæг:* Адæймаг а дунемæ иунæг хатт фæзыны, æмæ хъуамæ æвæллайгæйæ архайа, тох кæна йæ адæмы сæрвæлтау, сæ рухс фидæны сæраппонд. Ахæм хъуыдыйыл хæст уыди Брытъиаты Елбыздыхъо дæр: «Æз разы нæ дæн ницæйаг хъысмæтыл. Хъуамæ царды исты фæд ныууадзон». Елбыздыхъо йæ рæстæджы уыди ирон адæмæн сæ зонды цырагъ, рухстауæг, фæндагамонæг. Йе 'нæнцой зæрдæ æппынæдзух архайдта адæмы цард истæмæй фæхуыздæр, фæрогдæр кæнынил. Уый дзырдта: «Мæнæн мæ риссаг хъæдгæмттæ сты адæмы мæгуыр цард æмæ гæвзыкдзинад, æмæ дзурын уыдоныл… Мæ хъыг, мæ сагъæс у удхаргæнæг адæмыл. Æз мæстæй судзын…»

Мах сахуыр кодтам Елбыздыхъойы цард æмæ сфæлдыстад кæронмæ.

Абон та нæ урочы бацархайдзыстæм, мæстæй цы зæрдæ сыгъди, уымæ арфдæр ныккæсынил, йæ уацмысты геройтимæ аныхас, асагъæс кæнынил… «Æвзæрæй цæрын æнцон у, хорзæй – зын». (Брытъиаты Е.) Нæ фыссæг равзæрста хорзæй цæрын. Ахæм арфæйаг фæндагыл цæугæйæ та йæ хъуыди «судзын»…

Куыд уæм кæсы, Елбыздыхъо йæхæдæг сыгъди?

*Ахуырдзау:* Ис ахæм æмбисонд: «Гайлаг, дам, рæуæдæй бæрæг у». Гыццылæй дæр бæрæг уыд, Елбыздыхъойæ цы рауайдзæн, уый. Гуыриаты Гагуыдзы мысинæгтæм гæсгæ уый уыди тынг цæрдæг, тæлфаг æмæ фыдуаг лæппу. Уый тыххæй-иу бирæ алыхуызон бæллæхты бахауд. Фæлæ-иу æй йе 'рхъуыдыдзинад æмæ арæхстдзинад зын уавæрæй фервæзын кодтой. Йæ сабийы бонтæй фæстæмæ сахуыр зындзинæдтæй нæ тæрсынил, алцыдæр бафæлварын, базонынил. Мæнæ куыд фыста йæ ахуыргæнæг Тыбылты Ципо: «Брытъиайы-фырт ма мæ ахуыргæнинаг куы уыд, уæддæр тынг хицæн кодта иннæты 'хсæн дæр йæ цыргъзонд æмæ уæрæх зонындзинæдтæй. Ахæм бон-иу нæ уыд, æмæ дæм алыхуызон фарстатимæ кæд нæ бауырдыг уыдаид».

Ис зæгъæн, æмæ йæ зæрдæйы фæстæдæр цы арт судздзæн, уымæн бындур æвæрд æрцыд йæ сабийы бонты. Дзæгъæлы-иу нæ бадти бон-изæрмæ Дæллагхъæуы ныхасы дæр. Йæ бирæ цымыдисаг фарстатæн-иу ам ссардта дзуæппытæ.

*Ахуырдзау:* Елбыздыхъо сагъæс кодта йæ адæмы фидæныл. Тынг æй фæндыд, цæмæй «кæцыдæриддæр адæмты фарсмæ æнæфсарм балæууынæн бæззой». Мæнæ куыд фыста йæ уац «Ныстуан»-ы: «Дунейы хæзнадон æнхъæлмæ кæсы мах хæзнатæм дæр! Сæвæрæм дзы, сæвæрæм, æфсымæртæ, нæ мысайнаг… Хъуамæ йæм куы бацæуæм, куы дзы исæм хæзна, уæд нын ахæм уайдзæф макæй бон уа: «Сымах та цы кæнут, ам уын куы ницы ис!» Адæмæн стыр хæзнатыл нымадта ирон литературæ, газет, чиныг. Цас йæ бон уыд, уыйас куыста сæ фæзындыл æмæ парахат кæнынил. Ирон чиныджы нысаниуæгыл дзургæйæ, зæгъы «узæлын ыл кæй хъæуы, стыр хорзы йеддæмæ зиан кæй никæмæн уыдзæн». Стыр циндзинад ын хаста ирон газеты фæзынд: «Газет адæмы æвзаг у… Газет у хабархæссæг, хъæргæнæг, фидиуæг, газет у фæндагамонæг. Æнæ газет адæм гоби сты – кæрæдзийы сын бамбарæн нæй!» Тынг сагъæс кодта ирон литературæйы рæзтыл дæр.

*Ахуырдзау:* Елбыздыхъойæн уæлдай зынаргъ уыди йæ мадæлон æвзаг, буц æмæ дзы сæрыстыр уыд. Мæнæ куыд фыссы йæ уарзон чызг Ольгæмæ: «Уырыссагау – дæлæмæ дæр милый, уæлæмæ дæр дорогой. Уый æмæ иронау: мæ уды гага, мæ зæрдæдарæн, мæ хур, мæ цæсты гагуы. Чи у мæ дуне? Мæ уд кæуыл лæууы? Дуне мын талынг æнæ кæй у. Дзаг кæмæй дæн, урс уæрыкк дын уон!»

Ирон æвзаджы сыгъдæгдзинадыл куыд тох кодта, уымæн æвдисæн йæ пъесæ «Уæрæседзау» – «национ æвзаджы сæрыл тохы символ». (Хозиты Барис)

*4. Ахуырдзаутæ œвдисынц скъуыддзаг «Уæрæседзау»-œй.*

*Ахуырдзау:* Елбыздыхъо æнцой нæ зыдта йæ царды.

Тынг æй фæндыд адæмы культурæмæ, рухсмæ ракæнын. Бирæ тых бахардз кодта ирон театры сырæзтыл дæр. 1904 азы йæ райгуырæн хъæуы скъолайы агъуысты сæвæрдта йæ фыццаг пъесæтæ «Уæрæседзау» æмæ «Худинаджы бæсты – мæлæт». Адæмы зæрдæмæ тынг фæцыдысты. Уый фæстæ æвæрд æрцыдысты Ольгинскæйы хъæуы. Тотраты Бесæйы мысинæгтæм гæсгæ, Елбыздыхъо тынг цин кодта, йæ пъесæтæ сценæйыл фенгæйæ: «Ныр æз дæн стыр амондджын, æцæг амондджын. Махмæ æнæмæнг хъуамæ уа нæхи театр, нæхи актертæ. Уыцы амондджын рæстæгæн дæр æрцæудзæн йæ афон…» Фæлæ театрæн йæ амондджын рæстæг цæмæй æрцыдаид, уый тыххæй Елбыздыхъойы хъуыд бирæ, тынг бирæ кусын. Ærхæсдзынæн ахæм дæнцæг: йе 'мбал Къесаты Георгийы мысинæгтæм гæсгæ, Елбыздыхъо Назраны фидары куы бадт, уæд æхсæвыгон рынчынæй фыста йæ драмæ «Дыууæ хойы». Куы йæ бафарста, дæхи фыдæбонæй цæуыл марыс, зæгъгæ, уæд ын уый дзуапп радта: «Рæхджы уыдзæн ирон театр. Уыдзæн нын нæхи артисттæ дæр. Фæлæ театры дæр æмæ артистты дæр хъæуы пъесæтæ ирон æвзагыл. Бамбæрстай?» Къорд азты фæстæ Елбыздыхъойы бæллиц сæххæст. Ирон адæмæн фæзынд театр, кæцыйæн бындур сæвæрдта Брытъиаты Елбыздыхъо.

*Ахуыргæнæг:* Йæ сабийы бонтæй фæстæмæ зын æмæ æвадатæй чи хъомыл кодта, адæмы хъизæмайраг цардæй йæ зæрдæ кæмæн рыст, уыцы Елбыздыхъо революцийы рæстæг куыд хъуамæ бадтаид æнцад?! Иу æмæ дыууæ хатты нæ баййæфта æфхæрд, фæлæ йæ зæрдæйы цы арт сыгъди, уый афтæ æнцон æрмынæг кæнæн нæ уыд. Зын уавæрты ноджы тынгдæр бахсыст йæ æнæбасæтгæ уды конд. Тæрхон ыл куы кодтой, уæд йæхи нæ хъахъхъæдта, фæлæ аххосджын кодта æппæт хæдхæцæгады цардуавæр: «Мах зылынджынтæ нæ, фæлæ зылынгæнджытæ стæм. Мах царизм зылын кæнæм, Цæгат Кавказы цы фыдмитæ бакодта, уыдонæй… Цымæ сымах куыд кæниккат, тæрхоны лæгтæ, ирон адæмы уавæры куы уаиккат, уæд? Ма нæм æртхъирæн кæнут, тæрхоны лæгтæ, карз æфхæрынæй. Мах æфхæрынæй нæ тæрсæм…»

*Ахуырдзау:* Йæхæдæг сыгъди, фæлæ ма йæ алыварс чи уыд, уыдоны дæр судзын кодта. Мысинæгтæм гæсгæ, Елбыздыхъо Дзæуджыхъæуы ахæстонмæ куы бахауд, уæд уым цы æнæгъдаудзинад æмæ чъизидзинад федта, уымæй сагъдау аззад. Уый фæстæ ахæм зæрдæмæхъаргæ ныхас райдыдта, æмæ йæм ахæстытæ æрыхъуыстой: «Ам, ацы камерæйы революционертæ бады æви фыдгæнджытæ? Ахæстоны агъоммæ сымахæй сæрыстыр уыд нæ райгуырæн Ирыстон… афтæ чъизи, гомгæрццæй уæ куы фениккой уæ фыдæлтæ, уæ мадæлтæ, уæ уарзон чызджытæ, уæд цы зæгъиккой? Æфсæрмæй æмæ мæстæй амæликкой… Худинаг кæсы мæнæн мæхимæ дæр – фыццаг хатт уынын революционеры ахæм хуызы…» Цыбыр рæстæгмæ тæрхæджытæ уыдысты æфснайд, камерæйы астæрд сыгъдæг, ахæстытæ та сæхи æрцæттæ кодтой Елбыздыхъомæ хъусынмæ…

(Ахуыргæнæг кæрæдзиуыл бæтты ахуырдзауты хъуыдытæ)

Урочы фыццаг хайы хатдзæгтæ бафидар кодтой Джыккайты Шамил æмæ Елбыздыхъойæн йæхи ныхæстæй:

– «Уый æдзухдæр уыд агурын æмæ сгарыны фæндагыл, раст кодта йæ къуыхцытæ. Цы арæзта – уый йæ адæмы сæрвæлтау, рæстдзинад æмæ рухс фидæны сæраппонд… Зын уыд Елбыздыхъойы цард. Йæ хивæнд зæрдæ агуырдта æндæр цыдæр, фæндыд æй царды гуылфæнмæ». (Джыккайты Ш.)

– «Æз ма мæлæтимæ дæр схæцдзынæн, ныртæккæ мæлыны рæстæг нæу». (Брытъиаты Е.)

**II. Судзын кодта йæ уацмысты геройты дæр.**

1. Ахуыргæнæг кæсы Хуыгаты Уасилы æдзæвгæйæ скъуыддзаг:

*...Хазбийы хуызы бацыди дæ уд,*
*Цæмæй уыдаид сахъ лæппутæ бирæ.*
*Амраны Ныфс дæр мифы чызг кæм у, –*
*Уыдтæ дæхæдæг уыцы ныфс нæ Ирæн.*
*Нæ хæхтыл тыгъд Амран нæ уыд, уый уыд*
*Дæ уд йæхæдæг, тохмондаг æй домдта...*
*Лæгхор цæргæс Амыранмæ нæ цыд, –*
*Дæ игæр дын тугмондагæй хордта...*

*Ахуыргæнæг:* Елбыздыхъо æппынæдзух агуырдта царды судзаг фарстатæн дзуапп. Йæ сагъæстæ, йæ зæрдæйы цæхæр, йæ хицæн цы нæ бантыст, уыдон рæдауæй схай кодта йæ уацмысты геройтæн. Тынг зынаргъ ын кæй уыдысты, уымæн æвдисæн, йæ уарзон чызгмæ цы фыстæг ныффыста, уый дæр: «Тæрсын, куы дæ ферох кæнон, уымæй. Дæ фæлгонц мын дывæр кæны, дæу хуызæн зынаргъ мын чи у, уыцы æндæр ахæм фæлгонцимæ, æмæ уыцы æндæр фæлгонц æррайау уарзын райдыдтон. Ма тæрс, уыцы æндæр фæлгонц у мæ драмæйы сæйраг хъайтар». Уыдон дæр Елбыздыхъойау лæуд сты царды судзаг фарстатæн дзуапп агурыны фæндагыл.

2. Компьютерыл æвдыст цæуынц Брытъиаты Елбыздыхъойы уацмысты сæйраг архайджытæ, кæнæ равдыст.

Хъырым (Тотраты Бесæ),
Амыран (Таутиаты Солæман),
Бесæ (Тæбæхсæуты Бало),
Хансиат (Хъариаты Тамарæ),
Хазби (Таутиаты Солæман) …
(Тугъанты Махарбеджы конд иллюстрацитæ)

*Ахуыргæнæг:* Иу хатт ма сæ нæ зæрдыл æрлæууын кодтам. Ныр та дзурæм нæ хъуыдытæ, ныхас кæнæм семæ. Елбыздыхъо судзын кодта йæ уацмысты геройты дæр?

Ахуырдзауты дзуæппытæй:

1). Елбыздыхъо йæхæдæг цы сæрибар агурыны фæндагыл лæуд уыди, ууыл фæраст кодта Хазбийы дæр («Хазби»). Бабар ын кодта йæ зæрдиаг хъуыдытæ æмæ сагъæстæ. Паддзахы хицауад фæллойгæнæг адæмæй хъалондартæ кæнынвæнд кæй кæны, ууыл нæу разы сæрибаруарзаг Хазби, йæ сæрмæ йæ нæ хæссы: «Зонут, Абхадз Хъобанæй фæхынджылæг кæнын сфæнд кодта. Йæ усы кæлмæрзæн худы бæсты фæхæссæд мæрдты дæр æмæ уæлæуыл дæр, чи ’рхæсса йæ сæрмæ ацы худинаг…» Знаджы ныхмæ лæгдыхæй тох кæнын хъæуы. Фæлæ адæмы ’хсæн иудзинад кæй нæ разынд, ууыл уыд йæ катай, йæ сагъæс Хазбийæн: «Фыдæй-фыртмæ ирон адæм кæрæдзийыл иузæрдион никуы уыдысты. Сæфгæ дæр уый тыххæй кæнынц…»

Æппæты зынаргъдæр ын цы райгуырæн зæхх æмæ сæрибар уыдысты, уыдоныл иузæрдион уыд йæ фæстаг улæфты онг: «Цин кæнын, мæрдтæм цæугæйæ хъалондар кæй нæ дæн, ууыл!»

Тынг зынаргъ уыд Хазби Елбыздыхъойæн. Йæ ролы дæр афтæ æнтыстджынæй хъазыд, æмæ-иу йæ рацыдыл сценæмæ кæсджытæ æмбæлдысты тыхджын къухæмдзæгъдæй. Дзырдтой йæм Хазбийы номæй. «Хазбийы зарæг» уыд йæ уарзондæр зарджытæй иу (Хъуысы «Хазбийы зарæг»).

2). Елбыздыхъо йæ фыстæджытæй иуы фыста: «Адæм сæ туг калынц, сæхи нывонд кæнынц, цæрæнбонты рахау-бахау кæнынц, цъыфы сæ ссæндынц, уыдон æз алы сахат уынын мæ цæстыты раз…» Бирæ сагъæс кодта адæмы уæззау уавæрыл. Царды цы зын фæндагыл рацыд, уымæй хорз бамбæрста иу хъуыддаг – адæймаг æрмæст йæхæдæг ссардзæн сæрибар æмæ амонд. Уымæ гæсгæ удуæлдай тохы бацæуын кодта йæ уарзондæр геройтæй иу – Бесæйы («Амыран»). Амыран адæмы амонд кæй у, уый базыдта Бесæ, ракаст йæ цæстæй, бамбæрста царды рæстдзинад, бацыд дзы ныфс: «Дæхи сис, Дада, стыр тохы хъуамæ мах фæтыхджын уæм!» Бирæ зындзинæдтæ æвзæрста, фæлæ сæ ницæмæ дардта, йæ сæр нывондæн хаста адæмы «æнусты рисæй» фервæзын кæныныл: «Мæ хуры хай, дæу тыххæй ацы хæхтæ кæрæдзиуыл фæхойдзынæн æмæ сæ авд дæлдзæхæй, дæ рæсугъд къухæн фидауц чи уа, ахæм дарæс схæсдзынæн налхъуыт-налмасæй…»

Адæмæн амонд хæссыны фæндагыл фæмард Бесæ, фæлæ йæ бынаты æрлæууыдысты Ныфс, Саго, Цопан. Уыдон бацархайдзысты «зæрин хур талынг комæй» сæрттивын кæныныл.

Ахуырдзауты раныхæстæм гæсгæ, Елбыздыхъойы зæрдæйы цæхæрæй хайджын уыдысты йæ уацмысты иннæ геройтæ дæр: Хансиат, Асиат, Хъылцыхъо («Дыууæ хойы»), Нана, Ислам, Агуыбечыр («Хазби»), Ныфс, Амыран («Амыран») æмæ æнд.

***Елбыздыхъойы уацмысты архайджытимæ ныхас.***

Ахуырдзаутимæ ныхасы архайынц:

*Ныфс.* Адæм, сæ фыдбылыз циу, сæ фыдбылыз чи у, уый куы зониккой, уæд дзы схицæн уаиккой. Ссариккой сæ амонд… Ныр та фосау цæрынц, уæд суаиккой хуыцæуттæ. («Амыран»)

*Хазби.* Нæ сафæг у, иудзинад нæм кæй нæй, иу зондыл ныллæууын кæй нæ фæразæм, уый… Кæд дзы схицæн уыдзыстæм? («Хазби»)

*Хъырым.* Цæй тыхджын хонис дæхи, лæг! Цæй æдых… дæ? («Худинаджы бæсты – мæлæт»)

*Хазби.* Сармадзантæй рæвдаугæ никуыма федтон, никуыма фехъуыстон джебогъæй зонд амонгæ. («Хазби»)

*Хансиат.* Зонын æз, адæмæй иуæй-иуты цард дзæгъæлы кæй нæу, уый… («Дыууæ хойы»)

Ахуырдзаутæ дзурынц сæ хъуыдытæ, быцæу кæнынц уæлдæр ранымад архайджытимæ. Фæстагмæ æрцæуынц ахæм хатдзæгмæ: Елбыздыхъойы геройтæ сты сæрибаруарзаг, адæмуарзаг, уæздан, фæзминаг æмæ намысджын. Йæхæдæг куыд сыгъди, афтæ судзын кодта уыдоны дæр.

**III. Судзын кæны мах дæр…**

1. Ахуыргæнæг кæсы Хуыгаты Уасилы æмдзæвгæйæ скъуыддзаг:

*Елбыздыхъо – цæугæ мæсыг. Ныр та,*
*Дæ кæстæрау, лæууын уырдыг дæ разы.*
*Дæ цæст цæргæсау, тынг дардмæ уыдта, –*
*Нæртон фидæн дæ ирд цæстытыл хъазыд…*
*Лæууын дæ разы. Бахъавын, цæмæй*
*Чысыл мæ уырзтæ авæрон дæ кæрцыл,*
*Кæд исты райсин зонды фарн дæуæй –*
*Чысыл мæ къахыл ацæуин дæ фæрцы.*

2. Компьютерыл – Брытъиаты Елбыздыхъойы ныхæстæ: «…ног фæлтæр та хъуамæ æхсызгонæй æмæ сæрыстырæй мысой мæн – мæхи тыххæй нæ, фæлæ æндæрты разæнгард кæнынæн! Уый эгоизм нæу, фæлæ у, æмбаргæ фæлтæр нæм цæмæй уа, уый фæндон…»

*Ахуыргæнæг:* Хорз фыссæгæн, дам, йе сфæлдыстады нысаниуæг нæ сæфы, æнустæм цæргæйæ баззайы. Ацы арфæйаг ныхæстæ æрцыдысты Елбыздыхъойыл дæр.

Елбыздыхъо æмæ йæ геройтимæ фембæлд алы хатт дæр агайдта, æнкъуысын кодта, йæ фæстæ цы фæлтæртæ уыди, уыдоны зæрдæтæ. Мæнæ куыд фыста Дзаттиаты Георги: «Кæд Фыдыбæстæйы хæсты рæстæджы Ирыстоны хъæбултæ равдыстой æнæмæлгæ хъæбатырдзинад æмæ скодтой сæхицæн æнусты кад, уæд уыцы хъуыддаджы йæ куыст бакодта Елбыздыхъойы арæзт Хазбийы хъайтарон фæлгонц дæр».

Базонæм-ма абоны фæлтæры хъуыды дæр. Судзын кæны Елбыздыхъо мах дæр?

3. Ахуырдзаутæ бирæ дæнцæгтæ æрхастой, Елбыздыхъо æмæ йæ геройтæ нын нæ абоны царды ахсджиаг проблемæтыл дæр кæй дзурынц, зонд нын кæй амонынц, рæдыд фæндæгтæй нæ кæй хизынц, уый тыххæй. Мадæлон æвзаг, ирон адæмы иудзинад, Кавказы цаутæ, царды зындзинæдтæ – уыдысты сæ раныхæсты сæйрагдæр фарстатæ.

*Ахуырдзауты дзуæппытæй.*

1). Кавказы хæхтæм рæхысбаст Амыран цы «æнусы рисæй» хъæрзыдта, уымæй нырма кæронмæ не схицæн сты адæм. Ирвæзæн рæхысмæ ма бафтауын кæныны фæндагыл лæуд сты абон дæр…

2). Абон дæр, Кавказы цаутæ уынгæйæ, адæймаджы сагъæсы æфтауынц Хазбийы ныхæстæ: «Сармадзантæй рæвдаугæ никуыма федтон, никуыма фехъуыстон джебогъæй зонд амонгæ. Æз, æдылы, къуымых лæг, æмбарын уыдæттæ, уæд уый инæлар куы у, йæ сæр къамбецы сæры

хаст куы кæны, арфдæр йæ хъуыддæгтæ цæуылнæ æрхъуыды кæны». Цымæ, хæстæй дарддæр æндæр фæндаг нæй адæмтæн кæрæдзийы бамбарынæн?

3). Елбыздыхъойы Нана абоны хæстæндзарджытæн дæр у тæрхонгæнæг. Зæрдæ агайынц йæ ныхæстæ: «…кæд уырысы мадæлтæ дæр афтæ кæуынц, – хъарæм дæм нæ дыууæты тæригъæд дæр…»

4. Зынгæ фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадæй бирæ рæнхъытæ систы *афоризмтæ.* Ахуырдзаутæй дзы алчи дæр равзæрста йæхицæн, йæ абоны æмæ дарддæры царды «судзынæн».

– Лæгæн йæ хорзы нысан йæ бакаст.

– Рæсугъд æмæ уарзон царды тыххæй уæм дзурын.

– Иузæрдион кæрæдзийыл, иузæрдион.

– Æвзæрæй цæрын æнцон у, хорзæй – зын.

– Адæмы фарн бирæ у,.. се ’хсæн иудзинад куы уа, уæд.

– Хъуамæ царды исты фæд ныууадзон.

– Уæм рæсугъд æмæ тыхджын…

5. Урочы хатдзæгтæ дæр баст уыдысты ахуырдзауты равзæрст афоризмтимæ.

1). Компьютерыл раныхæстæ:

«Елбыздыхъойы литературон бынтæ бæрцæй бирæ не сты… Фæлæ цы сарæзта, уый дæр фаг у, цæмæй йæ ном сыгъзæрин дамгъæтæй фыст æрцæуа ирон рæзгæ æхсæнады историйы Къостайы номы фарсмæ». (Тыбылты Алыксандр)

«Йæхийау йæ аивад дæр æвзонг æмæ рæсугъдæй цæры ирон дзыллæйы æхсæн, æмæ цæрдзæн æнустæн, цалынмæ Иры зæххыл аивадуарзаг адæймæгтæ уа, уæдмæ». (Джусойты Нафи)

2). Экраныл æвдыст цæуы Елбыздыхъойы портрет.

3). Букуылты Майрæмы æмдзæвгæ:

*Зынаргъ фыссæг, Елбыздыхъо, нæ зæрдæ,*
*Нæ дзыллæтæй ды никуы кæныс рох,*
*Кæд нал дæ ныр, – дæ аив фыст фæллæйттæ,*
*Дæ кадджын ном цæрынц уæддæр æдзух.*
*Кæд ахаста дунейы тар ингæнмæ,*
*Елбыздыхъо, дæу ’нафоны мæлæт,*
*Уæддæр, уый зон, фæлтæрæй ног фæлтæрмæ*
*Æрфæны фæдау баззайдзæн дæ фæд.*

***Моргуаты Аллæ,***
Джызæлы 2-æм скъолайы ахуыргæнæг

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 10-ÆМ КЪЛАСЫ

*Урочы темæ:* ***«Æгъдау æмæ лæгдзинады темæ Барахъты Гинойы радзырд «Цæр!»-ы»***

**Урочы нысантæ:**

1. Уацмысы тугисыны фарста куыд лыггонд цæуы, уый равзарын.

2. Бакусын ахуырдзауты ныхасы рæзтыл, темæмæ цымыдисдзинад рæзын кæнын.

3. Скъоладзаутæм хъомыл кæнын раст цæстæнгас нæ ирон æгъдæуттæ æмæ традицитæм.

***Урочы фæлгонц:*** Диск, интерактивон фæйнæгыл æмбисæндтæ.

**Урочы цыд:**

*I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

*II. Ног æрмæгыл бакусын.*

*1. Ахуыргæнæджы раныхас:*

Абон мах дзурдзыстæм æгъдау æмæ лæгдзинады уæлахизыл. Нæ урочы хъуамæ ахъуыды кæнæм, нæ ирон æгъдæуттæ æмæ традицитæй нæ цардæн хорз цы у, æмæ нын дзы фыдæгъдау та кæцы у, ууыл. Ацы

фарстатæн нын дзуапп раттынмæ баххуыс уыдзæн Барахъты Гинойы радзырд «Цæр!»

2. Радзырд «Цæр!»-ы мидисимæ зонгæ кæнын.

3. Дзырдуатон-лексикон куыст:

*Уацилла.* Уацилла ирон зæдты, ирон бардуæгты æхсæн сæрмагонд бынат ахсы. Тыллæджы, хоры, зæххыл адæймаджы хордзинадæн цыдæриддæр зайы, уыдоныл аудæг бардуаг. Уый у стыр бархъомысджын хорарæх æмæ фосарæхы бардуаг.

Уациллайы бæрæгбон кæнынц алы комы дæр, быдыры хъæуты, горæтты. Ис ын бирæ кувæндæттæ, фæлæ йæ сæйраг кувæндон ис Дæргъæвсы, Тыбауы хохы сæр. (Агънаты Гæстæн, «Ирон æгъдæуттæ», 35 фарс)

*Туджджынтæ* – марæджы мыггаг кæнæ бинонтæ. Куыд марæгæн йæхицæн, афтæ йæ мыггаг æмæ йæ бинонтæн дæр тас уыдис æфхæрд баййафæг мыггаджы къухæй мæлæт ссарынæй. Чи сæ кæд фæмард уыдзæн тугисæджы къухæй, уый сæ ничи зыдта, æмæ-иу сæ æппынфæстаг уыцы бæллæх искæуыл цæугæ дæр æркодта, кæд-иу æхсæнады бон туджджынты бафидауын кæнын нæ бацис, уæд. (Дзадзиты А. «Ирон адæмы этнографи» 142 фарс)

*Мæсыг.* Мæсгуытæ хæхбæсты арæзтой цæрынæн, бахъуыды заманты, тæссаг рæстæджы канд æддагон лæбурджытæй нæ, фæлæ химидæг знæгтæй – туджджынтæй – хи бахизыны уагыл дæр. Амад цыдысты бынæттон æрмæгæй. (Айларты Измаил «Ирон фарн»)

4. Литературæйы теори.

*Олицетворени.* Арæх удгоймаджы миниуджытæ хаст æрцæуынц æнæуд предметтæм. Зæгъæм:

«…Дымгæ æхситгæнгæ хаста алырдæм хабар: «Пхалæгаты Къомбох нозты фæдыл лæг амардта».

Къомбохы уавæр равдисынæн.

«Уыцы дымгæ кæуы мæныл, – загъта Къомбох, – кæуы мæ хъаруйыл, æнæхайырæй, æнæхъуаджы чи фесæфтис».

*Барæн.* Иу предмет æндæр предметимæ, кæнæ архайд æндæр архайдимæ цы аивадон мадзалы фæрцы абарынц. Зæгъæм:

«Бирæгъау сонтæй, рувасау хинæй æрхайдта, амалтæ арæзта Тæхонты Мулдан туджджынтæн батых кæнынæн».

*Пейзажы æрфыст.* Уацмысы: Дæргъæвсы комы æрдзы æрфыст.

5. Бакаст уацмысыл æрныхас кæнын.

– Цавæр бæрæгбоныл цæуы ныхас?

– Куыд цæттæ кодтой Дæргъæвсгом сæхи уыцы бонмæ?

– Цавæр трагикон цау æрцыд бæрæгбоны рæстæг? Цы сты йæ аххосæгтæ?

6. Мулдан æмæ Къомбохы зæрдæйы уаг хуыздæр равдисынæн скъоладзаутæ кæсынц цæсгæмттæм гæсгæ.

7. Скъоладзаутæ дæттынц характеристикæ сæйраг хъайтарæн.

– Цы равдыста автор ацы фембæлдæй?

– Куыд схонæн ис Тæхонты Мулданæн, Пхалæгаты Къомбохæн?

8. Уацмысы темæ æмæ идейæ сбæрæг кæнын.

*Уацмысы темæ.* Адæм бæрæгбонмæ куыд цæттæ кодтой, нозты охыл цы фыдбылыз æрцыд, Мулдан йæ туджджыны марынмæ куыд агуры.

*Уацмысы идейæ.* Тызмæг æгъдауыл фæуæлахиз уæздан æгъдау, мæлæты басаста цард. Мастисыны монцæй бæрзонддæр разынд ныббарыны æнкъарæн.

9. Зæрдыл æрлæууын кæнын ацы темæмæ хæстæг уацмыстæ.

Дзуапп: Коцойты А. «Фынддæс азы». Тугисын цы трагикон цаутæм æркæны, уый уынæм ацы радзырды. Скъоладзаутæй иу зæрдыл лæууын кæны уацмысы сюжет цыбырæй.

Тугъанты Б. «Æгъдау афтæ амоны». Фыдæгъдау æмæ фидис фæуæлахиз сты рухс зондыл.

10. Дискыл фыст Хъайттаты Сергейы радзырд «Ирæд»-мæ байхъусын. Цыбырæй йæ равзарын.

Хуысинæ аскъæфта Тасолтаны чызг Хъуыдинæйы. Скъæфты аххос у ирæд. Хъуыдинæ фæндагыл фæмард. Хуысинæ æрбацыд Тасолтаны хæдзармæ. Туг ныккалды бæсты Хуысинæйæн барст æрцыд йæ фыдракæнд.

Рæстæг цыд. Тасолтан йæ дыккаг чызг Мæдинæйы Хуысинæйæн радта. Хъæубæсты хъус-хъус дзырдтой, зæгъгæ,

дам, кæддæр Тасолтан дæр чызг скъæфгæ ракодта: ирæд цæмæй бафыстаид, уый йæм нæ уыд.

11. Экраныл фыст æмбисæндты хъуыды райхалын.

– Тыхфæлварæн мауал скæнæм, фæлæ цардфæлварæн скæнæм.

– Цæф цæфæй ничи исы, фæлæ фидыдæй.

– Туг тугæй не 'хсадæуы.

– Туджджын лæг æхсæв фыдфынтæ уыны.

– Амарынæй ныббарын æвæсмондæр у.

– Марын лæгдзинадыл нымад никуы уыд.

12. Скъоладзауты хъуыдытæ лæвæрд проблемæйæ.

– Цавæр цауты бындурыл фыст сты Коцойты Арсены «Фынддæс азы», Тугъанты Батырбеджы «Æгъдау афтæ амоны» æмæ Хъайттаты Сергейы радзырд «Ирæд»?

– Цавæр хъуыдытыл уæ бафтыдтой ацы уацмысты цаутæ?

(Скъоладзаутæ дзурынц сæ цæстæнгас, кæнынц хатдзæгтæ)

*III. Урочы кæронбæттæн.*

Мидисджын у Гинойы прозæ. Фыссæг ирдæй æвдисы адæмы уды рухс, сæ зонды тых. Йæ уды фидауцæй басæтты хæрам Тæхонты Мулдан, йæ туджджынæй скæны æрдхорд æфсымæр. Хъайттаты Сергей Тасолтаны фæлгонцæй равдыста куырыхон хистæры зондахаст ирон æгъдæуттæ æмæ традицитæм.

***Сидахъаты Кларæ,***
Беслæны 4-æм скъолайы ахуыргæнæг

## *Урочы темæ:* ***«Æвæрццæг æмæ æппæрццæг хъайтарты сурæттæ æмæ фæлгонцтæ 6-æм къласы литературæйы чиныджы»***

***Урочы нысантæ:***

1. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.

2. Ныхасы рæзтыл кусын, рацыд æрмæг фæлхат кæнгæйæ.

3. Адæймаджы аккаг цы у, ахæм миниуджытæ рæзын кæнын сывæллæтты удыхъæды.

***Урочы фæлгонц:***

Интерактивон фæйнæг, магнитофон; скрипка (Абайты Г.).

Киноныв «Чермен»; фæндыр, ирон дарæсы чызг æмæ лæппу.

«Къостайы зарæг»; «Иссæйы зарæг»; «Чермены зарæг».

***Дзырдуат:*** сурæт, фæлгонц, эпитет, поэмæ, комеди, сатирæ.

***Урокмæ эпиграфтæ:***

1. «Мæнæ уын, Дунедарæгæн æнæуынон чи у, ахæм авд æлгъаг мийы:

*Хъал цæстæнгас, гæды 'взаг* æмæ, æнаххосæй *туг чи ныккалы, ахæм къухтæ.*

Фыдвæндтæ кæм гуырынц, ахæм *зæрдæ;* фыд ракæнынмæ хæлофæй чи уайы, ахæм *къæхтæ.* Даутæ чи мысы, ахæм *мæнгæвдисæн* æмæ, дыууæ адæймаджы кæрæдзиуыл чи ардауы, *ахæм лæг.*

(Солæман-паддзахы æмбисæндты чиныгæй)

2. Æмбисæндтæ:

*«Хорз, адæмæй хæс дары»*

*«Адæймаг йæ номæн цæры»*

*«Намыс æмæ кад æнусмæ цæрынц»*

*«Иу боны сгуыхт æнустæм мысынц»*

***Урочы цыд:***

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Дзырдуатон куыст:* Портрет, сурæт, фæлгонц.

*2. Ахуыргæнæджы ныхас:*

Зæххыл цыдæриддæр адæм цæры, уыдон иууылдæр гуыргæ æмæ мæлгæ кæнынц.

Ис ахæм æмбисонд: *«Адæймаг дунемæ кæугæйæ æрбацæуы, фæлæ мæлгæйæ та хъуамæ худгæ кæна».* Худгæйæ уæд амæлдзынæ, æмæ дæ фæстæ хорз фæд куы ныууадзай, дæ адæмæн истæмæй куы балæггад кæнай.

Дæ мæлæн бон дыл цæмæй адæмы зæрдæ фæрисса, æмæ дын зæрдиагæй зæгъой «рухсаг».

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

*Ахуыргæнæг:* Фыссæг – цард æвдисæг, мах та – фыссæджы куыстæн аргъгæнæг.

Фыссæг йæ рæстæджы царды æвæрццæг æмæ æппæрццæг миниуджытæ хæссы нæ размæ. Мах сæ къада куыройау æрыссæм нæ зонды, нæ зæрдæйы мидæг, ныллыстæг сæ кæнæм, балуарæм сæ, æмæ, зæхх дон куыд бацъира, афтæ махæн дæр нæ уды мидæг ахъарынц.

Кæд сымах нырма чысыл рацардыстут, уæддæр æмбарут, хорз æмæ æвзæр цы сты, уый. Чысыл нæ бакастыстут фысджыты уацмыстæ, адæмон сфæлдыстадæй кадджытæ, таурæгътæ, æмдзæвгætæ, поэмæтæ, аргъæуттæ.

*Фарст:* Цæмæн хъæуынц уыдон сымах?

*Дзуапп:* Ахуыр кæнынц цардыл, цæмæй æмбарæм, цы сты хорз æмæ æвзæр.

*Фарст:* 6-æм къласы цы уацмыстæ сахуыр кодтат, уыдоны хъайтартæй тынгдæр уæ зæрдыл кæй бадардтат æмæ цæмæн.

*(Скъоладзаутæ дзурынц, хъайтарты нæмттæ фæйнæгыл фыссынц)*

***1-аг скъоладзау:*** Дзадтиаты Тотырбег. ***«Къостайы сабийы бонтæ».*** *«Хъызмыдæйы фæлгонц æмæ сурæт».*

Уацмысы Къостайы фыды ус Хъызмыдæйы æвдисынц иу ныхасæй – *усбирæгъ.*

Ацы иунæг дзырд дæр фаг у йæ сурæт сныв кæнынæн. Хъызмыдæ у фыдзæрдæ, нæ зоны тæригъæд кæнын, у фыдсыл, налат, кæны фыд ныхас.

Мад хъуамæ ахæм ма уа. Къоста куыд зынтæй аирвæзт, уымæ гæсгæ йын хъуамæ кæна тæригъæд, уый та йæ æдзух æфхæргæ кæны.

Хъызмыдæ царды мидæг ныууагъта æвзæр фæд, у æппæрццæг фæлгонц.

*Уацмысæй скъуыддзаг (кæсы Хадизæты ныхæстæ):*

«Куыд æй надтой, куыд, уый куы федтаис, Чендзе, – дзырдта Хадизæт, – уæд дæ зæрдæ аскъуыдаид Годтайы тæригъæдæй…»

***2-аг скъоладзау: «Долæт» –*** зæды хуызæн зæронд лæг. У зæрдæхæлар, зондджын хистæр хъæубæстæн, комбæстæн, хъæугæ адæймаг, сывæллæтты хæлар. Адæм ын аргъ кæнынц, кад ын ис æппæт комбæсты дæр. У хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг. Дзæбæх кæны адæмы кæрдæджытæй. Æппæт адæмæн дæр сæ зыны сахат баххуыс кæны. Ахæм адæймаг адæмæй никуы ферох уыдзæн, мысдзысты йæ йæ мæлæты фæстæ дæр. Уымæн йæ фæстæ баззад йæ хорз ном.

Мæн фæнды, цæмæй Долæты хуызæн зæронд лæгтæ бирæ уа, стæй мæлгæ дæр ма кæной.

*Скъуыддзаг радзырдæй бакæсын:*

«Уыцы рæстæджы хæдзармæ æрбахызти цалдæр нæлгоймаджы. Сæ разæй æрбацыди Долæт...»

***3-аг скъоладзау: Чендзейы*** фæлгонц у бафæзминаг. Уый у æцæг мад, æцæг адæймаг, у хæларзæрдæ, æнæхин.

Зоны ныхас æххæст кæнын, ис æм æфсарм. У тыхджын, хъаруджын адæймаг. Йæ ныфс бахаста хæххон æвадат царды искæйы сидзæр лæмæгъ сывæллоны аирвæзын кæнынмæ.

Уый у стыр кады аккаг сылгоймаг. Адæймаджы ном систа тынг бæрзонд. Абон дæр йæ ном нæ сæфы. Къостайы номимæ æмдзу кæны.

*Скъуыддзаг радзырдæй бакæсын:*

«Сылгоймаджы зæрдæ нал фæлæууыди æмæ райхæлдта авдæны бæстытæ, систа

мæллæг, фыркуыдæй фæсус æмæ уазалæй чи ныцъцъæх, уыцы сабийы…»

*Ахуыргæнæг:* Чендзейы фыдæбон нæ фæдзæгъæл. Къоста сси йæ мад, йæ фыды фæндиаг гуырд, Чендзейы фæндиаг гуырд.

Æппæт Ирыстон дæр абоны бон Къостайæ бæрзонд хæссынц сæ сæртæ. Къоста сси мæгуыр æфхæрд адæмты сæрхъуызой. Сси мæгуыр адæмты сæрибардзинадыл тохгæнæг. Йæ хъару æмæ йæ курдиат сты бирæвæрсыг: *уыд фыссæг-поэт, прозаик, нывгæнæг.*

Тынг рæсугъд фæд ныууагъта йæ фæстæ йæ адæмæн, æмæ йын адæм скодтой стыр аргъ. Йæхицæн ныссагъта æнусон цырт. Байхъусут ын йæ зарæгмæ, уый йыл скодтой йæ уарзон адæм.

*(Хъуысы Къостайы зарæг)*

***4- æм скъоладзау: «Сæлимæт»,*** Плиты Харитон.

*Сæлимæт* – рæсугъд фæлгонц, рæсугъд сурæт кæмæн ис, ахæм адæймаг. Рæсугъд у йе 'ддаг бакаст, рæсугъд у йæ миддуне дæр, йæ хъуыдытæ, йæ бæллицтæ. Ис æм алы хъару, алы 'гъдау. У арæхстджын сылгоймаг, кафаг, фæндырдзæгъдаг. Фæлæ йын фыдызнаг фехæлдта йæ цард. Нæ дæтты Сæлимæт йæ сæрибардзинад фыдызнаджы къухтæм. Уый æгады бæсты равзæрста карз мæлæт. Ахæм мæлæтмæ йæ ныфс бахæсдзæн æрмæст тыхджын адæймаг.

*Скъуыддзаг поэмæйæ бакæсын:* «Бады æнкъардæй Сæлимæт…»

*(Интерактивон фæйнæгыл ныв – зæронд ус бады сывæллæтты 'хсæн).*

*Фарст:* Цавæр уацмысмæ конд у ацы ныв?

*Дзуапп:* Цæгæраты Максим, ***«Хъуыдинæйы галуан».*** Бæгъæгуыссæ сывæллæттæн таурæгътæ кæны.

***Бæгъæгуыссæйы*** абарæн ис, зæд кæй фæхонынц, ахæм сылгоймагимæ. Тынг рæсугъд у йæ удыхъæд, йæ миддуне. Ахæм сылгоймагæй фæзæгъынц «фæрнджын æмæ амондджын». Нæй бынтон хорз цард, ис Бæгъæгуыссæйы царды дæр тар бонтæ, фæлæ уымæй дæр хъахъхъæны кæстæрты, сæ зæрдæ сын нæ риссын кæны.

*Скъуыддзаг поэмæйæ бакæсын:* «Фондзыссæдз азы фæцард Бæгъæгуыссæ»…

***6-æм скъоладзау:*** Бæгъæгуыссæйы таурæгъты цы хъайтартæ ис, уыдоны фæлгонц дæр у æвæрццæг, бафæзминаг.

***Хъуыдинæ*** – диссаджы адæймаг. Царды мидæг ныууагъта рæсугъд фæд. Таурæгъты дзуринаг. Хъуыдинæ схъомыл ис нæлгоймæгты 'хсæн, нæлгоймаджы дзуапп кæмæ уыдис, нæлгоймаджы ныфс кæмæ уыди, сылгоймæгты 'хсæн та чызджыты сæрæндæр, чызджыты хуыздæрыл кæй нымадтой, ахæмæй. Хъазты фидауц, зиуы раззагдæр – ахæм чызг схъомыл уыцы мад æмæ фыдæн.

Кæцæй йæм нæ фæцыд курджытæ, кæцæй йыл нæ уыд дзурджытæ, фæлæ ком никæмæн лæвæрдта. Уый уарзта сæ хъæуккаг лæппу Цæрайы.

Уый скодта ирæй кæсæджы 'хсæн хæлардзинады фæндæгтæ. Йæ хорзы кой айхъуыст ирæй кæсæджы быдыртæм. Уый уыд адæмуарзаг, хæларзæрдæ, цæстуарзон.

Стыр кад скодтой йæ цот, йæ авд фырты Хъуыдинæйæн. Сæ мады фыдæбон бафыстой æмæ райстой æппæт адæмы арфæ.

Хъуыдинæйы галуаны кой баззад таурæгъты.

***7- æм скъоладзау:*** Хорз бæлас æвзæр дыргъ нæ дæтты. Йæхи хуызæн рауад Хъуыдинæйæн йæ иунæг чызг, авд æфсымæры хо Ацырухс дæр.

*Скъуыддзаг поэмæйæ бакæсын:* «Хъуыдинæйы иунæг чызг уыди авд æфсымæры иунæг хо…»

***8- æм скъоладзау:***

Дзесты Куыдзæг, ***«Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы».***

***Дзанг.*** Аргъ нæй ахæм зæронд лæгæн. Рæсугъд – йæ бакаст, рæсугъд – йæ удыхъæд. Хъуыды кæны йæ адæмыл, йæ кæстæрты фидæныл. Йæ фæстаг тыхтæ дæр снывонд кодта йæ адæмы сæраппондæн. Нæ хатыр кæны знагæн йæ адæмы æфхæрд.

*Скъуыддзаг поэмæйæ бакæсын:* «Ахæм фæндтимæ лæууы ныр Дзанг хъæумæ æрбахизæны цур йæ урс тырысаимæ…»

***9-æм скъоладзау:*** Плиты Грис. «***Æртхутæгдон».***

***Плиты Иссæйы*** хъæбатырдзинад хъуыстгонд у æппæт дунейы дæр.

Мæнæ куыд загъта маршал А. М. Василевский:

«Иссæ хæсты рæстæджы йæхи равдыста æцæг хъæбатырæй, знаджы æнæнхъæлæджы цæфтæ чи кодта, ахæм æфсæддон разамонæгæй, дивизийы æвзыгъд командирæй, бæхджын механизацигон къорды намысджын разамонæгæй. Æфсæдтæн лæвæрдта арæхстджын разамынд. Иссæ разамынд цы хæйттæн лæвæрдта, уыдон састы бынаты никуы баззадысты. Знагæн æнæнхъæлæджы бæрзæйсæттæн цæф ныккæнын уыдис Иссæйы хæстон миниуджытæй иу».

*Æмдзæвгæ «Æрхутæгдон» радзурын.*

*Ахуыргæнæг:*

Иссæ стыр кад скодта Ирыстонæн, æмæ йæ ном æнусмæ баззад адæмы зæрдæты. Йæ удыгасæй йыл скодтой героикон зарæг.

*Райхъуыст Иссæйы зарæг.*

*Ахуыргæнæг:* Героикон зарджытæ ма бирæ ирон хъæбатыртыл скодтой. Зæгъут-ма сын сæ нæмттæ (Скъоладзауты дзуæппытæ).

***10-æм скъоладзау:***

Кочысаты Розæйы пьесæ ***«Гæды лæг».***

*Къомиан, Мызылон.* Æппæрццæг фæлгонцтæ, дам-думгæнаг сылгоймæгтæ, хæдзарæй æддæмæ ныхас чи хæссы, искæй ныхæстæ чи радав-бадав кæны, ахæм дзæгъæлдзых сылгоймæгтæ.

*Къомиан æмæ Мызылон кæм архайынц, ахæм сценкæ пъесæйæ равдисын.*

***11-æм скъоладзау:***

Æрнигон Иласы ***«Челе»***. Кусаг лæг, бонджын, мулкджын, æнæхъæн Тæнæг сыхы цас фæллой ис, уый бæрц фæллой ис Челейы хæдзары. Дзаг алцæмæй хæдзар. Фæлæ Челейы тыххæй бинонтæ нæ зонынц æнцой.

Лæвар никæмæн ницы авæрдзæн Челе.

Никæй зианы уæлхъус æрлæууыд Челе, никуы никæй циндзинадыл бацин кодта. Никуы раивта йæ кусæн дарæс бæрæгбоны дарæсæй, никуы ацыд æмгæрттимæ. Йæ мæлæн бон йæ фæстаг бæллиц – йæ кусæнгарз-*ардуан* сыхæгтæм ма баззайа.

Никæй зæрдæ риссы Челейы мæлæтыл, афтæмæй нæй цæрæн адæмы ’хсæн. Адæймаг мæрдтæм ницы ахæсдзæн йемæ.

*Ахуыргæнæг:* Адæмы хорзæх бирæтæ райстой, кæд азтæ рацыд, уыдон а дунейы куы нал сты, уæддæй нырмæ, уæддæр адæмæй нæ рох кæнынц.

Зæронд Бæтæхъойыхъæуы цардис Зыгъуытаты куырм Бибо, уарзон адæймаг хъæубæстæн, суанг æгас Ирыстонæн дæр. Йæ хъисын фæндыримæ æрзылд æгас Ирыл.

*Ахуыргæнæг:* Раздæхæм нæ урочы райдайæнмæ æмæ бакæсæм фæйнæгыл фыст æмбисæндтæ.

***III. Урочы хатдзæгтæ.***

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы
кафедрæйы ахуыргæнæг

# ТАУРÆГЪОН СОЧИНЕНИ ФЫССЫНМÆ БАЦÆТТÆГÆНÆН УРОК

1-аг хæслæвæрд

*Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, цы у таурæгъон текст.*

Бахъуыды кæнут: таурæгъон тексты хæйттæ:

*а) бацæуæн (райдайæн хай);*

*æ) архайды райхæлд;*

*б) кульминаци;*

*в) кæронбæттæн.*

***Таурæгъон тексты*** бацæуæн хай арæх райдайы дзырдтæй: *иуахæмы, иу бон, иу хатт, уæд дын иу хатт, иуафон, раджыма раджы, кæддæр* æмæ æнд.

Хъуыдыты райхæлды кæнæ кульминацион хайы арæхдæр пайдагонд æрцæуы фæрсдзырдтæй: *æвиппайды, æнæнхъæлæджы, уæд дын, уалынмæ, уыцы афон* æмæ æнд.

Кæронбæттæн хайы æмбæлынц дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ: *уæдæй фæстæмæ, уæдæй абонмæ, афтæ, афтæмæй, гъе афтæ, уыцы бонæй фæстæмæ, ныртæккæ дæр ма* æмæ æнд.

2-аг хæслæвæрд

*Текст бакæсут.*

**Иубон** нæ гуыппырсар фыдæлтæ хъазæн фæзмæ рацыдысты. Топпæй, кардæй æмæ зондæй сæ арæхст фæлвæрдтой. **Уый фæстæ** хъæбатыртæ кæрæдзи цæнгтыл æрхæцыдысты æмæ райдыдтой нæртон симд кафын. **Уалынмæ** сæм кæцæйдæр æрбабырстой сау знæгтæ. Фæлæ уыдон сæ симд ныууадзын сæ сæрмæ не 'рхастой. Цæмæй сын фыдгулты бон мацы бауа, уый тыххæй къæдзæхтæ фестадысты. Æцæгæлæттæ сыл сæ ных ныссастой. **Гъе афтæ,** зæгъынц, сæвзæрдысты нæ Иры хæхтæ.

(Мæхæмæтты А.)

***Дзуапп раттут фæрстытæн:***

1). Куыд уæм кæсы, текстæн сюжет ис? Автор дзы цавæрдæр бæлвырд цау равдыста?

2). Цавæр хæйттыл адихгæнæн ис текст? Ссарут тексты бацæуæн хай (райдайæн хай), архайды райхæлд, кульминаци, кæронбæттæн хай.

Ставддæрæй фыст дзырдтæ тексты хæйттæй кæцыты райдайæнтæ сты?

3). Цавæр мивдисджыты фæрцы бамбарæн ис тексты сюжет?

Мивдисджытæ рафыссут.

4). Мивдисджытыл æнцой кæнгæйæ, текст хи ныхæстæй радзурут.

5). Дзырдтæм синонимтæ ссарут: *гуыппырсар, сæ арæхст фæлвæрдтой, æрбабырстой, сæвзæрдысты.*

Текстæн йæхи мидæг та цавæр синонимтæ æмбæлы? Цæмæн сæ пайда кæны автор?

6). Бацамонут æнгом дзырдбæстыты хъуыды: *сæ сæрмæ не 'рхастой, сæ ных ныссастой.*

3-аг хæслæвæрд

*1. Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут радзырдтæ: Коцойты А. «Гигойы куадзæн», Мамсыраты Д. «Хъæндил», Дзесты К. «Æрдхæрæны лæвар».*

*2. Базонут-ма, цавæр радзырд у:*

*Бацæуæн (райдайæн хай)* – бинонтæ сфæнд кодтой бæрæгбонмæ хъыбыл схæссын; *архайды райхæлд* – бинонтæ хъыбылмæ хорз зилынц; *кульминаци* – сауджын хъыбылы йæ хæдзармæ фæхæссы; *кæронбæттæн* – бинонтæ сагъдауæй баззадысты.

*3. Æндæр радзырды тыххæй уæхæдæг афтæ радзурут.*

4-æм хæслæвæрд

*Бакæсут текст. Йæ хæйттæ йын раст равæрут. Кæцы хай нæй йæ бынаты?*

Дидинæг.

***Уалынмæ*** сыгъдæг уæлдæфы азæлд дæргъвæтин з-з-зз! Уый æрбахæццæ тæнбазыр мыдыбындз. Тымбыл æрзылд цалдæр хатты. Дидинæг æм йæ мидбыл фæлмæн бахудти, базмæлыд, цыма йæм афтæ сидти:

– Ардæм, ардæм, мæ буц уазæг! Æз дæ мæ хæрздæф мыдæй хорз фенон.

Мыдыбындз ыл сындæггай йæхи æруагъта. Бынтондæр басабыр. Дидинæг æй адджын æрбатыхта йæ фæлмæн хъæбысы. Мыдыбындз йæ тæнæг базыртæ ныппака кодта, æмæ сæ хуры тын иннæрдæм хъазыди. Гъе, афтæ цард дидинæг.

Хæдзары раз æрзади рæсугъд сырх дидинæг. Йе 'мбæлттæй бирæ фæбæрзонддæр. Сæумæрайсомы сатæг уддзæф ын йæ рог базыртæ уæздан æмæ рæвдаугæ асæрфы.

(Дзугаты Г.)

*1). Нысангонд дзырд тексты хæйттæй кæцыйы райдайæн у?*

*2). Рафыссут дидинæджы æрфыст. Тексты хæйттæй кæцыйы ис?*

*3). Уæ цæстытыл цы ныв ауад, уый ахорæнтæй равдисут.*

*4). Цавæр сæргонд ма раттæн ис текстæн?*

*5). Текстæй рафыссут вазыгджын дзырдтæ. Бацамонут сын сæ растфыссынад.*

– Куыд баст вæййынц хъуыдыйæдтæ тексты мидæг? Цавæр бастдзинæдтæй? Цы у цæгон бастдзинад? Цы у параллелон бстдзинад?

5-æм хæслæвæрд

*Бакæсут. Сбæрæг кæнут тексты хуыз.*

Цы ма вæййы рæсугъддæр фæззыгон бæлæстæй! Мæнæ аив чындзау лæууы уæздан бæрз. Арты æвзæгтау дардмæ æрттивынц мыртгæйы къалиутæ. Бæлæстыл абадтысты мæргътæ. Мыртгæ уыдонæн сæ хуыздæр хæринаг у. Уæдæ сын тулдз дæр хорз æххуыс у – æфсады сæ йæ гуыркъойы нæмгуытæй.

(Калоты П.)

*– Тексты ссарут цæгон æмæ параллелон бастдзинадæй баст хъуыдыйæдтæ. Бафидар кæнут уæ хъуыды.*

*– Сæххæст кæнут хæслæвæрдтæ æмæ дзуапп раттут фæрстытæн. Уæ дзуæппытæ ныффыссут тетрæдты.*

1. Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнут.

2. Цавæр тексты хуызтæ дзы бафиппайæн ис?

3. Цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрын кодта?

4. Рафыссут, текст эмоционалон ахуырст чи кæны, уыцы дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ.

6-æм хæслæвæрд

*Бакæсут Хетæгкаты Къостайы уацмыстæй ист скъуыддзæгтæ. Зæгъут, цавæр тексты хуызмæ сæ ахæссæн ис. Уæ дзуапп бафидар кæнут текстæй ист дæнцæгтæй.*

1) Авд лæппуйæ зилынц
Фсатийы алыварс,
Залмы сыфтæ тилынц, –
Бындз нæ уадзынц 'ввахс.
Иннæ авд æддæдæр
Ходæн фыцынц…

2).
Раджы хохы цъуппæй касти
Иу æрра фыййау.
Мигъ æнгом йæ быны бадти
Урс цагъд къуымбилау.
Бахъазыд дын æм йæ зæрдæ, –
Тæккæ былгæрон
Дурыл авæрдта йæ къæхтæ:
– Агæпп æм кæнон, …

3)
– Цæй, ныр æвналон, –
Фæзæгъы халон,
Фæлæ та 'взары, –
Цыхт дзыхы дары…
Уæд дын æм рувас
Кæцæйдæр рауад…
Уайтагъддæр минас
Йæ былтыл ауад…
Цæст андæгъд цыхтыл…

Йæ къахы æлгътыл
Дæрдтыл æрзилы,
Йæ къуди тилы…

7-æм хæслæвæрд

*Бакæсут скъоладзауы сочиненийæ ист скъуыддзаг. Цавæр тексты хуызмæ йæ ахæссæн ис? Уæ зæрдæмæ цæуы? Цавæр аиппытæ дзы бафиппайæн ис?*

Æз мæ каникултæ арвыстон тынг хорз. Фыццаг рæстæджы уыдтæн нæхимæ, стæй ацыдтæн Дзæуджыхъæумæ. Æз мæ фыды хоимæ ацыдтæн кинотеатр «Терек»-мæ. Стæй ма уыдтæн фонтаны раз. Стæй ма уыдтæн Хъæдгæроны. Мах ма ацыдыстæм хъæдмæ æхсæртæ æмбырд кæнынмæ. Æз Хъæдгæроны баулæфыдтæн къуыри. Æз мæ каникултæ арвыстон тынг хорз.

8-æм хæслæвæрд

*Цы текст бакастыстут, уый абарут ацы скъуыддзагимæ.*

Талынджы мæ дзаумæттæ кæнын райдыдтон. Мæ къухтæ зыр-зыр кæнынц. Хæдон, цъында, хæлаф, хъуырбæттæн, цырыхъ, кæрц, иннæ цырыхъ, æрмкъухтæ, худ… Æгъгъæд!

– *Скъуыддзаджы æнахуырæй цы бафиппайдтат? Таурæгъон текстыл æй банымайæн ис? Архæйдтытæ кæрæдзи куыд ивынц?*

9-æм хæслæвæрд

*Ныхасы хæйттæй таурæгъон тексты арæхдæр æмбæлынц мивдисджытæ. Сæ фæрцы æвдыст цæуынц кæрæдзи ивæг архæйдтытæ æмæ цаутæ.*

*Мивдисджытыл аивадон тексты фæхауы уæлдай лексикон уæз: мидисджындæр фæкæнынц текст.*

*Цухгонд дзырдтæ æххæст кæнгæйæ, бакæсут текст. Дзырдтæ спайда кæнынæн:* ***худтыстæм, уыциу пыррыкк ныккодта, мидбылты бахудт, кæл-кæл кодта.***

Театры спектакльмæ кæсгæйæ, мах хъæрæй …. Ацæмæз ахæм …, æмæ ма йæм, нæ фарсмæ цы устытæ бадт, уыдон дæр фæхыл кодтой. Уый уæддæр йæхи нал урæдта æмæ та-иу …. Зæлинæ йæхиуыл хæцын фæрæзта, æрмæст-иу хатгай йæ ….

– *Текстмæ гæсгæ бафиппайæн ис, уыцы иу эмоционалон уавæр алыхуызон дзырдты (мивдисджыты) фæрцы раргомгæнæн кæй ис, уый.*

*Цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ?*

10-æм хæслæвæрд

*Мивдисджытæм синонимтæ ссарут, бацамонут сын сæ хицæндзинæдтæ.*

Цæуын –
Дзурын –
Цæвын –
Бырын –
Кæуын –
Хæрын –

11-æм хæслæвæрд

*Бакæсут аргъау. Кæрон ын æрхъуыды кæнут.*

Стонг бирæгъ.

Уæлвæзы быдыры хызтысты фыстæ. Кæцæйдæр сæм фæзынди бирæгъ æмæ сын афтæ загъы:

– Ныртæккæ уæ хæрдзынæн!

Фырытæн сæ уд ауади, фæлæ ма афтæ загъынц бирæгъæн:

– Раздæр нæ кæй хæрдзынæ?

– Уыыл уæхæдæг бафидаут!

– Цæй, уæдæ мах дугъы рауайдзыстæм, æмæ нæ фæсте чи баззайа, уый-иу бахæр.

– Хорз, рауайут!

Фырытæ фæйнæрдæм фæцыдысты.

*Дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ спайда кæнынæн:* ***сæхи рауагътой бирæгъмæ, ныггуыппытæ кодтой, йæ фæрстæ мидæмæ бахаудтой, дæлбылмæ атылди.***

– *Цы нысан кæны дзырдбаст «фырытæн сæ уд ауади»? Синонимтæ йæм ссарут.*

12-æм хæслæвæрд

*Бакæсут, бахъуыды кæнут.*

***Зæрдылдаринаг радзырд (таурæгъон текст) фыссынæн:***

1. Ахъуыды кæнут, цавæр цауы тыххæй у уæ бон хуыздæр радзурын.

2. Уыцы цауы сæйраг архайджытæ чи уыдзысты, цавæр у сæ удыхъæд, цы сыл æрцыд, уый сбæлвырд кæнут.

3. Бацæттæ кæнут архайæг персонажты чысыл характеристикæтæ-æрфыстытæ; æрхъуыды кæнут, персонажтæ кæм архайынц, ахæм диалогон ныхас.

4. Сбæлвырд кæнут уæ радзырды композицион хæйттæ (райдайæн, сæйраг хай, кульминаци, кæронбæттæн).

13-æм хæслæвæрд

*Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут таурæгъон тексты æууæлтæ, мивдисджыты нысаниуæг таурæгъон тексты.*

*Темæтæй иумæ гæсгæ ныффыссут таурæгъон сочинени аивадон стилы:*

Иу хатт ме 'мбалимæ.

Хосгæрдæнты.

Æнæнхъæлæджы фембæлд.

*Кæнæ:*

1). Иу хатт куыд… (фæдзæгъæл дæн хъæды, фæцæйныгъуылдтæн цæугæдоны æмæ а.д.);

2). Хосгæрдæнты калмæй (уæрццæй, гæккуырийæ, цъырцъырагæй) куыд фæтарстæн.

***Габеты Симæ,***
Алагиры 5-æм скъолайы ахуыргæнæг

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 8-ÆМ КЪЛАСЫ

*Урочы темæ:* ***«Фæндыр куыд фæзынд»***

***Урочы нысантæ:***

1. Кадæг «Фæндыр куыд фæзынд»-ы сæйраг хъуыды бамбарын кæнын.

2. Дзургæ ныхасы рæзтыл бакусын.

3. Рæзын кæнын цымыдисдзинад æмæ уарзондзинад национ литературæ æмæ культурæмæ.

***Урочы фæлгонц:***

Тугъанты Махарбеджы нывтæ «Зæйластыты агурынц», «Фæндыр куыд фæзынд», рагон ирон фæндыры нывтæ.

***Дзырдуат:***

*зæл, зæлтæ – звуки, мелодия;*
*тæн – струна;*
*монц (тæ) – эмоция (ии).*

***Урочы эпиграф:***

Сфæлдыста дæ Иры зæхх йæ удæй,
Йæ хъыгтæй æмæ цинтæй уыдтæ гуырд.
Цæрæнбонты нын зарыс ды рæсугъдæй,
Мæ адæмы хæзна дæ æмæ цырт!

(Галуанты Л.)

***Урочы цыд:***

*I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

(Хъуысы ирон фæндыры цагъд)

*Ахуыргæнæг (дзуры фæзæхстытæ):*

1) Абон æз уыдзынæн амонджын.

2) Абон алкæмæ дæр ракæсдзынæн хорз цæстæй.

3) Дзурдзынæн сабыр хъæлæсы уагæй.

4) Цæттæ уыдзынæн искæмæй хорз зæгъынмæ.

5) Дзурдзынæн, цы хъуыды кæнын, уый, æмæ хъуыды кæндзынæн, цы дзурон, ууыл.

*(Ахуыргæнинæгтæй дæр цалдæр дзурынц сæ фæдзæхстытæ)*

*II. Ног æрмæгыл куыст.*

1. *Ахуыргæнæг* Нæ урок райдыдта ирон фæндыры зæлтæй. Æвæццæгæн æмæ ахæм ирон адæймаг нæй, фæндыры зæлтæм кæй зæрдæ нæ фæцагайы. Уыцы хæзна махæн баззад нæ фыдæлтæй, мах хæс у уый бахъахъхъæнын æмæ йын йæ кад дарддæр иннæ фæлтæртæм ахæццæ кæнын.

Абон нæ урочы æрныхас кæндзыстæм фæндыры фæзындыл, йæ ахадындзинадыл царды мидæг. Бындурæн райстам Нарты кадджытæй кадæг «Фæндыр куыд фæзынд».

Эпиграфæн æрхастам Галуанты Людæйы æмдзæвгæ «Ирон фæндыр»-æй скъуыддзаг (*дзуры йæ ахуыргæнинаг*).

Ирон адæм кæд нымæцæй бирæ не сты, уæддæр сарæзтой хъæздыг æмæ бирæвæрсыг адæмон сфæлдыстад. Уыцы сфæлдыстады сæйраг бынат ахсынц «Нарты кадджытæ». Уыдон сты ирон адæмы стыр хæзна æмæ æвæрд сты дунейы хуыздæр уацмысты æмрæнхъ.

Абон нæ ныхас у Нарты кадджыты иу уацмысыл. Уый у кадæг «Фæндыр куыд фæзынд».

Нæ зæрдыл ма йæ æрлæууын кæнæм.

*2. Беседæ:*

1). Чи уыд Сырдон, нартæн фыдбылызтæ цæмæн кодта?

*Дзуапп:* «арвы хин æмæ кæлæн»;

«нарты фыдбылыз»;

«гæды Сырдон – Гæтæджы фырт»;

«Сырдон иуæрдыгæй у юморхæссæг, иннæрдыгæй та – фыдбылызхæссæг».

Сырдоны фыдæй фесæфтысты Сослан, Батрадз, Хæмыц, нарт се ’ппæт дæр. Царды ис хорздзинад æмæ фыдракæнд (добро и зло), Сырдон у фыдракæндхæссæг, æмæ йыл йæ уыцы миниуджытæ уæлахиз кæнынц.

2). Сырдон Хæмыцæй йæ маст куыд райста?

3). Хæмыц та дзы куыд райста йæ маст?

4). Куыд уæм кæсы ахæм ми, маст ахæм хуызы райсын?

*Дзуапп:* Ирон æмбисонд «Туг тугæй не ’хсадæуы». Хъуджы тыххæй ахæм хуызы маст райсын фесæфта бинонты.

5). Хæмыцы характеристикæ.

*Дзуапп:* гуымиры, фыдзонд, тæвдтуг.

6). Сырдоны уавæр. Йæ зæрдæйы уаг, йæ бинонты стæгдар фенгæйæ.

*Дзуапп:* æрфæсмон кодта йæ митыл.

7). Сырдон фæндыр куыд скодта?

8). Сырдон фæндыр цæмæн скодта?

*Дзуапп:* Йæ зæрдæйы рыст афтæ æнæкæрон уыд, æмæ дзырдарæхст, худаг Сырдонмæ фаг дзырдтæ нæ разынд, не ссардта йæ хъæздыг æвзаджы ахæм ныхæстæ, кæцытæ йын равдыстаиккой йæ зæрдæйы рис.

*(Нывмæ гæсгæ беседæ)*

Бампылдис, баруадис, ныкъкъæдзтæ Сырдон йæ бинонты трагедийæ. Æрызгъæлдис зæхмæ Нарты хин æмæ кæлæн, худаг æмæ дзырдарæхст Сырдон.

***Æмæ равзæрдис фæндыр!*** Фæндыры зæлтимæ баиу Сырдоны хъарæг. Сырдоны зæрдæимæ хъарæг кодта йæ фæндыр.

9). Уæдæ цавæр уавæрты, куыд равзæрд фæндыр? Уацмысы сæйраг хъуыды цавæр у?

*Дзуапп:* Фæндыр равзæрд Сырдоны бинонты сæфты фæдыл, Сырдоны трагедийæ. Трагедийæ равзæрд музыкæ (Абайты В.) – уый у кадæджы цымыдисаг хъуыды – идейæ.

10). Сырдон йæ фæндыр нартæн цæмæн балæвар кодта?

*Дзуапп:* Цæмæй йын ныххатыр кæной.

11). Нарт фæндырæн цы аргъ скодтой?

(Тексты уыцы бынат бакæсын)

12). Нарт фесæфтысты, фæлæ фæндыр цæуылнæ фесæфт? Цæмæн баззад?

*Дзуапп:* Фæндыр баззад, куыд символ. Зæрдæйы æнкъарæнтæ æвдисынмæ, стæй зæрдыл дарынмæ – цæмæй адæмæй фыдракæнд мачи кæна. Фæлæ уый рох кæны бирæтæй.

(*Ахуыргæнинæгтæ дæнцæгтæн зæрдыл лæууын кæнынц уацмыстæ:*

*«Сæлимæт» – Плиты Хадо,*

*«Хъуыбады», «Æнæ хай» – Къоста.*

*Ацы уацмысты лирикон геройты царды мидæг фæндыр цы бынат ахсы, уый).*

3. Ирон адæмон сфæлдыстады ис бирæ æмбисæндтæ, кæцытæ дзурынц фыдракæнды фæстиуджытыл. Хæдзары уæ бакусын хъуыд ахæм æмбисæндтыл æмæ сæ ныффыссын.

«Цæваг галæн йæ сыкъа сæтты»,

«Барон лæг æвæсмон у, æнæбарон – фæсмойнаг»,

«Хæларæй цæрын мыды кæхц у, хæрамæй цæрын – бындзы цæф у»,

«Цы байтауай, уый æркæрддзынæ».

4. Фæндыр адæймаджы цардимæ куыд баст у, ууыл хъуыдыгæнгæйæ, зæрдыл æрлæууынц тынг бирæ таурæгътæ. Байхъусæм-ма дзы иумæ.

*(Хъуысы «Ханты цагъд»-ы мелоди)*

– Æнкъард мелоди у, æви хъæлдзæг?

Æнкъард цагъд у, ацы мелоди дæр равзæрд трагедийæ, æртæ хойы хъизæмар цардæй.

*(Ахуыргæнинæгтæй иу дзуры «Ханты цагъд»-ы таурæгъ. «Рæстдзинад», 1994 аз, 21 апрель).*

5. Хъуысы «Алагираг хонгæ кафт»-ы мелоди.

*(Скъоладзау дзуры ацы мелодийы равзæрды тыххæй. Дохтыр Дзугаты Къола рынчындоны æрхъуыды кодта ацы мелоди)*

6. Тугъанты Махарбегмæ ис цымыдисаг ныв «Зæйластыты агурынц», кæцыйæн йæ мидис баст у ирон хъисфæндыримæ.

(*Скъоладзаутæ дзурынц, нывы цы æвдыст цæуы, ууыл*)

Раджы заман-иу зæй кæй фæласта, зæйы бын-иу чи фæцис, уыдоны-иу агуырдтой… хъисфæндыры руаджы. Зæронд лæг-иу цыдис разæй, хъисфæндырæй цæгъдгæ, йæ фæстæ – иннæ нæлгоймæгтæ белтимæ. Мард-иу кæм уыди, уым-иу фæндыр нал цагъта. Нæлгоймæгтæ-иу февнæлдтой къахынмæ.

*(Скъоладзаутæй иу дзуры Нигеры æмдзæвгæ «Хур – фæдисон». Æмзæвгæ фыст æрцыдис 1932 азы 14 февралы Джусойты хъæу Арасендæйы зæйласты фæдыл)*

*7. Хатдзæгтæ.*

Гъе, ахæм цаутæ баст сты нæ фыдæлты хæзна – ирон фæндыримæ. Кæд абоны урочы фæстæ æндæр æмæ хуыздæр цæстæй акæсат ирон фæндырмæ, уæд уый у æппæты хуыздæр бæрæггæнæн нæ урокæн. Фæндыр кæддæр равзæрдис трагедийæ, хъыгæй, фæлæ дарддæры царды, фæндыры цагъдмæ хъусгæйæ, уæ зæрдæты гуырæд æрмæстдæр рæсугъд æмæ бæрзонд æнкъарæнтæ, уæд фыдракæнддзинад никуы уыдзæн!

*(Хъуысы фæндыры цагъд, æмдзæвгæ «Ирон фæндыр», кафынц чызг æмæ лæппу)*

# ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

***Цуцаты Розæ,***
Дзæуджыхъæуы 48-æм скъолайы ахуыргæнæг

## КÆСЫНЫ УРОК 3-АГ КЪЛАСЫ

*Урочы темæ:* ***«Батрадз нарты гуыппырсарты куыд фервæзын кодта»***

**Урочы нысантæ:**

1. Таурæгъы мидис бамбарын кæнын.
2. Скъоладзауты æххæст дзуæппытыл фæлтæрын.
3. Скъоладзаутæм æвзæрын кæнын ахæм æнкъарæнтæ, цæмæй уарзой сæ райгуырæн бæстæ, сæрыстыр уой сæ фыдæлты кад æмæ зондæй.

*Урочы фæлгонц:* Нывтæ, дисктæ, презентаци.

*Урочы эпиграф:*

Уарзут райгуырæн Батрадзау,
Арæхстæй куыд уат Ацæмæз,
Намыс, хъомысæй –Уырызмæг,
Ут хъæбатыр сымах Сосланау.
(Гæлуаты А.)

**Урочы цыд:**

*I. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.*

– Цы у адæмон сфæлдыстад?

– Нæртон хъайтартæй кæимæ базонгæ стæм?

– Уæ зæрдæмæ тынгдæр кæцы хъайтар фæцыди?

(Слайдтæ равдисын).

2. Фæйнæгыл лæвæрд нæмтты бынмæ ныффыссын нæртон хъайтарты сæйраг миниуджытæ:

| *Уырызмæг* | *Сослан* | *Сырдон* |
|---|---|---|
| зондджын | тыхджын | хин |
| æгъдауджын | хъаруджын | кæлæн |
| номдзыд | сæрæн | æвзыгъд |
| намысджын | хъæбатыр | зондджын |
| куырыхон | домбай | æрхъуыдыджын |
| цытджын | нæрæмон | цыргъзонд |
| æхсарджын | ныфсхаст | амалджын |

*II. Ног æрмæгыл куыст.*

1). *Ахуыргæнæг:* Нарты кадджыты хъайтартæ нын амонынц æддагон тыхгæнджыты ныхмæ лæууын, уæлахиз уæвын, цагъардзинад бавзарыны бæсты мæлæт райсын.

*2). Дзырдуатон куыст.*

*Батрадз* – Абайты Васо ацы номы равзæрд амоны: Batraz – Batyr-as – богатырь асский (асты бæгъатыр).

*Нартæн сæ гуыппырсартæ* – уæйыгарæзт, хъаруджын, зондджын.

*Сæ фæндаг сын разæргæвст æркодта* – сæ фæндаг сын алыг кодта, цæхгæрмæ йыл ахызти.

*Номдзыд хотыхтæ* – кадджын хæцæнгæрзтæ.

*Æхсæв йæ тар къабæзтæ зæххыл æрытыдта* – æрталынг.

*Уæйыг* – аргъæутты архайæг, асæй – стыр, зондæй – къуымых.

*Æхстбæрц* – æхст кæй онг хæццæ кæна, уырдæм.

*Болат Батрадз* – тынг тыхджын, кард æй нæ кæрды, арт нæ судзы, æндон.

*Бындзагъд сын ныккодта* – иу дæр сæ нал баззади.

*Уæхст* – шампур (равдисын ныв).

*Кæфой* – совок из прутьев (равдисын ныв).

*Хъомысджын* – тыхджын.

*3). Ахуыргæнæг:* Нарты Батрадз куы амардис, уæд ма йыл Хуыцау дæр скуыдта æмæ йыл æрæппæрста æртæ цæссыджы. Уыдоны бынаты фæзынд æртæ кувæндоны: Реком, Таранджелос, Мыкалгабыртæ.

*(Равдисын Рекомы ныв)*

– Цымæ цавæр уыд уыцы нæртон гуырд, Хуыцау дæр ма кæуыл скуыдта?

*4). Байхъусын таурæгъмæ.*

Байхъусут-ма таурæгъмæ дискыл æмæ зæгъут, чи тынгдæр фæцыдис уæ зæрдæмæ?

– Цæмæн?

*5). Ахуыргæнæджы раныхас* (Батрадзы тыххæй презентацийыл æнцой кæнгæйæ)

Нарты Батрадз у домбай хъаруйы хицау, æхсарджын, хъæбатыр, æгъдауджын. Уый тыххæй йын нарт балæвар кодтой æртæ тыны. Батрадз у тынг уарзон адæмæн. Уый тох кæны уæйгуытимæ, иуцæстон уæйыджы фырт Алæфимæ, Хъулонзачъе уæйыгимæ.

Сахъ Батрадз карз тох кæны æлдæртты ныхмæ: уый басаста Хызы фидар.

Болатриу Батрадз бирæ зындзинæдтæ бавзæрста, фæлæ фервæзын кодта йæ фыдæлтæй иуы – Уоны æмæ ракуырдта Акулæйы рæсугъды.

Ныфсхаст Батрадз райста йæ фыды туг, тох кодта нæртон адæмы сæрыл.

*6). Таурæгъ бакæсын цæггай, йæ бындурыл беседæ скæнын:*

– Гуыппырсартæ чи сты?
– Кæм-иу уыдысты нарт?
– Ацы хатт кæдæм бахаудтой?
– Цавæр у Хæмыц?
– Уæдæ кæй фервæзын кодта Батрадз?
– Цы ми бакодта Батрадз уæйгуытæн?

*7). Æвзаргæ каст.*

– Ссарут, саг нарты гуыппырсарты кæдæм басайдта, уыцы бынат, æмæ йæ бакæсут.

– Ссарут, Батрадз куыдæй рарвыста Уырызмæг, Хæмыц æмæ Сосланы, уыцы бынат, æмæ йæ бакæсут.

*8). Фæйнæгыл фыст æмбисонд бакæсын:*

– Нарт æмвæнд, æмуынаффæ уыдысты: хистæры дзырдмæ куыд хъуыстой, кæстæры дзырдмæ дæр афтæ хъуыстой.

*Фарст:* Куыд æмбарут æмбисонд?

Нæртон адæм кæрæдзи хорз æмбæрстой, æмвæнд, æмзонд уыдысты. Кæрæдзийы дзырдæн аргъ кодтой. Кæд æмæ нарты гуыппырсартæ заргæ кодтой, уæддæр сæ Батрадз бамбæрста, æххуыс сæ кæй хъæуы, уый. Уымæн æмæ иу уыдис сæ хъуыды. Æхсарджын гуырд сын бузныг зæгъыны тыххæй нæ баххуыс кодта, фæлæ, йæ адæмы бирæ кæй уарзта, уый тыххæй.

*9). Скъуыддзаг цæсгæмттæм гæсгæ бакæсын.*

– Ссарут-ма ахæм дзырдтæ: «Уæд Хæмыц дзуры уæйгуытæм» æмæ йæ уымæй фæстæмæ бакæсут цæсгæмттæм гæсгæ.

*10). Тестытимæ куыст.*

– Батрадзæн баххуыс кæнут Хызы фидары авд дуары байгом кæнын.

*Хæс:* Авд дуары байгом кæнын
(тестытыл куыст)



Иудзонгон нартæй кæй фервæзын кодта?

1. Уырызмæджы.
2. Æхсары.
3. Æхсæртæджы.
4. Сосланы.



Чи фервæзын кодта нарты гуыппырсарты?

1. Сырдон.
2. Ацæмæз.
3. Батрадз.
4. Æхсар.

Цавæр мыггæгтæ уыдис нартмæ?
1. Борæтæ.
2. Æхсæртæггатæ.
3. Алыккатæ
4. Алæгатæ.





Чи уыдис нартæн сæ хистæр?
1. Уырызмæг.
2. Æхсар.
3. Уæрхæг.
4. Хæмыц.



Чи уыди нартæн сæ бæркадджындæр æфсин?
1. Ацырухс.
2. Сатана.
3. Борæхан.
4. Дзерассæ.



Кæмæн радтой нарт æртæ тыны?
1. Батрадзæн.
2. Ацæмæзæн.
3. Сосланæн.
4. Созырыхъойæн.



Нартæн фæндыр чи сарæзта?
1. Сырдон.
2. Хæмыц.
3. Батрадз.
4. Уырызмæг.

*11). Ис ахæм таурæгъ:*

Кæддæр нарт æрæмбырд сты æмæ сæ тыхджындæрæн, хъаруджындæр æмæ æгъдауджындæрæн радтой æртæ тыны. Уый уыдис Батрадз.

Абон нарт æрбарвыстой æртæ кæстæры, æмæ сын ныхасы бар раттæм.

1-аг нарт:
– Уæ къласы хуыздæр чи ахуыр кæны?
2-аг нарт:
– Æгъдауджындæр чи у?
3-аг нарт:
– Нарты Сосланы хуызæн рæсугъд чи кафы?

*(Скъоладзаутæн раттын лæвæрттæ)*

Кæддæр нарт æртæ тыны балæвар кодтой Батрадзæн. Ныр æндæр рæстæг у, фæлæ æхсар, æгъдау, лæгдзинад, адæмæн æххуыс кæнын баззадысты сæ бынаты. Хорз у зонындзинæдтæм тырнын дæр.

*12). Нывтимæ куыст.*

– Фыццаг ныв цавæр таурæгъмæ хауы? (Нарты фæткъуы)
– Дыккаг ныв та? (Дзерассæ-рæсугъд)
– Æртыккаг ныв та? (Батрадз æмæ сохъыр уæйыджы фырт Алæф)







**НАРТЫ ФÆТКЪУЫ**
**БАТРАДЗ ÆМÆ УÆЙЫДЖЫ ФЫРТ АЛÆФ**
**СЫРДОНЫ РАЙГУЫРД**
**ДЗЕРАССÆ-РÆСУГЪД.**
**БАТРАДЗ ÆМÆ ХУРЫ ЧЫЗГ**
**НАРТЫ ФÆТКЪУЫ**
**ДЗЕРАССÆ-РÆСУГЪД**
**БАТРАДЗ ÆМÆ УÆЙЫДЖЫ ФЫРТ АЛÆФ**



*(Раст дзуæппытæ ратгæйæ, хуызтæм гæсгæ рауайдзæн Ирыстоны тырыса)*

*III. Урочы кæронбæттæн.*

*Ахуыргæнæг:* Сымахæй алкæмæн дæр йæ тугдадзинты кæлы ирон нæртон туг, æмæ уæ куынæ фæнда, уæддæр уын уыцы туг кусын кæндзæн уæ зæрдæтæ. Æнусты сæрты нæм сыгъдæгæй æрхæццæ ирон тырыса, кæцыйы хуызтæ баст сты нæртон мыггæгтимæ: Алæгатæ – сыгъдæгдзинадыл ауыдæг (урс хуыз), æхсарджын Æхсæртæггатæ (сырх хуыз), бæркадхæссæг Борæты мыггаг (бур хуыз). Мах, Ирыстоны хистæрты, фæнды, цæмæй сымах дарддæр адæттат ацы тырыса фæлтæртæм сыгъдæг æмæ рæсугъдæй.

– Абон райсомæй æз арвыстон нарты дыргъдонмæ домбай лæппуты, цæмæй уын æрбахæссой нарты фæткъуы бæласæй фæткъуытæ. Ацы фæткъуытæ уын лæвар кæнæм уый тыххæй, цæмæй нартау уæ райгуырæн бæстæ уарзат.

*Хæдзармæ куыст.* Таурæгъ хи ныхæстæй дзурын сахуыр кæнын.

***Хуыгаты Жаннæ,***
Дзæуджыхъæуы 45-æм муниципалон гимназы ирон æвзаджы ахуыргæнæг

## *Урочы темæ:* ***«Цæрдзæн Ирыстоны зынаргъ лæг ...»*** ***(Фæсурокты кæсын)***

**Урочы нысантæ:**

1. Хетæгкаты Къостайы цард æмæ сфæлдыстадмæ цымыдисдзинад гуырын кæнын.
2. Ныхасы рæзтыл бакусын.
3. Гуырын кæнын тырныдзинад Къостайы хуызæн уæвынмæ.

***Эпиграф урокмæ:***

*Къоста – нæ кад æмæ нæ зарæг. –*
*Нæ цинтæй никуы уыдзæн цух!*
*Цæрдзæн Ирыстоны зынаргъ лæг*
*Зæххыл йæ зарæгай æдзух.*

**Урочы цыд:**

*I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

*1). Ахуыргæнæг:* Уæ бон хорз, сывæллæттæ. Абон нæм уыдзæн тынг цымыдисаг урок. Мæ фарстæн дзуапп куы раттат, уæд нæ урокæн базондзыстут йæ темæ.

Зарджытæ сабитæн
Чи фыста, чи уыд?
Чи радта ирæттæн
Диссаджы чиныг?
– Чи уыд? Куыд чи уыд?
Уарзон Къоста!
Сауæрфыг, саурихи
Сауцæст Къоста!

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ мах дзурдзыстæм абон Къостайыл.

Ацы аз Къостайы аз схуыдтой. Цымæ цæмæн?

*Сывæллæттæ:* Уымæн æмæ ацы аз у юбилейон, Къостайы райгуырдыл сæххæст 150 азы.

*II. Ног æрмæгыл куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Къоста афтæ уарзон у Иры адæмæн, æмæ йæ хонынц æрмæст

йæ номæй. Къоста-ном чи хæссы, ахæмтæ бирæ уыд æмæ ныр дæр ис. Фæлæ уыцы ном куы сдзурæм, уæд нæ цæстытыл ауайы Хетæгкаты Къоста *(экраныл – Хетæгкаты Къостайы ныв, хъуысы ирон музыкæ)*

Кæд йæхæдæг нал ис, уæддæр йæ ном цæрдзæн æнустæм. Уый махæн ныууагъта «Ирон фæндыр» (экраныл æвдыст цæуы йæ цъар). Ацы чиныг нæ ахуыр кæны царды раст фæндагыл цæуын.

Нæ зæрдыл æрлæгууын кæнæм Къостайы царды хабæрттæ. 1859 азы иу хæххон хъæуы райгуырд Хетæгкаты хæдзары лæппу *(экраныл – Нары хъæуы ныв)*. Уыцы рæстæг æнхъæл чи уыд, æмæ Ирыстоны зæххыл фæзынд ирон адæмы фæндагамонæг стъалы *(экраныл æвдыст цæуы эпиграф)*

Уæдæ абон нæ урок фæлдахдзыстæм сыфгай. Цæй, уæдæ уал ын рафæлдахæм йæ фыццаг сыф.

Нæ зæрдыл уал æрлæууын кæнæм, Къостайы тыххæй цы зонæм, уый.

*1).Тест баххæст кæнын:*

– Къоста райгуырди: 15 сентябры, 15 октябры, 15 ноябры.

– Къостайы райгуырæн хъæу у: Нар, Лабæ, Къостайыхъæу.

– Къостайы æмдзæвгæты æмбырдгонд хуыйны: «Къостайы фæндыр», «Ирон фæндыр», «Хъисын фæндыр».

– Къостайы ингæн ис: Нары, Лабæйы, Ирон аргъуаны кæрты.

*(Хатдзæг скæнын)*

*Ахуыргæнæг:* Рафæлдахæм дыккаг сыф.

– Æрæджы мæ иу скъоладзау бафарста, Къоста, дам, дзуар уыд æви зæххон адæймаг. Цымæ, цæмæ афтæ хъуыды кодта? *(сывæллæттæ дзурынц сæ хъуыдытæ)*

*Ахуыргæнæг:* Къоста зæххон адæймаг уыд, фæлæ йыл адæм афтæ бауæндыдысты, сæ царды тыххæй сын ахæм æцæгдзинæдтæ фыста, æмæ сæм дзуары хуызæн кæсын райдыдта. Цæмæй нæ бауырна, Къоста дæр мах хуызæн адæймаг уыд, уый тыххæй байхъусæм не 'рыгон иртасджытæм. Уыдон нын радзурдзысты Къостайы сабийы бонтæй цымыдисаг хабæрттæ.

*(3-4 сывæллоны дзурынц, цы æрмæг бацæттæ кодтой, уый)*

Экраныл: Къоста гыццылæй уыд сæрæн, цымыдис, тæригъæдгæнаг, зæрдæхæлар, зæрдæргъæвд сывæллон.

*Ахуыргæнæг:* Афæлдахæм та нæ урочы иннæ сыф. Хæдзармæ – иртасæн куыст. Уæ бинонты бафæрсут, кæд базыдтой Къостайы, сæ зæрдæмæ цавæр æмдзæвгæтæ цæуынц тынгдæр. Æрбахонут уæ нанаты æмæ дадаты нæ иннæ урокмæ.

– Къостайы æмдзæвгæтæ абон систы зарджытæ. Адæм сæ уарзынц, зарынц сæ, хъусынц сæм. Абон дзы иумæ байхъусдзыстæм.

(хъуысы зарæг «Хъуыбады»)

*Ахуыргæнæг:* Рафæлдахæм нæ урочы фæстаг сыф.

(экраныл – Къостайы ныв æмæ урочы эпиграф)

– Уарзут Къостайы, кæсут ын йæ чингуытæ, ахуыр ын кæнут йе 'мдзæвгæтæ, æххæст кæнут йæ фæдзæхстытæ æмæ уæд никуы фæрæдидзыстут царды.

Нæ уарзон Ирыстон та зондджын, æнгом адæмы фарнæй кæндзæн рæсугъддæр, кадджындæр, хъæздыгдæр.

*(Ахуыргæнæг сывæллæттæн уары лæвæрттæ – Къостайы юбилейон значоктæ)*

*Ахуыргæнæг*: Хистæр къæлсты ахуырдзаутæ сфæнд кодтой сымах бафæлварын æмæ сымахимæ сараздзысты телемост.

*(Экраныл хистæр скъоладзаутæ базон-базонты хуызы дæттынц фæрстытæ 3-аг къласмæ. Ахуырдзаутæ дзурынц æмдзæвгæтæ)*

*Экраныл фæзындысты афæдзы афонты нывтæ æмæ фыстытæ: Зымæг, Уалдзæг, Сæрд, Фæззæг)*

*Ахуыргæнæг:* Къоста уарзта æрдз. Цымæ, кæцы афæдзы афон уарзта тынгдæр? *(сывæллæтты дзуæппытæ)*

*Ахуыргæнæг:* Нæ абоны урокмæ æрбахуыдтам Ирон литературæйы музейы кусæг Æлборты Томæйы. Уый нын радзурдзæн, Къоста Стъараполы гимназы куыд ахуыр кодта, уый тыххæй.

*Ахуыргæнæг:* Цы базыдтат ногæй Къостайы тыххæй?

*Музейы кусæг:* Сымахмæ дæр ис курдиатджын сывæллæттæ? Къостайы æмдзæвгæ хуыздæр чи радзура, уымæн музейы номæй ратдзыстæм лæвар.

*(Сывæллæттæ дзурынц Къостайы æмдзæвгæтæ. Музейы кусæг дæтты йæ лæвар).*

*Ахуыргæнæг:* Нæ горæты цавæр бынæттæ сты баст Хетæгкаты Къостайы номимæ?

*(Экраныл фæзындисты фыстытæ: музей, парк, проспект, цыртдзæвæн, 13-æм скъола, Къостайы номыл культурон хæдзар, университет)*

*Ахуыргæнæг:* Цæмæн сты афтæ бирæ?

*III. Урочы кæронбæттæн.*

*Хатдзæг:* Къостайы ном рох никуы уыдзæн.



### *Бесланы 1-æм скъолайы ахуыргæнæг Сидахъаты Анжелæ*

Нæ ахуыргæнджыты ’хсæн бирæ ис, педагогон куыст кæнынæй уæлдай ма наукон-иртасæн куыстмæ дæр йæ хъус чи дары, ахæмтæ. Сæ бон у æвзаг æмæ литературæ амоныны методикæйы ивддзинæдтæн хибарæй раст аргъ кæнын. Нырыккон методикæйы рæзтмæ хъус даргæйæ, ацы ахуыргæнджытæ цæттæ кæнынц хи программætæ æмæ методикон амынддзинæдтæ ирон æвзаг æмæ ирон литературæйæ. Ахæм куыст кæны Бесланы 1-æм скъолайы ахуыргæнæг **Сидахъаты Анжелæ** дæр.

Æрæджы Сидахъаты Анжелæ ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæмæ æрбахаста йæхи арæзт *1-æм къласы фæсурокты ныхасы рæзтыл куысты программæ.* Программæ арæзт у ног ахуырадон стандарттæм гæсгæ æмæ амоны, 1-æм къласы фæсурокты рæстæг ныхасы рæзтыл куыстæн стандартты цы сахат лæвæрд цæуы, уымæй пайда кæныны мадзæлттæ.

Базонгæ ут Анжелæйы арæзт программæимæ. Уæ размæ уын æй хæссæм проекты хуызы.

Уымæй уæлдай ма мыхуыр кæнæм Сидахъаты Анжелæйы цæттæгонд ирон æвзаг æмæ кæсыны уроктæ.

## 1-ÆМ КЪЛАСЫ ФÆСУРОКТЫ НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТЫ ПРОГРАММÆ

**(ПРОЕКТ)**

### Æмбарынгæнæн фыстæг

Ирон æвзаг у нæ республикæйы паддзахадон æвзаг, ирæтты мадæлон æвзаг, у филологон циклы иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауты коммуникативон культурæ.

Ног стандартты домæнтæ сты, цæмæй Уæрæсейы цæрæг алы адæмæн дæр йе ’вззджы кад се ’хсæн бæрзонддæр ист æрцæуа, цæхгæр фæхуыздæр уа йæ ахуыр кæныны уавæр. Уый та у бæрнон æмæ ахсджиаг.

Райдайæн скъолайы бындур æвæрд цæуы сывæллæтты алывæрсыг рæзтæн. Уыимæ, абоны рæстæджы домæнтæ вазыгджын, фæлæ ахадгæ кæй сты, уымæ гæсгæ скъола æмæ ахуыргæнæгыл æвæрд ис бæрнон хæстæ. Сывæллæтты кæсын, фыссын æмæ нымайын сахуыр кæнынæй уæлдай ма семæ хъæуы стыр хъомыладон куыст кæнын дæр. Сабиты миддуне раргом кæнынæн, бындурон зонындзинæдтæ сын раттынæн стыр æххуыс у мадæлон æвзаг. Мадæлон æвзаг уæрæх кæны сабийы дунембарынад, хъомыл æй кæны ирон адæмы хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл. Уыдонæй та сæйрагдæртæ сты: хистæрæн кад æмæ æгъдау дæттын, уазæг æмæ фысымы æгъдау, æмгуыстад æмæ æмбалдзинад, райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад, Ирыстоны æрдз зонын æмæ хъахъхъæнын.

Программæ арæзт у ног стандартты домæнтæм гæсгæ æмæ йæ размæ æвæры ахæм нысан æмæ хæстæ:

1. Ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ тырнындзинад рæзын кæнын.
2. Ныхасы рæзтыл кусын.
3. Ахуырдзауты иронау хъуыды кæнынил ахуыр кæнын.
4. Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад рæзын кæнын.
5. Ирон æгъдæутты бындурыл адæймаджы хуыздæр миниуджытыл хъомыл кæнын.

Программæйы домæнтæм гæсгæ арæзт æрцыд тематикон пълан дæр, кæцы æнгом баст у ахуыры фæрстытимæ. Урокты æрмæг уæрæхдæр æмæ парахатдæр кæны ахуыргæнæджы авналæнтæ. Уыимæ ахуыргæнæгæн йæ бон у йæхимæ гæсгæ ахуыртæм ивддзинæдтæ бахæссын.

Программæмæ гæсгæ 1-аг къласы фæсурокты ныхасы рæзтыл куыстæн лæвæрд цæуы 33 сахаты (къуыри – 1 сахат).

Программæйы бæрæггонд цæуынц домæнтæ 1-аг къласы ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм, лæвæрд дзы цæуы, программæмæ гæсгæ кусынæн ахуыргæнæгæн æххуыс чи фæуыдзæн, ахæм æххуысгæнæн литературæ.

**Программæйы мидис:**

***1-аг темæ: Адæмон дзургæ сфæлдыстад. (3 сах.)***

1. Адæмон дзургæ сфæлдыстады хуызтæ.
2. Фольклоры ахадындзинад адæмы царды.

***2-аг темæ: Нарты кадджытæ. (2 сах.)***

1. Нарты кадджыты сæйраг хъайтартæ.
2. Нарты адæмы хуыздæр миниуджытæ.
3. Батрадз æмæ Сосланы фæлгонцтæ.

***3-аг темæ: Аргъæуттæ. (4 сах.)***

1. Аргъæутты хуызтæ.
2. Цардыуаджы, алæмæты æмæ цæрæгойты аргъæуттæ.
3. Æрхъуыды æмæ æцæгдзинад аргъауы.

***4-æм темæ: Ирон адæмы хъæзтытæ. (3 сах.)***

1. Ирон адæмон хъæзтытæ (афæлгæст).
2. Сывæллæтты хъæзтытæ (Чызджыты хъæзтытæ. Лæппуты хъæзтытæ).
3. Хъæзтыты ахадындзинад сабиты хъомылады.

***5-æм темæ: Ирон царды уаг æмæ æгъдæуттæ*. (4 сах.)**

1. Ирон царды уаг æмæ æгъдæуттæ (афæлгæст).
2. Адæмон æгъдæуттæ бинонты царды.
3. Кæстæр бинонты ’хсæн. Бинонтæ æмæ æхсæнад

***6-æм темæ: Ирыстоны номдзыд адæм. (3 сах.)***

1. Ирон адæмы уарзон хъæбултæ (Чермен, Бола, Къоста, Кучиты Юрий æмæ æнд.)
2. Нарты кадджыты сгуыхт хъайтары фæлгонц (Батрадз).
3. Ирон сывæллæттæн фыст уацмыстыл афæлгæст (сывæллæттæн сæ кармæ гæсгæ).

***7-æм темæ: Ирыстон – мæ Райгуырæн бæстæ. (5 сах.)***

1. Ирыстоны символикæ. Герб. Гимн. Тырыса.
2. Нæ горæты герб.
3. Ирыстоны сæйраг горæт. Ирыстоны горæттæ.

***8-æм темæ: Ирыстоны æрдз. (10 сах.)***

1. Ирыстон – аргъæутты бæстæ.

2. Адæймаг æмæ æрдз.
3. Ирыстоны хæхтæ.
4. Ирыстоны кæмттæ.
5. Нæ цæугæдæттæ.
6. Нæ хъæутæ.
7. Дидинджытæ.
8. Гагадыргътæ.
9. Бæлæстæ.
10. Мæргътæ.
11. Цæрæгойтæ.

***9-æм темæ: Скъоладзауы равзæрст темæмæ гæсгæ презентацийы проект.***

**Фыццаг къласы скъоладзаутæ ахуыры афæдзы кæрон хъуамæ зоной æмæ арæхсой:**

– Адæмон дзургæ сфæлдыстады хуызтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.

– Нарты кадджыты сæйраг хъайтарты сæ хуыздæр миниуджытæм гæсгæ иртасын.

– Аргъæутты хуызтæ. Аргъæуттæ хи ныхæстæй дзурын.

– Ирон адæмон хъæзтытæ ранымайын, куыд хъазгæ сæ у, уый равдисын.

– Бинонты царды æгъдæуттæ. Кæстæры бынат бинонты ’хсæн.

– Ирон адæмы номдзыд лæгты нæмттæ зонын, се сгуыхтдзинæдтæ сын радзурын.

– Ирыстоны символикæ. Герб. Гимн. Тырыса. Ирыстоны сæйраг горæт. Ирыстоны иннæ горæтты нæмттæ æмæ стырдæр хъæуты нæмттæ зонын.

– Хуымæтæг зониндзинæдтæ Ирыстоны æрдзы тыххæй. Кæмтты, хæхты, цæугæдæтты нæмттæ зонын.

Зайæгойты нæмттæ зонын (рацыд æрмæгмæ гæсгæ).

– Хъуыстгонддæр таурæгътæ радзурын.

## Программæмæ гæсгæ арæзт тематикон пълан

| № | *нымæц* | *сах.* | *Урочы темæ* | *Равзаринаг фæрстытæ* | *Уæлæмхасæн æрмæг* |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | 3 | Адæмон дзургæ сфæлдыстад | Адæмон сфæлдыстады хуызтæ (аргъæуттæ, кадджытæ, тагъддзуринæгтæ, базон-базонтæ), сæ ахадындзинад. Ахуырдзауты базонгæ кæнын адæмон дзургæ сфæлдыстады хуызтимæ. | Тагъддзуринæгтæ дзурын сахуыр кæнын. |
| 2 | | 2 | Нарты кадджытæ. | Кадджыты сæйраг архайджытæ. Сæ хуыздæр миниуджытæ. | Тугъанты М. «Нарты куывд» (нывты равдыст) |
| 3 | | 4 | Аргъæуттæ. | Цардыуаджы, алæмæты æмæ цæрæгойты аргъæуттæ. Фæрстытæм гæсгæ дзуæппытæ дæттын. | Бакæсын аргъæуттæ ахуыргæнæджы равзæрстмæ гæсгæ. Аргъæуттæм нывтæ скæнын. Практикон куыст: пластилинæй саразын аргъауы персонажтæй иуы. |
| 4 | | 3 | Ирон адæмон хъæзтытæ. | Адæмон хъæзтытæ. Сæ ахадындзинад сывæллæтты хъомылады. | Сахуыр кæнын иу-цалдæр хъазты. Ерыстæ саразын. |
| 5 | | 4 | Ирон царды уаг æмæ æгъдæуттæ. | Бинонты хистæр. Кæстæры бынат бинонты æхсæн, йæ сæйраг хæстæ. | Таурæгъ «Кæстæры рæдыд». «Æртæ чъирийы» |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 6 | | 3 | Ирыстоны номдзыд адæм. | Ирыстоны номдзыд адæмы сгуыхтдзинæдтимæ зонгæ кæнын. | «Чермен æмæ æлдар», «Мысты æвæрæн». Презентацийы проект. |
| 7 | | 5 | Ирыстон – мæ Райгуырæн бæстæ. | Базонгæ кæнын Ирыстоны символикæимæ. Ирыстоны сæйраг горæт зонын. Зонын, чи цы горæты (хъæуы) райгуырд æмæ цæры, уый тыххæй дзурын. | Бакæсын Ирыстоны хъæуты тыххæй радзырдтæ. Презентацийы проект «Хъæутæ æмæ цæрæнтæ». *Практикон куыст:* хуызджын гæххæтæй саразын Ирыстоны тырысайы макет. |
| 8 | | 10 | Ирыстоны æрдз. Ирыстоны хæхтæ. Ирыстоны кæмттæ. Нæ цæугæдæттæ. Нæ хъæутæ. Дидинджытæ. Гагадыргътæ. Бæлæстæ. Мæргътæ. Цæрæгойтæ. | Ахуырдзауты зонгæ кæнын Ирыстоны хæхты, кæмтты, цæугæдætты, хъæуты нæмттимæ. Зонын афæдзы афонты, мæйты, къуырийы нæмттæ дзурын. Зонын зайæгойты, цæрæгойты, мæргъты нæмттæ иронау дзурын. | Презентацийы проект, кроссвордтæ, темæмæ гæсгæ фысджыты уацмыстæ ахуыр кæнын. Нывты равдыст. |


**Литературæ ахуыргæнæгæн æххуысæн:**

1. Æлдаттаты В. Нæ алыварс дуне.
2. Джыккайты Ш. Нарты кадджытæ 1-5 т. Дзæуджыхъæу, 2004-2010.
3. Калоев Б.А. Осетины. М. 1971.
4. Уарзиаты В.С. Народные игры и развлечения осетин. Орджоникидзе, 1987.
5. Уалыты Т. Уæлæмхасæн æрмæг ирон литературон кæсынады æмæ литературæйы уроктæм. Дзæуджыхъæу. 2010.
6. Цаллаев Х.К. Традиции и обычаи осетин. Владикавказ, 1996.


## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 3-АГ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *Мивдисæджы тыххæй рацыд æрмæг фæлхат кæнын (изложени фыссынмæ цæттæгæнæн урок)*

***Урочы нысан:*** Ахуырдзауты бацæттæ кæнын изложени фыссынмæ.

***Урочы хæстæ:*** 1. Изложенийы текстыл кусгæйæ, мивдисджыты тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.

2. Ныхасы рæзт.

3. Гуырын кæнын æрдзмæ уарзондзинад, рæсугъд хъуыддæгтæ фæзмын æмæ сæ царды пайда кæнын.

***Спайдагонд ахуырадон технологитæ:*** проблемон ахуырады технологи; критикон хъуыдыкæнынад рæзын кæныны технологи; информацион технологи.

***Урочы фæлгонц:*** техникон фæрæзтæ, ирон æвзаджы чиныг, æрдзы нывтæй арæзт равдыст.

***Предметты ’хсæн бастдзинад:*** æрдззоныны урок, ирон кæсыны урок, уырыссаг æвзаджы урок.

***Урочы цыд:***

I. Бацæттæгæнæн рæстæг.

1. Дзырдуатон диктант: ныффысын дзырдтæ, сбæрæг кæнын мивдисджыты формæтæ (цæсгом, нымæц, афон):

Цæуы, хизынц, уыныс, хъæр кæнæм, улæфыд, зилын, архайы, уæгъд кодтам, хæссы, тæхыс, тилдзысты. *(Дзырдтæ фыст цæуынц фæйнæгыл)*

2. Беседæ:

- *Цавæр фæрстытæ домынц лæвæрд дзырдтæ?*
- *Цы у мивдисæг?*
- *Цавæр фæрстытæ домы мивдисæг?*
- *Куыд ивы мивдисæг?*
- *Цавæр афонтæ ис мивдисæгæн?*

3. Лæвæрд дзырдтимæ хъуыдыййæдтæ æрхъуыды кæнын *(дзургæйæ)*.

4. Абоны бон цæмæй цымыдисаг у? *(абон уалдзæджы фыццаг бон у)*

Цавæр иввдзинæдтæ æрхæссы йемæ уалдзæг?

*(сывæллæтты дзуæппытæ раст кæнын)*

*5. Ахуыргæнæджы раныхас:* Адæймаджы алыварс ис тынг рæсугъд дуне – æрдз: хæхтæ, кæмттæ, хъæдтæ, цæугæдæттæ, цæрæгойтæ, мæргътæ. Æнæ уыдон адæймаджы цард уаид мæгуыр, æнкъард æмæ æнаив.

– Ирыстоны хæхты (кæмтты, хъæдты, цæугæдætты, цæрæгойты, мæргъты) нæмттæй цавæртæ зонут, ранымайут-ма сæ?

– Алы ирон адæймаг дæр сæрыстыр у уыцы хъæздыгдзинæдтæй, уыцы рæсугъддзинæдтæй. Фæлæ æрдзмæ æрмæст пайдайы цæстæй кæсын раст нæу. Æрдз у хъахъхъæнинаг, цæмæй йын иннæ фæлтæртæ дæр феной æмæ æнкъарой йæ хорздзинæдтæ æмæ аивдзинад.

– Сымахæй исчи æрдз бахъахъхъæныны тыххæй искуы исты хорздзинад бакодта? *(Сывæллæттæ дзурынц)*

– Цы радзырдтат, уыцы цаутæ кæд цыдысты? Цæй фæрцы базонæн ис уый? *(Мивдисджыты фæрцы. Цы мивдисджытæй спайда кодтам, уыдон æвæрд сты ивгъуыд афоны)*

6. Ныртæккæ базондзыстæм, сымах карæн лæппу сауцъиуы куыд фервæзын кодта, уый. Кæсæм текст.

Сауцъиу.

Иу райсом Мурат сæхицæй рацыд. Къæсæрæй куыддæр рахызт, афтæ ауыдта сæ гæдыйы. Гæдыйы дзыхы уыд сауцъиу. Уый йæ базыртæ тылдта. Архайдта йæхи суæгъд кæныныл.

Мурат гæдыйыл фæхъæр кодта. Гæды фæтарст æмæ сауцъиуы феуæгъд кодта. Сауцъиу уыди тарст. Тыххæй ма улæфыд. Йæ бон тæхын дæр нал уыд. Лæппу цъиуы хæдзармæ бахаста. Мæргъты лымæн ын базылд йæ цæфтæм.

Сауцъиу тагъд фæдзæбæх æмæ атахти.

*7. Тексты бындурыл арæзт беседæ:*

- Цæй тыххæй у радзырд?
- Чи у радзырды сæйраг архайæг?
- Чи фылдæр мивдисджытæ бахъуыды кодта *(Ахуырдзаутæ дзурынц мивдисджытæ)*.
- Кæцы афоны мивдисджытæ сты? Нæ бон сæ у æндæр афоны сæвæрын?
- Радзырды архайд кæцы афоны цæуы? Цæмæй йæ базыдтат? *(мивдисджыты фæрцы базонæм, архайд кæд цæудзæн, уый)*
- Лæмбынæг æркæсут мивдисджытæм æмæ зæгъут, цавæр дзырды хæйтты руаджы арæзт æрцыдысты сæ иутæ? *(Разæфтуанты фæрцы)*






*8. Текст дыккаг каст бакæнын.*

Фæрстытæн дзуапп раттын:

- Чи ’рцахста сауцъиуы?
- Мурат сауцъиуы мæлæтæй куыд фервæзын кодта?
- Радзырд уæ зæрдæмæ фæцыдис? Цæмæй?
- Чи у сæйраг архайæг?
- Æркæсут-ма текстмæ, сæйраг архайæджы æдзух «Мурат» хонæм, æви ма йæм æндæрхуызæн дæр дзурæм? (Мурат, уый, лæппу, мæргъты лымæн). Уыдон сты æвзаджы хъæздыгдзинад æмæ аивдзинады бæрæггæнæнтæ.
- Автор Мураты «мæргъты лымæн» цæмæн хоны?
- Цал хайæ арæзт у нæ текст? Цавæр хæйттæ сты?
- Нæ бон радзырдæн пълан саразын у?

*9. Пъланыл куыст.*

Пълан:

1. Мурат ауыдта сæ гæдыйы.
2. Гæды æрцахста сауцъиуы.
3. Лæппу гæдыйыл фæхъæр кодта.
4. Сауцъиу феуæгъд.
5. Тарст цъиу.
6. Мæргъты лымæн базылд цъиумæ.
7. Сауцъиу атахт.

*10. Хъæлдзæг тест:*

1. Кæцы хъуыдыйад у нæ текстæй?

*а) Иу райсом Мурат сæхицæй рацыд.*

*æ) Мурат балцы ацыд.*

*б) Мурат йе ’мбалимæ кæрты хъазыд.*

2. Мурат къæсæрмæ рахызт æмæ ауыдта

*а) рæсугъд машинæ;*

*æ) сæ гæдыйы;*

*б) йæ хойы;*

3. Гæдыйы дзыхы уыд

*а) мыст;*

*æ) сауцъиу;*

*б) цыхты къæртт;*

4. Куыд дардта сауцъиу йæхи?

*а) хъæлдзæг зарджытæ кодта;*

*æ) куыдта;*

*б) йæхи суæгъд кæныныл архайдта;*

5. Мураты архайд:

*а) æнхъæлмæ касти, дарддæр цы уыдзæн, уымæ;*

*æ) гæдыйы асырдта;*

*б) йæ фæндагыл ацыд;*

6. Сауцъиуы уавæр:

*а) цыма ницы уыд, уыйау йæхи дардта;*

*æ) уыди тарст, тыххæй ма улæфыд, йæ бон тæхын дæр нал уыд;*

*б) уайтагъд спæррæст кодта;*

7. Куыд баххуыс кодта лæппу сауцъиуæн?

*а) тагъдæххуысы машинæмæ фæдзырдта;*

*æ) хæдзармæ йæ бахаста, базылд ын йæ цæфтæм;*

*б) æнхъæлмæ касти, цъиу йæхимæ кæд æрцæудзæн, уымæ;*

***Хæдзармæ куыст:***

1. Мивдисæджы тыххæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.
2. Текст изложенийы хуызы ныффыссын.

# КÆСЫНЫ УРОК 2-АГ КЪЛАСЫ

*Урочы темæ:* ***«Фурд æмæ чысыл дон»***

***Урочы хæстæ:*** 1. Æмбисонды идейон мидис равзарын.

2. Аив кастыл бакусын.

3. Æмбисонды ахадындзинад нæ царды.

***Урочы цыд:***

*I. Бацæттæгæнæн рæстæг.*

1. Æмбисæндтæ бакæсын, сæ хъуыды сын бацамонын.

*Зивæджы гуыл хомæй баззад.*
*Зивæг кæнын хорз нæу.*
*Без труда не вынешь и рыбки из пруда.*

II. Ног æрмæгыл куыст.

*Ахуыргæнæг:* Æмбисонд асæй чысыл у, йæ хъуыды та – тынг егъау. Цымæ, æцæгæй дæр уый афтæ у? Нæ абоны урочы бацархайдзыстæм уыцы фарстæн дзуапп раттын.

*1. Дзырдуатон куыст:*

***Фурд*** – стыр дон, чысыл дæттæ кæдæм цæуынц, уый (океан).

***Адæгтæ*** (адаг) – дон кæуылты уайы, уый (русло).

*2. Текст бакæсын.*

Чысыл дон адæгты уади æмæ фурдимæ иу кодта.

– Куыд чысыл дæ уый? – бафарста йæ фурд.

– Мах, чысыл дæттæ, куы нæ уаиккам, уæд ды афтæ стыр нæ уаис, дæхицæй ма ’ппæл, – загъта йын чысыл дон.

*Беседæ:*

– Чи сты архайджытæ?

– Цæуыл ныхас кодтой фурд æмæ чысыл дон?

– Бакæсут-ма фурды ныхæстæ.

– Цы дзуапп радта чысыл дон?

– Куыд уæм кæсы, раст дзуапп радта дон?



*3. Ахуыргæнæг:* Ацы текст у ирон æмбисонд. Йæ хъуыды та у ахæм: алцы дæр гыццылæй райдайы. Æмæ кæд æмбисонды фурд æмæ чысыл доны кой цæуы, уæддæр æй сбæттæн ис адæймаджы цардимæ.

Сымах, сабитæ, кæд абон чысыл стут, уæддæр уæ ныййарджытæ сæ зæрдæтæ дарынц, скъола каст кæй фæуыдзыстут, иттæг хорз зонындзинæдтæ кæй райсдзыстут. Кæд уæ абон исчи фæндырæй цæгъдын фæлвары, уæд дзы фидæны рауайдзæн дæсны фæндырдзæгъдæг. Кæд, мыййаг, исчи ныв кæнын уарзы, уæд уый та у суинаг нывгæнæг. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «*Тала бæлас тасаг у*».

Нæ нанатæ сымах хуызæн сабитæ куы уыдысты, уæд сæхицæн кодтой къæцæлын чындзытæ *(равдисын къæцæлын кукла)* æмæ сын хуыдтой къабатæ. Куы сыстыр сты, уæд та сæхицæн хуыдтой разгæмттæ, се ’фсымæртæн та – цухъхъатæ æмæ куырæттæ *(равдисын нывтæ)*.

Нæ дадатæ дæр гыццылæй хистæрты фæзмыдтой: хъæдæй суг ластой, семæ цыдысты хос кæрдынмæ, ахуыр кодтой æрмдæсныйадыл (равдисын нывтæ). Сæрæн, æнæзивæг лæппуйæ дзырдтой: «*Гайлаг родæй бæрæг у*».

*Хатдзæг:* гыццылæй стыр рæзы.

Нæ фыдæлтæ дæр сымахау уарзтой хъазын. Сæ хъæзтыты дæр уыд цавæрдæр мидис. Рæзыдысты дзы сæ арæхстдзинад, сæрæндзинад. «Тыччытæй хъазт», «Æмбæхстытæй хъазт», «Чепена». Мах дæр зонæм уыцы хъæзтытæй цалдæр.

*4. Улæфты минут:*
«Чепена».
– Цæй æрлæууæм, чепена!
– Ой, ой, чепена!
– Галиу къахæй, чепена!
– Ой, ой, чепена!
– Рахиз къахæй, чепена!
– Ой, ой, чепена!
– Цæй æрбадæм, чепена!
– Ой, ой, чепена!
– Ныр та сыстæм, чепена!
– Ой, ой, чепена!
– Кæрæдзимæ бакæсæм!
– Ой, ой, чепена!
– Ныр æркафæм, чепена!
– Ой, ой, чепена!
– Тымбыл симдæй, чепена!
– Ой, ой, чепена!

*5. Ахуыргæнæг:* Ацы хъазт у хъæлдзæг, кæсут-ма, иу адæймаджы хъæлæс лæмæгъдæр куыд зæлы, фæлæ иууылдæр иумæ куы фæдзурæм, уæд зæлынад фæтыхджындæр вæййы. Тыхджындæрæй йæ уымæн хъусæм, æмæ махæй алчи дæр кæй архайы хъазты, архайæм иумæ, бирæйæ.

– Чи у уæдæ тыхджындæр, иу адæймаг æви бирæ адæм?

*6. Ахуыргæнæг:* Дарддæр нæ ныхас кæронмæ ахæццæ кæнæм. Байхъусут-ма Дауыраты Зойæйы чысыл æмдзæвгæмæ *(Æмдзæвгæ дзургæйæ, æвдыст цæуынц слайдтæ)*

Алцы – хайгай.
– Мæкъуыл, куыд амад дæ?
– Халгай…



– Денджыз, куыд сæвзæрдтæ?
– ’Ртахгай…



– Мæсыг, куыд арæзт дæ?
– Дургай…



– Дуне, куыд кæнгæ дæ?
– Мургай…



– Æмбонд, куыд бийгæ дæ?
– Уисгай…



– Хъисын, куыд уафгæ дæ?
– Хъисгай…



– Буар, куыд арæзт дæ?
– Уæнггай…



– Лæппу, куыд байрæзт дæ?
– Бонгай…



*Ахуыргæнæг:* Æцæгæй дæр афтæ у царды. Алцы дæр арæзт у мургай, халгай, æртахгай, хъисгай, дургай, бонгай… ***Чысылæй стыр рæзы*** – нæ бон у ахæм хатдзæг скæнын.

*III. Урочы хатдзæг:*

– Цæуыл нæ ахуыр кæны ацы æмбисонд?

– Цы ис æрæмысæггагæй тексты? (дон дзургæ нæ кæны)

– Æнæуд предметтæ адæймагау дзургæ кæм фæкæнынц, уыцы уацмыс куыд хонæм? (аргъау)

– Уырыссаг æвзаджы та цавæр æмбисонд зонут аргъауы тыххæй? (Сказка ложь, да в ней намёк – добрым молодцам урок)

– Уæдæ нæ абоны урочы цы æмбисонд-аргъауимæ базонгæ стæм, уый кæд асæй чысыл у, уæддæр дзы базыдтам бирæ диссæгтæ.

– Нæ абоны урокæй уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис?

*Хæдзармæ куыст:*

1. Æмбисонды текст аив кæсын зонын.
2. Уæ нанатæ æмæ дадатæн радзурут, нæ урочы æрмæгæй цы бахъуыды кодтат, уый.
3. Æмбисонды текстмæ гæсгæ сныв кæнут фурд æмæ чысыл дон.

# НÆХИ ЦÆТТÆ КÆНÆМ АТТЕСТАЦИМÆ

***Куыдзойты Анжелæ,***
фил. наук. кандидат,
Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ирон æвзаджы теорийы кафедрæйы сæргълæууæг

## 2010 АЗЫ АТТЕСТАЦИОН ÆРМÆДЖЫТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

*1. Æмхъæлæсонтæ вæййынц:*

а) зылангонтæ, æзылангонтæ æмæ сонорontæ

æ) зылангонтæ, сонорontæ æмæ сыбырттонтæ

б) зылангонтæ æмæ æзылангонтæ

в) æзылангонтæ, сыбырттонтæ æмæ зыхъыронтæ

*2. Сонорон æмхъæлæсонтæ сты:*

а) Л, М, Н, Р

æ) В, Ф, Г, К

б) С, Ф, Х

в) Й, Л, М, Н, Р, У

*3. Æмхъæлæсонты ассимиляци у:*

а) æмхуызонкæнынад

æ) алыхуызонкæнынад

б) дывæркæнынад

в) рахауд

*4. Æмхъæлæсонты ассимиляци вæййы:*

а) æххæст æмæ æнæххæст, прогрессивон æмæ регрессивон

æ) æрмæст æнæххæст прогрессивон

б) æрмæст æнæххæст регрессивон

в) æрмæст æххæст кæнæ æнæххæст прогрессивон

*5. Æмхъæлæсон мырты ивд кæрæдзи бынæттæм дзырды мидæг хуыйны*

а) редукци

æ) ассимиляци

б) метатезæ

в) протезæ

*6. Ирон æвзаджы цавд у*

а) тыхджын динамикон

æ) лæмæгъ динамикон

б) музыкалон

в) бæрцон

*7. Ирон æвзаджы цавд хауы*

а) алы сæрмагонд дзырдыл дæр

æ) алы дзырдбастыл дæр хицæнæй

б) хъуыдыйады æрмæст иу дзырдыл

в) бæлвырд дзырдты къордтыл

*8. Дыгурон диалекты нæй:*

а) хъæлæсон У

æ) хъæлæсон Ы

б) æмхъæлæсонтæ Хъ æмæ Дж

в) æмхъæлæсон Ч

*9. Æмхъæлæсонтæ К, Г, Къ хъæлæсонтæ Е, И, Ы-йы размæ рахизынц Ч, Дж, Чъ-мæ*:

а) дыгурон диалекты

æ) ирон æвзаджы æппæт ныхасыздæхтыты дæр

б) ирон диалекты

в) иу диалекты дæр нæ рахизынц

*10. Ирон орфографийы бындуры ис ахæм принциптæ:*

а) фонетикон æмæ традицион

æ) традицион, морфологион æмæ бадзырдон

б) морфологион æмæ бадзырдон

в) фонетикон, бадзырдон, морфологион æмæ традицион

*11. Ирон дзырдтæн сæ фылдæр фыст цæуынц ахæм принциптæм гæсгæ:*

а) фонетикон æмæ традицион

æ) традицион æмæ морфологион

б) морфологион æмæ фонетикон

в) бадзырдон æмæ традицион

*12. Фыццаг ирон мыхуыргонд чиныг (1798 аз) фыст у ахæм шрифтæй:*

а) глаголицæ

æ) кириллицæ

б) латинаг

в) гуырдзиаг «хуцури»

*13. Лексикологи у:*

а) дзырдуæттæ аразыны тыххæй ахуырад

æ) дзырдарæзты фæрæзтæ æмæ хуызты тыххæй ахуырад

б) æвзаджы дзырдты тыххæй ахуырад

в) сæрмагонд нæмтты тыххæй ахуырад

*14. Æвзаджы пассивон фондмæ хауынц*

а) синонимтæ, антонимтæ, омонимтæ

æ) архаизмтæ, историзмтæ, неологизмтæ

б) архаизмтæ, неологизмтæ

в) историзмтæ, омонимтæ

*15. Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ сты*

а) разæвæрд, фæсæвæрд, хайыг, бæттæг

æ) разæвæрд, фæсæвæрд, бæттæг

б) бæттæг, хайыг, номивæг, æвастхъæр

в) бæттæг, хайыг, разæвæрд, фæрсдзырд

16. Мивдисæджы номон формæтæ сты:

а) миногон, фæрсдзырд

æ) миногми, фæрссагми

б) миногми, инфинитив

в) пассивон здæхт, каузативон здæхт

*17. Мивдисæгæн ис:*

а) дыууæ бындуры

æ) æртæ бындуры

б) иу бындур

в) цыппар бындуры

*18. Сæ кондмæ гæсгæ мивдисджытæ вæййынц*

а) хуымæтæг æмæ вазыгджын

æ) хуымæтæг, вазыгджын æмæ амад

б) хуымæтæг æмæ амад

в) вазыгджын æмæ амад

*19. Вазыгджын формæ ис*

а) вазыгджын мивдисджытæн

æ) хуымæтæг мивдисджытæн

б) хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæн

в) уый у мивдисæджы хицæн хуыз

*20. Фæрсдзырды категориалон нысаниуæг у:*

а) предметы миниуæг

æ) архайды миниуæг

б) миниуæджы миниуæг

в) архайды бæрц

*21. Дзырдбасты компоненттæ арæзт сты:*

а) æрмæст сæрмагонд дзырдтæй

æ) иу сæрмагонд æмæ иу æххуысгæнæг дзырдæй

б) сæрмагонд æмæ æххуысгæнæг дзырдтæй

в) æрмæст æххуысгæнæг дзырдтæй

*22. Дзырдбасты компоненттæ баст сты*

а) домгæ бастдзинадæй

æ) домгæ æмæ бабæтгæ бастдзинадæй

б) бабæтгæ бастдзинадæй

в) бабæтгæ, домгæ æмæ æнæбæттæг бастдзинадæй

*23. Дзырдбаст аразынц*

а) иу сæйраг æмæ дæлбар дзырд (тæ)

æ) синтаксисон æгъдауæй æмбар дзырдтæ

б) æрмæст дæлбар дзырдтæ

в) хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ

*24. Ирон æвзаджы ис домгæ бастдзинады ахæм хуызтæ*

а) æмбаст, æмарæзт, æфтыдад

æ) тыхджын æмæ лæмæгъ æмарæзт

б) æмбаст æмæ æфтыдад

в) æмарæзт (тыхджын æмæ лæмæгъ) æмæ æфтыдад

*25. Дзырдбæстытæ вæййынц*

а) номон æмæ мивдисæгон

æ) номон, номивæгон, фæрсдзырдон

б) мивдисæгон, фæрсдзырдон, номивæгон

в) номон, мивдисæгон, фæрсдзырдон.

*26. Дзырдбасты компонентты æхсæн сæвзæрынц ахæм ахастытæ:*

а) объектон, субъектон

æ) бæрæггæнæн, объектон, фадатон, субъектон

б) бæрæггæнæн, объектон

в) субъектон, фадатон

*27. Загъды нысанмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ вæййынц:*

а) таурæгъон, фарстон, хъæрон

æ) хъæрон æмæ æнæхъæрон

б) таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн

в) æппæрццæг, фидаргæнæг

*28. Хуымæтæг хъуыдыйад вазыгджынгонд вæййы*

а) æндæр хуымæтæг хъуыдыйадæй

æ) бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæй

б) хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæй

в) бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæй, хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæй, алыхуызон здæхтытæй

*29. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады бæттæг*

а) æвæрд вæййы дыккаг хайы æмæ у уыцы хайы компонент

æ) æвæрд вæййы фыццаг хайы кæроны æмæ у уыцы хайы компонент

б) æвæрд вæййы дыууæ хайы æхсæн æмæ нæу иу хайы компонент дæр

в) æвæрд вæййы дыууæ хайы æхсæн, фæлæ у дыккаг хайы компонент

*30. Домгæвазыгджын хъуыдыйады бæттæг (бæттæг дзырд)*

а) æвæрд вæййы сæйраг хайы æмæ у уый структурæйы элемент

æ) æвæрд вæййы хайы æмæ у йæ структурæйы компонент

б) æвæрд вæййы уæлæмхæст хайы, фæлæ иумæйаг у дыууæ хайæн дæр

в) æвæрд вæййы сæйраг хайы, фæлæ иумæйаг у дыууæ хайæн дæр

***Раст дзуæппытæ:***

1) б; 2) в; 3) а; 4) а; 5) б; 6) æ; 7) в; 8) æ; 9) б; 10) в; 11) б; 12) æ; 13) б; 14) æ;

15) а; 16) æ; 17) æ; 18) а; 19) æ; 20) æ; 21) б; 22) а; 23) а; 24) в; 25) в; 26) æ; 27) б; 28) в; 29) б, 30) æ

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

***Дзуццаты Риммæ,***
Змейкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнæг

## ТЕСТЫТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ (5-æм кълас)

*1. Ссарын зылангон æмхъæлæсон мыртæ:*

а) в; б) з; г) ч;
æ) п; в) г; гъ) р;

*2. Бацамонын æмуидаг дзырдтæ:*

а) лæг; в) кафæг;
æ) хæдзар; г) лæгау; д) дзурæг.
б) лæгдзинад; гъ) фыссæг;

*3. Ссарын, разæфтуан кæм нæй, уыцы дзырд:*

а) кадджын; б) бацæуы;
æ) фæкæсæг; в) æмбалдзинад.

*4. Кæрон раст хицæнгонд кæцы дзырды нæу?*

а) къона*йыл*; б) мади*мæ*;
æ) коммæ*гæсмæ*; в) фыдыбæстæ*йы*.

*5. Лæвæрд схемæмæ гæсгæ кæцы дзырд арæзт у?* ¬ ⌒ ^ ▭

а) змæлæг; б) æмбалдзинадæн;
æ) æрбадзурæг; в) æфсæрмæй.

*6. Уæнгтыл раст дих кæцы дзырд не ’рцыди?*

а) а-хæм; б) а-хиз;
æ) æ-ртæ; в) аст-æй.

*7. Цавд раст æвæрд кæцы уæнгыл нæу?*

а) са́гъæс; б) хǽрзад;
æ) пи́рæн; в) сыма́х.

*8. Иу дзырд раст фыст не ’рцыд, ссар æй:*

а) æрласын; б) аллæууын;
æ) адджын; в) лæгтæ.

*9. Мыртæ æмæ дамгъæты нымæц кæцы дзырды нæу æмхуызон?*

а) хæдзар; б) æфсарм;
æ) чиныг; в) бæстæ.

*10. Горæтты нæмттæ алфавитмæ гæсгæ кæцы рæнхъы фыст сты*

а) Дигора, Алагир, Беслæн, Мæздæг, Æрыдон, Дзæуджыхъæу

æ) Алагир, Æрыдон, Беслæн, Дигора, Дзæуджыхъæу, Мæздæг

б) Æрыдон, Беслæн, Мæздæг, Алагир, Дзæуджыхъæу, Дигора

в) Алагир, Æрыдон, Дигора, Беслæн, Мæздæг, Дзæуджыхъæу.

*11. Лæвæрд хъуыдыйады цал вазыгджын дзырды ис?*

«Йæ райгуырæн кæртыл стырзæрдæ чи уа, уымæн нæдæр йæ хъæубæстæ, нæдæр Ирыстон бауарзын бауыдзæн йæ бон».

а) 2; æ) 1; б) 4; в) 3.

*12. Ærхæцæн нысæнттæ раст æвæрд кæцы хъуыдыйады не сты?*

а) Хур зымæг дæр фæкæсы, фæлæ тавгæ нæ фæкæны.

æ) Булæмæргъ йæ ахстон кæны зæххыл хъæрццыгъа та, бæрзонд ран.

б) Зæрватыччытæ, сауцъиутæ хъарм бæстæм тæхынц балгай.

*13. Хъуыдыйады бындур сты*

а) æххæстгæнæн, сæйрат;

æ) сæйрат, бæрæггæнæн;

б) æххæстгæнæн, бæрæггæнæн;

в) сæйрат, зæгъинаг.

*14. Дзырдтæй номдартæ кæцытæ сты?*

а) агъуыст; б) згъорын; г) фынддæс.

æ) урс; æ) æгъдау;

*15. Дзырдбæстытæ не сты*

а) дыууын дыуунæ;

æ) цин кæнæм дæуыл;

б) кусын скъолайы;

в) æнхъæлмæ кæсын.

*17. Бирæон нымæц раст арæзт кæм не 'рцыд?*

а) ахуырдзаутæ;

æ) мадтæ;

б) мæйтæ;

в) стъæлттæ;

г) чингуытæ.

*18. Ссар рæдыд:*

а) æргътæ;

æ) сарæзта;

б) мæргътæ;

в) сæхтæ.

*19. Хауæны фæрстытæ раст кæм не сты?*

а) номон – чи? цы?

æ) арæзтон – кæмæ? цæмæ? кæдæм?

б) иртæстон – кæимæ? цæимæ?

в) хуызæнон – кæйау? цæйау?

*20. Антоним раст кæцы къорды нæу?*

а) æфсæст – стонг;

æ) хъæздыг – бонджын;

б) æгад – кадджын;

в) хъæбатыр – тæппуд.

*21. Кæцы дзырдтæ нæ фыссæм дывæргонд æмхъæлæсонтимæ?*

а) ны…симын;

æ) ны…зарын;

б) ны…рвитын;

в) ны…схойын.

*22. Хъуыдыйады цал къæдзыджы хъæуы сæвæрын?*

«Уарзын дæ мæ зынаргъ Ирыстон мæ фыдæлты зæхх æнæкæрон уарзтæй».

а) 2; æ) 3; б) 4; в) 5.

*23. Лæвæрд хъуыдыйæдтæй хуымæтæг кæцы у?*

а). Хур аныгуылди, фæлæ ма йæ тынтæ хъазыдысты арвыл.

æ). Дымгæ ратоны бæлæстæй сыфтæртæ, уæлдæфы сæ рахæсс – бахæсс кæны.

б). Сæхи фæхонынц бирæтæ уæздан, фæлæ сæм иу уæздан ми нæ вæййы.

в). Хæст фæци, æмæ адæм сæ хæдзæрттæм здæхын райдыдтой.

*24. Сæйраг уæнгтæ раст бæрæггонд кæцы хъуыдыйады не сты?*

а). *Мæргътæ ратахтысты* сæ ахстæттæй.

æ). *Адæм* зæрдиагæй *хъуыстой* ныхасгæнæгмæ.

б). Раджы уæйыгмæ *лæскъдзæрæн* иу мæгуыр лæг *цард*.

*25. Ærмæст сæйраг уæнгтæй арæзт хъуыдыйад хуыйны:*

а) вазыгджын хъуыдыйад;

æ) хуымæтæг даргъ хъуыдыйад;

б) хуымæтæг цыбыр хъуыдыйад.

*26. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ сæйрæттæ кæцыйы сты?*

а). Зонд æмæ Амонд балцы фæцыдысты.

æ). Мах куыстам сабыргай, фæлæ бæстон.

б). Ирон адæм æууæндыдысты сæхи дзуæрттæ æмæ дауджытыл.

## ТЕСТЫТÆ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ (5-æм кълас)

1. Фольклор у
а) адæмы сконд аивад;
æ) адæмон дзургæ сфæлдыстад;
б) алыхуызон темæтыл фыст уацмысты æмбырдгонд.

2. Цавæр æвзагæй ист у дзырд фольклор?
а) бердзенаг; æ) латинаг;
б) англисаг; в) уырыссаг.

3. Чи у фольклорон уацмысты автор?
а) поэт; æ) кадæггæнæг;
б) зарæггæнæг; в) адæм.

4. Уыци-уыци у
а) сывæллæтты хъазт;
æ) фольклорон жанр;
б) цыбыр цыргъзонд радзырд, кæцы домы дзуапп.

5. Адæмон сфæлдыстадмæ нæ хауынц
а) аргъау; æ) æмдзæвгæ;
б) æмбисонд; в) радзырд.

6. Аргъау «Фаззæттæ»-йы хъайтартæ сты
а) Сауи; æ) Сарт;
б) Будзи;
в) Хъæхæр æмæ Хъæхæрман.

7. Нарт фосгæс арвыстой
а) Сосланы; æ) Уырызмæджы;
б) Батрадзы; в) Хæмыцы.

8. Нарт фосгæс равзарыны тыххæй скодтой
а) чындзæхсæв; æ) куывд;
б) хъазт; в) æмбырд.

9. Нарты куывды кувæггаг райста
а) Батрадз; æ) Уырызмæг;
б) Хъулонзачъе Уæйыг.

10. Кувæггаг уыд
а) æхца; æ) сызгъæрин;
б) æртæ гуыдыны æмæ галы сгуы.

11. Сатана Батрадзмæ арвыста
а) бæлоны; æ) цæргæсы;
б) хъæрццыгъайы; в) зæрватыччы.

12. Куыд баххуыс кодта Батрадзæн йæ бæх?
а) хохмæ йæ фехста;
æ) йæ ауuон æй акодта;
б) фурды астæумæ йæ фехста.

13. Аргъау «Фаззæттæ»-йы æфсымæртæм сырдтæ цал къайы уыди?
а) æртæ; æ) цыппар;
б) фондз; в) æхсæз.

14. Сарт уыдис
а) паддзах; æ) тыхгæнæг;
б) æлдар; в) зæхкусæг.

15. «Лæскъдзæрæн» у
а) радзырд; æ) æмдзæвгæ;
б) литаратурон аргъау;
в) фольклорон аргъау.

16. Аив литературæ цард æвдисы
а) ахорæнты руаджы;
æ) аив фæлгонц дзырды руаджы;
б) историон цауты руаджы.

17. Аргъау «Раст лæг æмæ зылын лæг»-ы зылын лæг раст лæгæн цы ми бакодта?
а) ралыг ын кодта йæ хъус;
æ) райста йын йæ худ;
б) ралыг ын кодта йе 'нгуылдз;
в) скъахта йын йæ цæстытæ.

18. Аргъауы цау кæнæ хабар цалдæр хатты фыссын хуыйны
а) абарст; æ) фæлхатæн;
б) сурæт; в) фæсномыг ныхас.

19. «Лæскъдзæрæн»-ы уæйыг фестади
а) дур; æ) цъиу;
б) бæлас; в) кæсаг.

20. «Лæскъдзæрæн»-ы мæгуыр лæг уæйыгыл фæуæлахиз
а) тыхы руаджы;
æ) йæ дзырдарæхсты руаджы;
б) мулчы руаджы;
в) йе 'мбалы руаджы.

***Куыдзойты Анжелæ,***
фил. наук. кандидат,
Цæгат Ирыстоны паддзахадон
педагогон институты ирон æвзаджы
теорийы кафедрæйы сæргълæууæг

# КОНТРОЛОН КУЫСТЫТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ 11-æм КЪЛАСÆН

*1. Рафыссут скъуыддзагæй:*

1) мивдисæг æбæлвырд формæйы;
2) мивдисæг бадзырдон здæхæны;
3) мивдисæг фæдзæхстон здæхæны;
4) цæсгомон номивæг цыбыр формæйы;
5) цæсгомон номивæг æххæст формæйы;
6) хайыг.

*Мæлæн дын нæй, мæ фыдæлты æвзаг, –*
*Дæ зæронд мад у ацы зæххы къори,*
*Æмæ куы сæфай (ма зæгъæд ызнаг), –*
*Дæуимæ сæфы дунейы истори!*
*(Хаджеты Таймураз)*

*2. Фæбæрæг кæнут раст хъуыдытæ.*

1. Ирон æвзаг хауы кавказаг æвзæгты къордмæ.

2. Ирон æвзаг хауы индоевропæйаг æвзæгты ирайнаг къордмæ.

3. Ирон æвзаджы ис бирæ диалекттæ: ирон, дыгурон, дзауаг, чысайнаг, туаллаг, уæллагкоймаг æ.æнд.

4. Ирон æмæ дыгурон диалекттæ аразынц иумæйаг ирон æвзаг.

5. Дзауаг, чысайнаг, туаллаг, уæллагкоймаг сты ирон диалекты ныхасыздæхтытæ.

6. Ирон æвзаджы фыццаг грамматикæ фыст æрцыдис мин фарастсæдæ æвддæсæм азы.

7. Фыццаг мыхуыргонд ирон чиныг рацыдис мин авдсæдæ нæуæдз æстæм азы Мæскуыйы.

8. Фыццаг ирон грамматикæйы автор у уæрæсейаг ахуыргонд Андрей Шегрен.

9. Фыццаг ирон мыхуыргонд чиныг йæ мидисмæ гæсгæ у зонадон уацты æмбырдгонд.

10. «Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат» сарæзта

а) Гуыриаты Тамерлан;
æ) Абайты Васо;
б) Багаты Никъала;
в) Тахъазты Харум.

*3. Ссарут æмæ сраст кæнут рæдыдтытæ.*

Зымæджы фыдзцаг къахцæвтæ фæзынынц алы хъæумæ дæр, уыны сæ алы цæрæг дæр, фæлæ æвцæгыл бæхфæндаг нал ис, уый фехъыстой адæм фыдзцаг хат Дзаххойæ. Иугæр зæх куы нысæлы, йæ уæлцъарыл тæнæг их куы фæзыны, уæд йыл бæхы къæхтæ нал хæцынц æмæ тæссаг у фыд былызæй. (Дзесты К.)

*4. Рафыссут скъуыддзагæй:*

1) дыууæ мивдисæгон дзырдбасты;
2) дыууæ номон дзырдбасты;
3) дыууæ вазыгджын дзырдбасты;
4) хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйад;
5) æнæххæст хъуыдыйад;
6) вазыгджын хъуыдыйад.

Андрей Михаилы фырт Шёгрен (1794-1855) – академик, уæрæсейаг ахуыргонд, æвзæгтæ иртасæг. Дыууæ азы фæцардис Кавказы, сахуыр кодта ирон æвзаджы диалекттæ. Йе стыр зонадон куыст «Ирон æвзаджы грамматикæ» мыхуыры рацыдис 1844 азы Бетъырбухы. Ацы чиныг ссис фидар бындур ирон æвзагзонынады рæзтæн. Абайты Васо ахæм стыр кад кодта А. Шёгрены куыстæн, æмæ ацы ахуыргонды схуыдта «ирон æвзагзонынады корифей».

*5. Сæвæрут æрхæцæн нысæнттæ.*

Алы заманты нæ фыдæлтæ æмбæлдысты бирæ æндæр адæмтимæ æмæ уый фæзындис не 'взагыл дæр Йæ бындур æнæмæнг ирайнагæй баззадис фæлæ йыл фæзындис æндæр æвзæгты тæваг дæр Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ ирон æвзаджы нырыккон уавæры бæлвырдæй зыны славянаг гермайнаг балтиаг кельтаг æвзæгты æндæвдад Уæлдай тынгдæр та ирон æвзагыл фæзындис кавказаг æвзæгты архайд йæ иуæй-иу фонетикон лексикон æмæ грамматикон миниуджытæм гæсгæ не 'взаг тынг хæстæг у кавказаг адæмты æвзæгтæм Ууыл дзурæг сты зæгъæм хурхон æмхъæлæсонтæ къ, пъ, тъ, цъ, чъ «кавказаг» нымады системæ (ссæдзгæйттæй) агглютинативон тасындзæг хауæнты нымæц кавказаг æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдты нымæц æ æнд Æстдæсæм æнусæй фæстæмæ Ирыстон Уæрæсеимæ куы баиу ис уæд ирон æвзагыл тынгдæр зынын райдыдта уырыссаг æвзаджы æндæвдад

*6. Фæбæрæг кæнут хъæугæ дамгъæ (тæ).*

Мæ цæс (т/д) ытæ куы ба (й/и) гом ко (дд/дт/тт) он, уæд мæм хæрзæ (кк/гк/гг) урæ (гг/кк/гк) аг фæци хуры тын. Æвæ (дздз/цц/дзц) æгæн, мæ уатыл бирæ фæхъазыд: йæ рагъы нуæр (дт/тт) ыл тылди, хъæ (дзц/дздз/цц) улы дыдæ (х/гъ) тыл фæрагæ (п/бб/пп) – багæ (п/бп/пп) кодта, сынтæджы иу æрдынæй иннæ æрдынмæ йæхи ивæ (с/з) та. Бафæллад, бастад. Фæстаг ха (тт/т/дт) (у/уы) лæфынмæ стылд мæ цæсгоммæ. Фы (дздз/дзц/цц) аг мæ иу цæстмæ бакаст, стæй мæ иннæмæ æмæ мæм бадзырдта: «Дæ райсом хорз! Дæ райсом хорз! Уæлæмæ сыс (д/т)!» (Гаглойты Ф.)

*7. Равзарут дзырдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ.*

Бахсыстис, фæцæудзæнис, бахъахъхъæдта, æрымысгæ, райгуырæн, æвæстаг, зæрдæмæдзæугæ.

*8. Лæвæрд дзырдтæй саразут алы афонты миногмитæ; фæбæрæг кæнут миногмиты фæсæфтуантæ.*

Пайда кæнын, уарзын, фесафын, хъазын, бауромын, æрвитын.

*9. Бакæсут хъуыдыйад æмæ йæ равзарут:*

1) сæвæрут æрхæцæн нысæнттæ;

2) равзарут хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ;

3) сбæрæг кæнут хъуыдыйады хуыз:

а) загъды нысанмæ гæсгæ (таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн);

æ) эмоционалон ахуырстмæ гæсгæ (хъæрон, æнæхъæрон);

б) арæзтмæ гæсгæ (хуымæтæг цыбыр, хуымæтæг даргъ, хуымæтæг вазыгджынгонд, бабæтгæвазыгджын, домгæвазыгджын, æнæбæттæг вазыгджын).

4) Саразут хъуыдыйадæн схемæ.

*Куы хæссай зæрдæйы æмбуар*
*Ды Иры сагъæстæй конд чиныг*
*Уæд нæй тæппуд уæвынæн бар*
*Уæд нæй мæлæтдзаг хæсты чиуæн.*
*(Дзаболаты Х.)*

*10. Ссарут тексты, ахæсгæ нысаниуæджы цы дзырдтæ æмбæлынц, ахæмтæ; æртæ дзырдæн бамбарын кæнут сæ комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ.*

Ирон дзырд

Абайты Васойæн

Цы удвидар басгуыхт нæ дзырды фарн,
уастæн! –
Мæ уарзт мын, мæ маст мын æнусты
фæхаста.
Фыстой йæ сæрмæттæ, уæд скифтæ сæ
фаттæй,
Сæ бæхты цæфхæдтæн сæ цъæхснаг
цæхæртæй.
Йæ дардыл хæтæнтæ – Дон, Днепры
гуылфæнтæ,
Йæ фарны кæлæнтæ – Донбеттырты
сæнттæ.
…Æвæрдтой йыл цъутта æрцæуæг
хæддзутæ,
Цыфыддæр фыдгултæ: агуыр уа,
фыдгуннтæ.
Рæхуыстой йæ арцæй, фæлвæрдтой йæ
артæй,

Æхстой йæ мæнгардæй гадзрахаты фатæй.
Æппæрстой йæ хъоргъы – куыд баззайа рохы.
Йæ цот æй фыдохы ныууагътой-иу рохы.
Нæ басаст ирон дзырд – куырыхонæй номдзыд,
Тыхы бон хæстон уыд: нæ фегад нæртон цыт.
Æхсысти фæтыгау, куы буц уыд фæрныгау.
Къостайы цæстытæй æрттывта æрвыгау.
Уый ме ʻлгъыст, мæ ард у, мæ денджыз, мæ арв у.
Хъæуы мæ йæ арфæ йæ фæтæн, йæ арфы.
Куысты уа, фæдисы – мæ монц мын, мæ рис мын
Æвзæгты цæдисы бæрзонд фарнмæ сисы.
*(Хъодзаты Æхсар)*

*11. Бакæсут текст («Ирон дзырд»), бамбарын кæнут дзырдты нысаниуджытæ:* удвидар, уастæн, хæддзутæ.

*12. Ныффыссут дзырдтæн синонимтæ:* монц, цæдис, æрттивын, фыдгултæ, басæттын.

*13. Ныффыссут фразеологизмтæ дзырдтимæ:* фарн, гадзрахат, ард, æвзаг, маст.

14. Ратæлмац кæнут æмдзæвгæйы фыццаг цыппар рæнхъы уырыссаг æвзагмæ (прозæйæ; бафæлварут æмдзæвгæйы хайы сæйраг хъуыды равдисын).

**Раст дзуæппытæ**

| № | Раст дзуапп |
|---|---|
| 1. | 1) мæлæн, 2) сæфай, 3) зæгъæд, 4) дын, дæ, 5) дæуимæ, 6) нæй, ма |
| 2. | 2, 4, 5, 7, 8, 10-æм |
| 3. | Фыццаг, къахдзæфтæ, æфцæгыл, бæхвæндаг, фехъуыстой, фыццаг, зæхх, ныссæлы, ыл, фыдбылызæй. |
| 4. | Зæгъæм: 1) дыууæ азы фæцардис, фæцардис Кавказы, 2) уæрæсейаг ахуыргонд, æвзæгтæ иртасæг, 3) дыууæ азы фæцардис Кавказы, сахуыр кодта ирон æвзаджы диалекттæ, 4) 1-аг, 3-аг кæнæ 4-æм хъуыдыйæдтæ, 5) 2-аг хъуыдыйад, 6) 5-æм хъуыдыйад. |
| 5. | Алы заманты нæ фыдæлтæ æмбæлдысты бирæ æндæр адæмтимæ, æмæ уый фæзындис не ʼвзагыл дæр. Йæ бындур, æнæмæнг, ирайнагæй баззадис, фæлæ йыл фæзындис æндæр æвзæгты тæваг дæр. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, ирон æвзаджы нырыккон уавæры бæлвырдæй зыны славянаг, германаг, балтиаг, кельтаг æвзæгты æндæвдад Уæлдай тынгдæр та ирон æвзагыл фæзындис кавказаг æвзæгты архайд: йæ иуæй-иу фонетикон лексикон æмæ грамматикон миниуджытæм гæсгæ не ʻвзаг тынг хæстæг у кавказаг адæмты æвзæгтæм. Ууыл дзурæг сты, зæгъæм, хурхон æмхъæлæсонтæ къ, пъ, тъ, цъ, чъ, «кавказаг» ныматы системæ (ссæдзгæйттæй), агглютинативон тасындзæг, хауæнты нымæц, кавказаг æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдты нымæц æ. æнд. Æстдæсæм æнусæй фæстæмæ, Ирыстон Уæрæсеимæ куы баиу ис, уæд ирон æвзагыл тынгдæр зынын райдыдта уырыссаг æвзаджы æндæвдад. |
| 6. | Мæ цæс (**т**/д) ытæ куы ба (**й**/и) гом ко (дд/**дт**/тт) он, уæд мæм хæрзæ (кк/гк/**гг**) урæ (**гг**/кк/гк) аг фæци хуры тын. Æвæ (дздз/**цц**/дзц) æгæн, мæ уатыл бирæ фæхъазыд: йæ рагъы нуæр (дт/**тт**) ыл тылди, хъæ (дзц/дздз/**цц**) улы дыдæ (х/**гъ**) тыл фæрагæ (п/бб/**пп**) – багæ (п/бп/**пп**) кодта, сынтæджы иу æрдынæй иннæ æрдынмæ йæхи ивæ (с/**з**) та. Бафæллад, бастад. Фæстаг ха (**тт**/т/дт) (**у**/уы) лæфынмæ стылд мæ цæсгоммæ. Фы (дздз/дзц/**цц**) аг мæ иу цæстмæ бакаст, стæй мæ иннæмæ æмæ мæм бадзырдта: «Дæ райсом хорз! Дæ райсом хорз! Уæлæмæ сыс (д/**т**)!» (Гаглойты Ф.) |

| | |
|---|---|
| 7. | Р – разæфтуан, У – уидаг, Ф – фæсæфтуан, К – кæрон. Бахсыстис (Р: ба-, У:хсы, Ф:ст, К:ис), фæцæудзæнис Р:фæ-, У:цæу, Ф:дзæн, К:ис), бахъахъхъæдта (Р: – ба-, У:хъахъхъæ, Ф:д, К:та), æрымысгæ (Р:æр-, У:мыс, Ф:гæ, ы-иугæнæг хъæл.), райгуырæн (Р: ра-, У:гуыр, Ф:æн, й-бавæргæ æмхъ.), æвæстаг (Р:æ, У:вæст, Ф:аг), зæрдæмæдзæугæ (У:зæрдæ, К:мæ, У:дзæу, Ф:гæ). |
| 8. | Пайда кæнын – пайдагонд; пайдагæнаг, пайдагæнæг; пайдагæнинаг; уарзын – уарзт; уарзаг, уарзæг; уарзинаг; фесафын – фесæфт; фæсафæг, фесафаг; фесафинаг; хъазын – хъазт; хъазаг, хъазæг; хъазинаг; бауромын – баурæд; бауромаг, бауромæг; бауроминаг; æрвитын – æрвыст; æрвитаг, æрвитæг; æрвитинаг. |
| 9. | *Куы хæссай зæрдæйы æмбуар Ды Иры сагъæстæй конд чиныг, Уæд нæй тæппуд уæвынæн бар, Уæд нæй мæлæтдзаг хæсты чиуæн.* Таурæгъон, æнæхъæрон, домгæвазыгджын (дыууæ сæйраг хайы æмæ иу уæлæмхæст хай) (куы), [уæд], [уæд]. |
| 10. | Зæгъæм: дзырды фарн удвидар басгуыхт (ома тыхджын разындис), дзырды фарны хæтæнтæ (ома дзырд дæрдтыл хъуыстис, æвзаг парахат уыдис), æвæрдтой йыл цъутта æрцæуæг хæддзутæ (ома æвзаг фесафынмæ тырныдтой); сæ комкоммæ нысаниуджытæ: удвидар басгуыхын – удыхъæдæй тыхджын уæвын (адæймаджы тыххæй), хæтæнтæ – хæстон кæнæ æндæр балцы бынæттæ, цъутта æвæрын – цæмæй дзых байгомгæнæн ма уа, ахæм дзаумайæ пайда кæнын. |
| 11. | Удвидар – удыхъæдæй фидар, тыхджын; уастæн – уæвгæ; æвæдза; хæддзутæ – æнæхонгæйæ æрцæуджытæ |
| 12. | Монц – фæндон, тырнындзинад; цæдис – иугонд; æрттивын – цæхæртæ калын, тæмæнтæ калын; фыдгултæ – знæгтæ; басæттын – фæуæлахиз уæвын. |
| 13. | Фарн: адæмы фарн бирæ у; фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы, фæрнæйдзаг у; гадзрахат: гадзрахатæй цæуын; ард: ард хæрын, ард æй басудзæд; æвзаг: адæймаг цал æвзаджы зоны, уал лæджы у; маст: масты фæдыл цæуын æ.æнд. |
| 14. | Цы удвидар басгуыхт нæ дзырды фарн, уастæн! –<br>Мæ уарзт мын, мæ маст мын æнусты фæхаста.<br>Фыстой йæ сæрмæттæ, уæд скифтæ сæ фаттæй,<br>Сæ бæхты цæфхæдтæн сæ цъæхснаг цæхæртæй.<br>Зæгъæм: Как же велика (сильна) оказалась благодать нашего слова! Мою любовь, мою скорбь (тревогу, боль…) пронесло оно (т.е.слово) через века (столетия). Писали его сарматы, да и скифы своими стрелами, яркими искрами от подков своих коней. |

***Гæззаты Татьянæ,***
Æрхонкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнæг

# ОЛИМПИАДОН ФÆРСТЫТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

## 7- æм кълас

*1. Дзырдтæй равзар антонимтæ*

а) тыхджын хъæддых
æ) рæсугъд аив
б) хæрзконд фыдконд
в) стыр егъау

*2. Фразеологион дзырдбаст у*

а) Афтид голлаг хъил нæ лæууы.
æ) Æдых адæймаджы бон бирæ нæу.
б) Цæваг галæн йæ сыкъа сæтты.
в) Зæрдæ йæхи къултыл хоста.

*3. Цавæр ныхасы хæйттæ сты лæвæрд дзырдтæ?*

Сæрибардзинад –
Хæларад –
Дæхимæ –
Бæллын –
Тар –
Фарон –
Кæугæ-кæуын –
Кæрдинаг –

*4. Дзырдты цухгонд дамгъæтæ бафысс*

Дон…ау, сырх…арс, тæлмац…æнæг, фæндыр…æгъдæг, кæр…тæ, хæлæр…тæ, балхæ…та, су…дзынæ, сцæйхы…т.

*5. Сараз дзырдбæстытæ «мивдисæг + цæсгомон номивæг»*

Бафарста –
Раппæлыд –
Балæвар кодта –
Балымæн –
Æрныхас кодтой –
Бацыд –

*6. Мивдисджытæй бæллицаг здæхæны сты*

а) цин кæнын
æ) цæуон
б) уидзин
в) уарзын

*7. Дзырдты лексикон нысаниуджытæ бамбарын кæн*

Хонæг
Дондзау
Сугсæттæг
Фосгæс
Кæркдон

*8. Дзырдтæ ратæлмац кæн ирон æвзагмæ*

Коршун –
Воробей –
Тур –
Подснежник –
Липа –

*9. Цæугæ мивдисджытæ сты*

а) уарзын
æ) цæрын
б) худын
в) базыдта

*10. Æмбисонды хъуыды райхал цыбыр сочинени-тæрхæтты хуызы:*

«Хæдзары æгъдау хистæрæй цæуы».

## 8-æм кълас

1. *Текстæй раст рафысс, цухгонд дамгъæтæ цы дзырдты ис, уыдон. Нысангонд дзырдтæ морфемикон æвзæрст ракæн.*

*Мивдисджытæ афонтæм гæсгæ 3 къордæй рафысс, бацамон сын сæ цæсгом æмæ нымæц.*

Хъæдхой.

**Æртахт** хъæдхой. Йæ дзыхы – нæзыйы къуызыр. Батахт гæды бæласмæ æмæ йыл

абадт. Йæ цыргъ ныхтæй фидар ны…æцыд бæласы цъарыл. Йæ тых-йæ бонæй къахы къуызыры мы…æгтæ.

Кæсын хъæдхоймæ. Архайы тынг **арæх…джынæй**: йæхæдæг дæр æ…сæст, хъæдæн дæр пайда. Æппæт мы…æгтæ нæ аныхъуырдзæн хъæдхой. Бирæтæ дзы **ахаудзысты** зæ…мæ æмæ суа…ысты æвзартæ. Ныридæгæн дæр цас талатæ зыны миты бынæй! Уыдон и…ылдæр равзæрдысты, хъæдхойæн хæргæ-хæрын чи ахауд, уыцы мы…æгтæй. Ныр æз зонын: хъæдхой у хъæд фылдæр…æнæг.

2. *Фыццаг цæджындзы дзырдтæн сæ синонимтæ ссар иннæ дыууæ цæджындзы, рафысс сæ.*

| | | |
|---|---|---|
| хъæздыг | цырд | ныхджын |
| налат | дзыназын | исджын |
| тагъд | къæсхуыр | æдзæллаг |
| кæуын | ницæйаг | тæнтъихæг |
| мæллæг | бонджын | тъизын |
| æгуыдзæг | къæйных | рæвдз |

*3. Номивджытæ атасындзæг кæн:* ***æз, сæхæдæг.***

*4. Хъуыдыйады цухгонд æрхæцæн нысæнттæ сæвæр, синтаксисон æвзæрст æй ракæн. Алы дзырды сæрмæ дæр фæбæрæг кæн, цавæр ныхасы хай у, уый.*

Бирæ фæцардтæ бирæ фæкуыстай бирæ бынтæ фæкодтай дæ фæстагæттæн не ссардтай æрмæст дæхицæн дæ фæстаджы бонтæн иу æмгар иу хицон. *(Æрн.)*

*5. Лæвæрд дзырдтæй сараз хъуыдыйæдтæ, ныффысс сæ. Алы хъуыдыйады фæстæ дæр къæлæтты рафысс дзырдбæстытæ.*

1. Хæхты, йæ, зымæг, дзæмбытæ, бæрзæндтыл, урс, æрæвæрдта. *(Дз. К.)*

2. Уыгæрдæнты, рæгъæуттæ, сойджын, фосы, фырнæрдæй, къах, сæ, айсын, фæфæразынц, нал. *(Хъ. А.)*

3. Дарæсæй, Иры, сæхи, хъæдтæ, ног, уæлвæзтæ, сфæлыстой, быдыртæ, цъæх. *(Б. Г.)*

*6. Сараз дзырдбæстытæ:*
миногон + номдар
мивдисæг + мивдисæг
мивдисæг + фæрсдзырд
миногми + номдар
фæрссагми + мивдисæг
мивдисæг + номдар

*7. Ныффысс нымæцонтæ дзырдтæй:*
17, 918, 1819, 244

*8. Ранымай æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ.*

*9. Æрхъуыды кæн 2 хъуыдыйады: фыццаг – миниуæгæвдисæг миногонимæ, дыккаг – ахастæвдисæг миногонимæ.*

*10. Нысангонд дзырдтæ цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый бацамон.*

**Дыгай** чингуытæ, **æнæ** фыдæбонæй, **фалæрдыгæй** æрбацыд, **кæрæдзи** уарзынц, **фадинаг** сугтæ, **хъусынц** хистæртæм, **гъемардзæ,** магуса, **уæздан** адæм, уарзон **Ирыстон**, **нал** цæуæм, **лæугæйæ** хæры, хæдзары **фæстæ**, **æрмæст** иунæг хатт.

*11. Фразеологион дзырдбаст у*
а) Дзæгъæл фосы бирæгъ хæссы.
æ) Куыст – царды цин.
б) Ме ’мбалыл мæ зæрдæ дарын.
в) Хорз æмгар зын сахат сбæрæг вæййы.

*12. Кæцы дзырды ис рæдыд?*
а) садздзынæн
æ) хæцдзынæн
б) бæтдзынæн
в) кæрццынæн

*13. Хъуыдыйады уæнгтæ ахуыр кæны:*
а) морфологи
æ) лексикæ
б) синтаксис
в) фонетикæ

*14. Ныффысс цыбыр сочинени-тæрхæттæ ахæм темæйыл: «Æрдз – нæ дарæг».*

**9-æм къласс**

*1. Текст бакæс, сæргонд ын æрхъуыды кæн.*

1. Сырд…онцъиу рауа…та лæ…ынтæ æмæ сæ схъомыл кодта. 2. *Зымæг куы…æр ны…лæ…ыди а…тæ карз схъызыди æд… æмæ акæсæн нал уыди æмæ сыр…онцъиу йæ лæ…ынты хол…агдонмæ бако…а.* 3. Уым хосы сæр хуы…ыди гæды. 4. Цъиуты куы…æр ауы…а, а…тæ дзы иу ацахста æмæ йæ аскъæ…та. 5. Мад бирæ фæхъæр ко…та, фæлæ йæм гæды хъусгæ дæр нæ бако…а, стæй йе' ннæ лæ…ынтимæ атахтысты æндæр ранмæ.

6. Гæды цъиуæй бирæ фæхъазыди, йæ хъæбысы йæ бако…а æмæ æрфынæй. 7. Цъиу уый базонгæйæ уыциу гæп… аласта æмæ хуын…ы смидæг ис.

*8. Гæдыйыл сайд æрцыди æмæ фырмæстæй йæхи схъуынджын ко…та сфыдхъуын ко…та йæ сæрыл балæ…ыди æмæ за…та йе ме' дылы сæр кæдмæ а…тæ æнæрхъуыды уыдзынæ лæ…ын цъиу кæй асай…та уый ма мадæл цъиуы куыд æрцахсдзæн.*

9. Бирæ фæхоста йæ сæр: куы йын фæры…ти, уæд æй йæ гуыбыныл сæвæр…та æмæ йæ йæ дзæмбытæй рæвды…та.

10. Уæдæй – абонмæ гæды йæ сæр йæ гуыбыныл сæвæры.

*(Таурæгъ)*

*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

*1) Бафысс цухгонд дамгъætæ.*

*2) Банысангонд хъуыдыйæдты цухгонд æрхæцæн нысæнттæ сæвæр.*

*3) Текстæй рафысс æнгом дзырдбæстытæ (фразеологизмтæ), синонимтæ сæм ссар.*

*4) Дзырдтæ* ***фæхъазыди*** *æмæ* ***схъуынджын*** *морфемикон æвзæрст ракæн.*

*5) 8-æм хъуыдыйады ссар здæхгæ номивæг, атасындзæг æй кæн, номдарты хауæнтæ фæбæрæг кæн.*

*6) 4, 6-æм хъуыдыйæдтæ рафысс, синтаксисон æвзæрст сæ ракæн.*

*4- æм хъуыдыйадæн графикон схемæ скæн.*

*2. Мивдисджытæн бацамон сæ цæсгом, нымæц, афон (кæм æмбæлы, уым), хуыз, здæхæн:*

карстаиккой –
фысдзыстæм –
барвитон –
æрластай –

*3. Хъуыдыйæдты уæлæмхæст хæйтты хуызтæ фæнысан кæн:*

***а) Арсæй куы тæрсай, уæд хъæдмæ ма цу.***

Бæрæггæнæны уæлæмхæст хай
Бадзырдон уæлæмхæст хай
Æфсоны уæлæмхæст хай

***æ) Бæлас куы акæлы, уæд йæ сыхагыл банцайы.***

Афоны уæлæмхæст хай
Нысаны уæлæмхæст хай
Архайды хуызы уæлæмхæст хай

***б) Абон дæ куыд хъæуы, райсом дæр дæ афтæ хъæудзæн.***

Æмбарынгæнæн уæлæмхæст хай
Архайды хуызы уæлæмхæст хай
Бæрæггæнæны уæлæмхæст хай

*4. Рæдыд уагъд ис дзырды*

а) ныккæрдздзыстæм
æ) сæрттывтой
б) скъуыддзаг
в) ныссудздзысты

*5. Дзырдбаст нæ аразынц*

а) номдар миногонимæ
æ) мивдисæг мивдисæгимæ
б) номдар фæсæвæрдимæ
в) фæрсдзырд мивдисæгимæ

*6. Ахастæвдисæг миногон ис хъуыдыйады*

а) Хорз адæймаг йæ хъуыддæгтæй бæрæг вæййы.

æ) Сæрдыгон фæлмæн къæвда бафсæста зæхх донæй.

б) Уазал рæстæг скодта.

в) Ныллæг коммæ мæм урс цъити цæхæркалгæ æрзынд. *(А. Б.)*

***7.*** *Дзырдты ныхмæ антонимтæ ныффысс:*

лæгъз – …
цæхджын – …
рынчын – …
тыхджын – …
фидар – …
рагон – …
бæзджын – …

*8. Мивдисджытæн 1-аг цæсгом нæй*
а) бадзырдон здæхæны
æ) æргомон здæхæны
б) фæдзæхстон здæхæны
в) бæллиццаг здæхæны

*9. Æрхъуыды кæн æмæ ныффысс ахæм хъуыдыйæдтæ:*

а) хуымæтæг цыбыр хъуыдыйад æмхуызон зæгъинæгтимæ;

æ) бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад ныхмæвæрды бæттæгимæ;

б) иувæрсыг даргъ хъуыдыйад;

в) домгæвазыгджын хъуыдыйад афоны уæлæмхæст хаимæ.

*10. Ныффысс цыбыр сочинени-æрфыст ахæм темæйыл: «Дæуыл у мæ зарæг, Ирыстон!»*

***Солтанты Джульетæ,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы ахуыргæнæг

## ОЛИМПИАДОН ФÆРСТЫТÆ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ

### 9-æм кълас

1. О, нæ хæхтæ, нæ бæстæ! –
Нæ хистæртæ куы сдзырдтой, –
Цард н ’агурæм уæ фæстæ! –
Тынг сæхуыдтæг куы скуыдтой.

*Цавæр аивадон мадзалæй пайдагонд цæуы ацы рæнхъыты?*
*Цы зоныс æмдзæвгæйы авторы тыххæй?*

*2. Цавæр ирон æгъдæуттæ æвдыст цæуы Хъаныхъуаты Иналы очерк «Ирон хъæуы»?*

*3. Баххæст кæн цухгонд бынæттæ.*
Хетæгкаты Къоста райгуырд ….. азы, ……… хъæуы. 1871 азы ахуыр кæнынмæ бацыд ……. ………………… Фæстæдæр та – ………………….. Йæ уарзон Ирыстонæй йæ фыццаг хатт ахастой …….. азы. Йæ чиныг «Ирон фæндыр» мыхуыры рацыд …….. азы, йæ редактор уыди ……….. …………… Къоста хаст æрцыд …………………… Амард ………. азы.

*4. Равзарут Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Хæрзбон!..» (æмдзæвгæйы темæ, сæйраг хъуыды, лирикон геройы сагъæс æмæ а.д.).*

*5. Цы у романтизм? Ирон литературæйы романтизмы уагыл цавæр уацмыстæ фыст сты?*

*6. Ахицæн кæн дыууæ къордыл Къубалты Алыксандры кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы архайджыты. Ратт дыууæ къордæн дæр цыбыр характеристикæ.*

*7. Дарддæр ахæццæ кæн Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Катай»-ы рæнхъытæ.*
Тыхгæнæг хæддзумæ кæд искуы фæндонæй, …

*8. Скъуыддзæгтæм гæсгæ базон уацмысты авторты æмæ архайджыты.*

1). Райсомæй æрцæуæд ауыгъд! – бардзырд рахаста цæхгæр.
2). Афон у хæцæнгарзæн хæрзбон зæгъын æмæ дзывырыл æрхæцынæн.
3). Дæ бар – дæхи, фæлæ-иу кæс!

*9. Ныффысс цыбыр сочинени-тæрхæттæ ахæм темæйыл:*
«Хетæгкаты Къостайы поэмæ «Фатимæ» кæсгæйæ, æз банкъардтон ….»

*Созырыхъойы радзырд «Дыууæ къæрныхы»? Куыд баст у радзырды мидисимæ?*

*9. Цавæр оператæ фыст æрцыд Хетæгкаты Къостайы уацмыстæм гæсгæ?*

*10. Ныффыссут цыбыр таурæгъон сочинени ахæм темæмæ гæсгæ:*
«…Кæй дарай хъыг, уый искæд бон кæй сыстдзæнис» (Барахъты Гинойы кадæг «Азджериты Куыцыкк»-мæ гæсгæ).

## 10-æм кълас

*1. Ранымайут фыццаг ирон журналты нæмттæ, кæд райдыдтой цæуын, чи уыдысты сæ редактортæ.*

*2. Дарддæр ахæццæ кæнут абырæг Батырбеджы ныхæстæ.*
«Æз дæн хуыснæг. Фæлæ уæд ды та дæ дыууæ хуыснæджы, дыууæ æвзæргæнæджы……. *(Коцойты Арсен «Æмбæлттæ»).*

*3. Гæдиаты Цомахъы драмæ «Ос-Бæгъатыр»-ы Гæбайы трагедийы аххосаг цы у?*

*4. Цы у поэмæ? Ирон литературæйы поэмæтæ чи ныффыста?*

*5. Барахъты Гинойы кадæг «Азджериты Куыцыкк»-ы цы домы Бæстырæсугъд?*

*6. Базонут æддаг бакастмæ гæсгæ уацмысы сæйраг архайæджы.*
«Æнæнымæц азтæ уæззау пъæззыйау тасын кæнынц зæронд уæхсчыты зæхмæ. Нал уромынц домд лæдзджытæ-къæхтæ уыцы уæз, æртæстытæ кæнынц, æмæ къухтæ нындæгъдысты æртыккаг къахыл – тæгæр къокъоци лæдзæгыл. Æмпылдæнцъылдтæ у цæсгом, къæдзæхы скъуыдтау…»

7. «Мæ ирæд хорз бафыстон, Мæхæмæт! Афтæ дæр вæййы».
*Куыд æмбарут Габейы ацы ныхæстæ? (Хъуылаты Созырыхъо «Иудзонгон»)*
*8. Цавæр эпиграфæй райдыдта Хъуылаты*

## 11-æм кълас

*1. «Мæнæн мæ бынат быдыры и, хъæуы ис!»*
Кæмæн загъта Ирæ ацы ныхæстæ æмæ сæ цæмæ гæсгæ загъта? Разы стут Ирæимæ? (Гафез «Уæ бонтæ хорз, адæм!»)

*2. Цавæр ном ныффидар Ирæйыл йæ фыццаг къахдзæфтæй? Куыд ын æмбарын кодта шофыр Сосе йæ мидис? (Гафез «Уæ бонтæ хорз, адæм!»)*

3. *Бамбарын кæнут ацы рæнхъыты хъуыды:*
«Æз ирон салдат Бындзыг дæн,
Мæн хуыдтой кæддæр Будзи дæр».

4. «Цавæр диссаджы фæндыр у? Кæм дзы цъиуты цъыбар-цъыбур райхъуысы, куы æхсæрдзæны хъазт, кæм дæтты зарæг, куы зæрдæйы сусæг улæфт, кæм та мады æнæфæуд хъарæг. Куыд фæразынц йæ лыстæг хъистæ уый бæрц æнкъарæнтæн?»
*Кæй цагъдмæ хъусгæйæ загъы афтæ Афай? Афтæ тынг ын цæмæй бацагайдта йæ зæрдæ фæндыр? (Цæгæраты Максим «Мады зарæг»)*

*5. Цы фæдзæхсы фыд йæ фыртæн Цæрукъаты Алыксандры уацмыс «Ныхас авдæны сывæллонимæ»-йы?*

*6. Ранымайут Джусойты Нафийы роман «Фыдæлты туг»-ы сæйраг архайджыты нæмттæ.*

7. «О, стыр Хуыцау, кæд искуы а дунейыл ныййарæг мад амондджын фæци, уæд абон уый æз дæн. Мæ цин зæгъын куы нæ арæхсы ме ’взаг…»
*Цæмæй хоны йæхи уæлдай амондджын абон Госæма? (Гаглойты Владимиры «Ныййарæджы кадæг»)*

*8. Бестауты Георги йе ’мдзæвгæ «Ныстуан мæ фæдонмæ»-йы кæй ном ары? Цы фæдзæхсы фæсивæдæн?*
*9. Цы у анафорæ? Ирон фысджыты уацмыстæй анафорæйæ пайдагонд кæм цæуы, ахæм дæнцæг æрхæссут.*

*9. Программæйæ ист уацмыстыл æнцой кæнгæйæ, ныффыссут цыбыр сочинени-тæрхæттæ:*

«Зæххыл цы стырдæр хæст æрцыд, гъе уым ирон туг дæр ныккалд» (П. Г.).

Научно-методический журнал

**ПРОСВЕТИТЕЛЬ**
2(2011)

Технический редактор А.Ю.Цопанова
Компьютерная верстка Е.Н.Маслов
Оформление обложки Е.Н.Макарова

Подписано в печать 17.08.2011. Формат 60×84 1/8.
Усл. печ. лист 7,1. Гарнитура «Times».
Бумага офсетная. Печать цифровая. Тираж 500 экз.

ИПО СОИГСИ им. В.И.Абаева ВНЦ РАН
и Правительства РСО-Алания

362040, г.Владикавказ, пр.Мира, 10